Ko Hupenyu Hwako Hwakakodzerana Here NeEvhangeri?

Ngatirambei takamira kwekanguvana, apo tichikotamisa misoro yedu iye zvino nokutarisa kunaShe. Kana paine zvikumbiro zvinoda kuziviswa kuna Mwari, mungasimudza here ruoko rwenyu kwaAri panguva ino zvino, *sezvizvi,* mobata pamwoyo wenyu icho chamunoda.

2 Baba vedu voKudenga, tinotenda nokuda kwerimwezve zuva. Zvino ratotanga kupera; richange rava nhoroondo. Shumiro dzamangwanani ano dzatopera. Mashoko ataurwa atova mumhepo, patepi, uye tichatosangana Naro rimwe zuva. Richafanira kuve rechokwadi kana nhema. Uye ti—tinotenda kuti Nderechokwadi, nokuti IShoko Renyu.

3 Zvino, tinonamata kuti Muchapa kwatiri, manheru ano, zvikumbiro zvatiri kukumbira. Namaoko edu, takasimudza, tichikumbira zvikumbiro. Imi manga muchiziva zvatanga tichishuvira, uye nezvatiri kukumbira. Naizvozvo tinonamata kuti Muchatipindura, Ishe, uye nokutipa zvishuwo zvemoyo wedu, ndokunge zviri zvokuti, kana tikagona kuzvishandisa kuremekedza iMi. Zvigoverei, Ishe.

4 Poresai zvirwere zviri pakati pedu. Bvisai chivi chose nokusatenda. Tipeiwo Zvenyu . . . chikamu chemaropafadzo eNyu zvakare, manheru ano, Ishe, apo patiri kufungisisa pamusoro peShoko, uye nenguva yatiri kurarama. Taungana pamwe chete, Baba, kwete nechimwe chinangwa asi kuedza kudzidza kurarama zviri nani, uye nokurarama tiri pedyo neMi. Nokuti tiri kuona zuva riri kuswedera, uye tinofanira kunyanya kuungana kakawanda, nokutora kurairwa kubva kwaMuri. Zvigoverei, Baba, nemuZita raJesu. Ameni.

Maita henyu. Garai henyu pasi.

5 Ndinoziva kuti kuri kudziya zvakaomarara, uye nzvimbo yose yakazara. Tine urombo hatina zve . . . muchina unopa mhepo inofefetera kutonhorerwa. Uye ini . . . Pamwe zvichazo . . . Pane zvinhu zviviri zvandiri kuda kuitira chechi, kana ndichinge ndangodzoka nenzira yandiri kuda, kana ndikanyatsodzoka kumisangano zvakanaka. Ndinoda pi—piyano, painogara nenzira *iyi,* kuitira kuti muridzi we piyano anenge akatarisa nechekuungano. Ndinoda ogani nechekurutivi *uko*; uye nemuchina unopa mhepo inofefetera kutonhorera.

Ipapo ndinozonyatsonzwa kuti ndizvo chaizvo. Saka isu tiri . . . Tichavimba naShe, uye tinoziva kuti Iye achazvipira kwatiri.

6 Ndinotenda, zvandaudzwa, Hama Hickerson vachangobvisa *izvi* kubva mumagazini. Vazviisa padhesiki rangu shure uko. Ndiro riya boka reNgirozi dziri mumagazini dzakataurwa nezvadzo. Muri kuona chimiro sepiramidhi? Tarisai Iyi iri kurutivi *urwu*, bapiro rakanotesva, ichiuya yakabuditsa dundundu kunze sezvizvi, kuruoko rwangu rwerudyi. Sezvandakataura papurupiti ino imwe chete, mwedzi nemwedzi nemwedzi yakapfuura, maona, hezvoka Izvo. Uye *Look* maga-. . . Kana kuti, *Life* magazine inaZvo, ye—ye mwedzi waChivabvu, Chivabvu 17, ndinotenda ndizvozvo. Ndizvo here? Yemwedzi waChivabvu 17, wacho. Mai Wood vanga vachinditaurira nhasi kuti vazhinji vavafonera vachibvunza. Zviri mune yemwedzi waChivabvu, Chivabvu 17.

7 Igore rechakavanzika. Gore racho rakareba mamaera makumi maviri nematanhatu uye rakapamhamha mamaera makumi matatu. Zvino ndizvo zvatanga tichitaura nezvazvo pano. Ndipo apo Ngirozi yaShe yakaburuka ikazunguza nzvimbo. Uye yose . . . Zvakaita ruzha . . .

8 Ndinoziva pane murume mumwe chete, kana . . . Ndinofunga, Hama Sothmann, ndavaona chinguvana chapfuura, pane imwe nzvimbo. Vari pano. Vanga vakamira . . . Hongu. Chaizvo shure *uku*. Vakange vamire pedyo pazvakaitika. Ndinofunga ndakange ndisiri kure zvakanyanya kubva pavari. Ndichangobva mukuvaona, ndaedza kuvasimudzira ruoko. Chete, ndainge ndiine magirazi avo anoona zviri kure. Ndezvekuti, mhu—mhuka, idzo takange tiri kuvhima, dzaka . . . Dzakanga dzisiri pagomo iroro. Zvino yakaenda kune rimwe gomo. Ndakazodziwana, nezuro wacho, ndikavaudza kwavaifanira kuenda. Ndazoenda *uku,* kwekuti, kana idzo dzaizouya naikoko, ndaizongopfura muchadenga ndodzivhundutsa dzomhanyira nenzira iyoyo, kuti ivo vazowana dzavo—dzavo—dzavo mhuka dzavo. Saka, inguruve dzemusango ndizvo zvadzaiva.

9 Saka zvino ndakaenda nokuku, norutivi urwu, dzakanga dzisiko. Dzakanga dzisiri kumativi ose. Ndakaona Hama Fred vachifamba vachibuda, zvino dzakanga dzisipo. Vakadzokera, zvino Hama Norman vakabva vakwira nechikomo. Zvino ini ndakakomuka, ndokudzika nakamukaha ndokuzokwira, ndingori ndega, chinhambwe chingaita maera nehafu munharaunda dzakanyatsokwasharara. Zvino ndakazogara pasi ndichingo tarisa-tarisa. Akange ava masikati makuru zvino.

Zvino ndakange ndichibvisa zviya, zvatinoti ikoko, chaguduma. Chinhu chakaita setsine. Ndichizvibvisa kubva pagumbo remudhebhe wangu, chaiyo iyo mhando yedzimwechetedzo dzandakazviona ndichiita zvandaive

pano ndichikutaurirai pamusoro pechiratidzo, mwedzi mitanhatu, zvakada kudaro, zvisati zvaitika. Ini ndikati, "Izvi zvinoshamisa. Tarisai muone kuti ndiri kuchamhembe kweTucson zvakakwana sei, zvingaite kuchamhembe kwakadziva kumabvazuva. Zvinoita . . . "

"Tucson," rangarirai, ini ndakati, "kumawodzanyemba kwakaita kumabvazuva zvishoma."

Zvino ini ndikati, "Izvi zvinoshamisa." Ndakanga ndakatarisa tsine, sokudai *izvi,* ndichidzibvisa kubva pane rangu . . . dzakawanda, kubva pamakumbo emudhebhe wangu. Kana usati wamboendako, idunhu regwenga. Hakuna kuita sokuno uku, zvachose. Kunopenya zvakapetwa makumi maviri; uye hakuna miti nezvinhu zvakaita sezviri kuno. Kune madhorofio nejecha bedzi.

10 Saka ini—ini ndainge ndakangotarisa, sa*izvozvo*. Ini ndokungosimudza meso angu mudenga. Zvino zvingaite, ndingati, hafu yemaera kubva pandiri, ndakaona musoro wese we . . . danga renguruve dzemusango, dzivete, idzo dzichibuda nokumucheto, uko kwadzakanga dzichidya paiva nemashizha akawanda. Zvino ini ndokufunga, "Iye zvino, kana ndikagona kuita kuti Hama Fred neHama Norman vasvikepo, ndiyo chaiyo nzvimbo yacho."

11 Uye manheru akanga apfuura, Mweya Mutsvene wakanga uchiropafadza zvikuru mumusasa, zvokuti Iye aindiudza zvinhu zvakange zvakaitika uye nezvaiitika. Ini ndakatozosimuka nokufamba ndichibva pamusasa wangu.

Zvino, mangwanani iwayo akatevera, ini ndakanga ndakwira kumusoro ikoko. Uye ini ndokutanga . . . Ini ndikati, "Zvino, kudai ini ndikagona kusvika kune Hama Fred, ndichavatenderedza negomo rino," zvingaite ma—maera nenzira *iyi*. Ndaifanira kufamba angaite—angaite mamaera mairi, kana kupfuura, ndovatora, pamwe matatu. Ndodzoka nekuno *uku*, nepakatundumara ndichidzika pandingati musana wenguruve, ndouya nokuku, kukwira napamusoro pemakomo akakwasharara aya, akakwasharara, zvino ndokumhanya ndichidzika nenzira *iyi,* ndodimbudzira ndosvikako, zvino ndodzika ndakananga ne*uko* ndovatora. Zvino ivo vaifanira kudzika kusvika kuzasi kwegomo, kuti vatore Hama Norman, zvaizenge zvichitora mamaera angaita mana kana kuti mashanu, zvino vozodzoka. Zvino ndaifanira kuisa ka—kachidimbu kaduku kenamo ye Kleenex apo pandaizorembedza chidimbu che—chehukwe ipapo, kuitira kuti ndigozvinongedzera dhunduru rokubuda naro kana ndadzoka.

12 Zvino ndakanga ndichingouya nepakachidhunduru apo pane matombo akakwasharara akawanda, uye pane ka—kanzira kenhoro kanodzika norumwe rutivi, zvingaite, o, mayadhi makumi mana, kana makumi mashanu muzasi memawere.

Dzaive nguva dzingaite, o, zuva ranga ratobuda, ndingati eight o'clock, kana nine. Mungafunga zvakadaro, Hama Fred, pamwe nguva dza nine o'clock, kana zvakadaro? Ini ndakamhanyira nokune rutivi *urwu*, nokukurumidza, kuti nguruve dzemusango idzi dzisandione. Idzo injiri dzemusango, munoziva, uye dzinovhunduka chaizvo.

13 Saka ini—ini ndakakwira chikomo nenzira *iyi,* ndokudimura, ndokutanga, ndokumhanya ndichikwira chikomo. Zvino ini ndakangonhanya, nekakungo, katingati, kakunzunzuta kembwa. Zvino chiriporipocho, nyika yose yakatinhira. Handisati ndakambonzwa kutinhira kunotyisa zvakadaro! Kwakangozunguza, uye mabwe akakunguruka. Uye ndakanzwa sokunge ini—ini ndakaita sokunge ndasvetuka mafiti mashanu kubva pasi, zvakaita sokudaro. Zvakango—zvakangondityisa. Ini ndokufunga, "Oh, ini zvangu!" Ini ndakafunga kuti ndakange ndapfurwa. Kuti mumwe munhu . . . ini ndakange ndakapfeka ngowani nhema. Ini ndakafunga kuti vaingodaro vakafunga kuti inguruve yemusango iri kumhanya ichikwira gomo, nokudaro pane andipfura. Zvakanyatsoita ruzha, pandaive chaipo, saizvozvi. Zvino, pakare-pakare, chimwe Chinhu chakati, "Tarisa kumusoro." HeZvoka apo. Zvino Iye akandiudza, "Uku ndiko kuzarurwa kweZvisimbiso Zvinomwe zviya. Komuka udzokere kumusha." Saka, hepanoi ndauya kuno.

14 Ndakasangana neHama Fred naHama Norman, kwapera nguva ingaite awa imwe chete, pandakavawana. Vairatidzika sevainguno fara fara uye vachitaura pamusoro pazvo. Hezvoka izvo. Vezvesainzi vanoti hazvigoneke kuti—kuti mhando ipi zvayo ye—yemhute kana chii zvacho chingasvika pakareba zvakadaro, mhute, mhepo yamakore. Maona? Inongosvika chete . . . Ini handingazivi. Ini—ini . . .

15 Isu, patinoenda mhiri kwamakungwa, tinofamba tiri pamafiti zviuru zvipfumbamwe. Izvozvo pamusoro pemadutu. Idzodzo dzingangosvika mamaera mana. Zvino toti, ngatitii, pamwe mamaera gumi nemashanu hauchakwanisa kuwana hunyoro hwemhepo yemakore. Asi izvi zvaiva mamaera makumi maviri nematanhatu, uye gore iri rakarembera ipapo kwezuva rose. Maona? Havana kuziva kuti chaiva Chii. Asi, Ishe ngavatendwe, isu tinoziva.

Ndatenda, Hama Hickerson. Ndichazvichengeta padhesiki rangu mukati imomo. Zvino patichazonyora bhuku, seizvi, zvino tinozova nazvo.

16 Ndine katsamba kaduku kandapiwa. Ndinotenda kuti takawedzera huwandu hwedu kubvira pandakanga ndiri pano kokupedzesera. Ndinotenda zita rake ndi—ndi . . . kungotiwo, zita rababa vake, David West. Uye vane kamuchinda kaduku kavari kuda kukumikidza kuna Ishe. Ndizvozvo here? Zviri

kuitwa manheru ano, kana kuti manheru eChitatu? Handizive. Zvine. . . Nhasi manheru? Zvakanaka hazvo. Zvakanaka, ko zviya. . . Ndiwe David, handiwe here? Ndizvo zvandanga ndichifunga kuti uri. Zvose zvakanaka. Ko mukaunza zvenyu kamuchinda aka kumusoro kuno?

Dai hanzvadzi yedu yauya kuno kupiyano iyi, votipa rumbo *Vaunzei Mukati*. Mufudzi, dai vakauya, kukwira iko kuno, zvino tichazokumikidza kakomana kaduku aka kuna Ishe. Zvino, isu tinoedza kuzvichengetedza zviri muMagwaro.

17 Uyu muzukuru wenyu, Hama West. Hazviiti sokunge ndizvozvo, kuti zvinodaro? Hanzvadzi West, munofungei pamusoro paizvozvo? Hazvi. . . Munoziva zvandiri kufunga, kunyange zvakadaro? Ini munoziva, ini ndiri vasekuruwo, zvekare.

Izvi zvinondirangaridza Hama Demas Shakarian. Vaive vakamira pamberi pechita chavanhu chakakura kwazvo. Vanopesanisa zvinhu zvose sezvandinoita, munoziva. Ivo vakange vamire apo. Ivo vakati, "Imi munoziva," vakati, "Ini—ini ndakataurira Rose, ini ndikanzwa," ndiye mudzimai wavo, vakati, "ndiri kunzwa kunyanya kukwegura kubvira pandakava ambuya." Ivo ndokuti, "Kwete. Ndinoreva vaseku-. . . " Munoziva, ini. . .

18 Hamusi moga, Hama West. Vakawanda vakadaro imo muno. Uye zvakangonaka. Ndinofunga kuti tinonyatsoyemura vazukuru vedu. Izvi hazvi. . . Ndinovimba kuti izvi hazvinzwikwe sezvakaipa. Asi tinokwanisa kuva nenguva yakawanda navo, ndinotenda kudaro, kupfuura zvatakaita nevana vedu—vedu. Ndakabvunza mudzimai izvozvo, nerimwe zuva. Ndakati, "Chokwadi. Iwe chingovada kwakanguva, wovadzosera kuna amai vavo, uye woenderera mberi."

19 Zvino, ini ndine kamuzukuru kakomana shure uko. Iye akati, "Papa, paridza. Papa, paridza." Zvino vakatora mupiro neSvondo yapfuura manheru, uye ndokuisiya iri patafura. Zvino vakamupinza mukati, seri uko, uye—uye akandinzwa kubudikidza nemaikorofoni. Iye akati, "Papa, paridzai. Papa, paridzai."

Uye Billy akati, "Hongu, kumusoro *uko*."

Iye akati, "Kwete." Zvino mupiro wose wakabva wawira pasi pose. Iye—iye aida kubuda kuuya kuno, munoziva. Uye anogara achingodaidzira kwandiri, munoziva, akandiona pamusangano upi zvawo. Uye anodaidzira, "Papa, paridza." Akanyatsodaidzira zvine ruzha. Saka ndinoziva kuti vanonakidza.

Nhandi, handizive kana ndingangogona kukwereta rimwe revhudzi iro? Iye haadi kurishandisa panguva ino. Ini ndinorida. Anonzi ani zita rake? [Hanzvadzi West vanoti, "David Jonathan."—Mupepeti.] David Jonathan.

Handi zita rakaisvonaka here? Zvakanaka, ndinovimba kuti hupenyu hwake huchatevedza avo vaakatumidzwa mazita avo. David, mambo, Dhavhidhi; uyo, Kristu ari kuzogara pachigaro chake; uye zvakare Jonathan, shamwari inodikanwa. Ndi—ndinokuudzai, tuvanhu tuduku twakaisvonaka. Isu tinovayemura, zvikuru. Ini . . . Iye ari kumuka. Uye anokwanisa—anokwanisa kudaidzira "ameni" sokungokwanisa kunoita vamwe vose, munoziva, saka tinongoita kuti zvisatinetse. Isu tiri kumukumikidza kuna Ishe.

Ini ndinofunga kuti zvinonyatsotapira, kuva nevaviri vabereki vechidiki, avo Mwari akavapa kuchengeta muduku uyu sezvizvi, uye vouya kuti vagomupa iye kuna Ishe. Uye mukadaro, zvinoratidza kuti imi hamusi . . . kuti muri kudzosera kunaMwari izvo Mwari zvavakapa kwamuri. Mwari vamuropafadze.

Zvino, kana imi muchida kumubata, ndinotenda pamwe amai vanonyatsomubata zviri nani zvishoma kupfuura zvandingagona. Ko kungoti isu tigoisa maoko paari? Mungada kuita izvozvo here? Nokuti, ini ndinotya kuti ndingamudonhedza kana kuti, kwete kumudonhedza, kumutyora kana chimwe chakadaro, munoziva. Ini ndakagara ndichitya kuvatyora, munoziva. Wangu—wangu . . .

Meda akati, shure uko . . . Ndinofunga iri ndiro basa rimwe chete papuratifomu iro mudzimai wangu anondiitira godo, munoziva. Anoda kubata ivo . . .

Zvakanaka, tarirai pano, ari kuzonditarisa. Mukomana kwaye. Hongu, changamire. Pamwe ndingagona kumubata. Handizivi. Oh, hanzvadzi, musa . . . Ndinovimba kuti haawire pasi. Tarisai, haanakidze here? Izvi zvakanaka? Ko wakadini? Zvakanaka, zvino, kutapira.

Ngatikotamisei misoro yedu.

Ishe Jesu, makore mazhinji akapfuura, apo Chikristu chakaberekwa muchimiro cheMunhu ainzi Kristu, Mhesiya akazodzwa, Jesu ndiro raiva Zita raKe. Vanhu vaiunza tusvava twavo kwaAri, kuti Iye aise maoko aKe pavari uye nokuvaropafadza. Uye Iye akati, "Regai vana vadiki vauye kwaNdiri, uye musavarambidze, nokuti vakadai ndivo veHumambo hweKudenga." Vaviri ava vakaisvonaka, ana vasekuru vavo nevamwe vanga vari vateveri vechokwadi veShoko.

Ishe Jesu, ndinounza, uye nokubata nokuisa kwaMuri, manheru ano, mufudzi uye neni, muduku akaisvonaka uyu David Jonathan West. Ndinomupa kwaMuri, ndichimutora kubva kuna amai nababa. Ndinomuisa kwaMuri, Ishe, kuitira hutano, simba, hupenyu hwakareba hwekukushumirai, kuti aremekedze Mwari Samasimba, Iye akamuunza munyika ino. Dai maropafadzo aMwari azorora paari. Dai Mweya Mutsvene

wazorora pamusoro pemwana. Kana kuine ramangwana, dai akatakura iyo Evhangeri iyo vabereki vake naana vasekuru vake vanokoshesa nhasi. Zvigoverei, Ishe. Zvino, muZita raJesu Kristu, ini ndinopa kwaMuri mwana uyu, mukumikidzo youpenyu hwake. Ameni.

Ndinotenda kuti vari kuda kutora mufananidzo we pikicha yekakomana kaduku. [kamera inotekenya—Mupepeti.] Ini ndasvetukawo, zvekare.

Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Dai mukagara muchida nokufarira Ishe Jesu, uye dai kakomana kaduku kakudzwa nerairo yaMwari, mugova nekakomana kaduku kakaisvonaka. Ndine chokwadi chazvo. Mwari vave nemi.

Ndinotenda adonhedza pasi kachivaraidzo kake? Vakawana here? Oh, ini zvangu!

Zvino ngatiimbei kachimbo kaduku kaya, *Vaunzei Mukati.* Munhu wose, pamwe chete zvino, kuimbira kakomana kaduku aka. Zvose zvakanaka, hanzvadzi.

Vaunzei mukati, vaunzei mukati,
Vaunzei vaduku kuna Jesu.

20 Ini handizive maoko ari nani okuvaisa maari. Ko imi? Maoko aTenzi Jesu!

21 Zvino, ndinoziva kuti kuri kupisa kunze uko. Ndinoda kuudza munhu anochengetedza nzvimbo ino iyi, munun'una wangu, Doc, kana mumwewo, ivo vamwe vanochenesa nokuchengetedza nzvimbo ino. Dzimwe hanzvadzi dziri kusvibiswa marokwe adzo nema—nemafuta ari pachigaro. Handizive kuti vangani vane hanzu dzasvibiswa nemafuta aya? Ndinoziva, pane mudzimai wangu, vanasikana vangu vaviri, Betty Collins muduku, Mai Beeler, vamwe vavo. Chimwe chinhu, chakaita semafuta ipapo. Kana mukazogona kuzviongorora, Doc, pamunowana nguva. Ndeapo, ndinotenda, ndipo pavano . . . Mafuta egirizi kana kuti ipendi, kana chimwewo, ipo pavanoshandira vachikwira nokudzika, zvigaro. Zvino handizvo? [Hama Edgar "Doc" Branham vanoti, "Hapana mafuta pazvigaro, ekuti angasvibise."—Mupepeti.] Zvakanaka, ha—handizivi kuti chii chacho, zvino. Pane chandaingo . . . Chaziviswa kwandiri, zvino ini ndokuti ndichazivisa izvi kuna—kuna Doc. Zvose zvakanaka.

Zvino, musangano wemunamato wemanheru eChitatu. Pane zvimwe here? Mazvizivisa? Maita zviziviso zvenyu here, Hama Neville? Zvose zvaitwa.

22 Zvino, kana Ishe vachitendera, mangwanani eSvondo inouya, ndinoda kutaura pamusoro pechidzidzo chekupomera chizvarwa chino mhosva yokuroverera Kristu. Iwe ungati, "Chizvarwa chino hachaigona kuzviita." Isu tichaona kuti vakazviita here, kana kuti havana, maererano neShoko. Zvino,

iSvondo inotevera mangwanani, kana Ishe vachitendera. Kana, zvino, kana—kana—kana chimwe chinhu chikaitika . . .

23 Ndinofanira kunge ndiri kuHouston svondo rino, zvakare, mumusangano, uchindisunga kusvikira musi weSvondo, naizvozvo handizivi kuti ndichakwanisa here kana kuti handikwanise. Asi tine imwezve misi yeSvondo yatinogona kushandisa, nguva iyi isati yasvika, kunyange zvakadaro. Zvino tichazoenda kuChicago kumusangano, kana kuti shumiro kuChicago, vhiki rokupedzisira remwedzi uno. Uye zvakare ndinofanira kudzosera mhuri kuArizona, nokuti—nokuti zororo ravo rakapera uye vana vanofanira kudzokera kuchikoro.

24 Zvino, vangani vafarira kuverengwa kweShoko, uye nemaropafadzo aShe? [Vungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Tose tinodaro, zvikurusa.

25 Zvino, kuri kupisa, uye ndinoziva kuti vamwe venyu vachadzokera kumba manheru ano. Ndinoziva Hama Rodney naCharlie, uye nevamwe, vanofanira kutyaira rwendo rwakareba. Zvino mirai zvishoma, muri pazororo, hamusi here? Zvakanaka, ndanzwa kuti muri kuenda kunoraura.

"Ishe havaverengi nguva kumunhu kana achiraura. Hauchembere paunenge uchiraura." Saka, zvino, imi vasikana endai navo. Maona? Uye ini ndichadzikako nokuzoraura nemi, kana ndakwanisa. Uye imi munoziva, "Ishe vakanaka," zvakanzi, "hauverengi nguva pamunhu paanenge ari kunze uko achiraura." Nyanyisa kuzviita pauno—paunonzwa kukanganisika. Ndicho chinhu chakanakisa chokuzvivaraidza nokuzorodza pfungwa pachiri, chandati ndamboona muupenyu hwangu, ndiko kuenda kunoraura.

26 Ndakange ndine kakadhi kaduku, imwe nguva, kubva kuna VaTroutman. Pane anorangarira VaTroutman here, kambani yechando che ice muNew Albany? Vaive nekakadhi kaduku ipapo, kaiti, "Tabuda kuenda kuno raura." Ndokuendera mberi, ndokuti, "Munhu ane . . . Munhu wose, nehama dzake, vaenda kunoraura. Noruoko rwekubatsira, vanogara vachibatsira, vaenda kunoraura." Paiva nezvinhu zvingaite zvisere kana gumi zvakasiyana-siyana. Zvino paakasvika nechepazasi, pakanyorwa zvikanzi, "Munhu ari pedyosa naMwari kana ari kunze achiraura." Naizvozvo ndinofunga kuti ndizvo chaizvo. "Vapfumi navarombo vakangofanana, kunze uko vachiraura." Maona? "Ruoko rwekubatsira, iye anogara achitambanudza, kunze uko achiraura." Uye zvinhu zvose zvaingova zve, "Kunze uko kunoraura."

27 Zvakanaka, ini ndichakuudzai nezvekumwe kuraura kwandanga ndichiita kwamakore angaita makumi matatu nematatu apfuura, kwanga kuri kuraura mweya yevanhu. Dai Ishe vatibatsira kuwana mumwe nemumwe watingagone kubata.

28 Zvino, manheru ano, vari kutepa. Zvino, mangwanani ano, (kana Jim ari pano, kana kutepa), ndi—ndinofunga, patepi, mumwe munhu andichechutsa pazviri, ndati, "Eksodho yechipiri." Ndanga ndisingarevere *yechipiri.* Ndi, "Eksodho yechitatu."

Mweya Mutsvene uri muchimiro cheShongwe yeMoto, Mwari achiburuka mukuratidzwa, akaunza kubuda kwekutanga, uye—uye shure mu. . . akabuditsa Israeri kubva muEgipita.

Eksodho yechipiri yaiva Kristu achibuditsa Chechi kubva muchiJudha.

Uye, *Eksodho Yechitatu,* ndipo apo Shongwe yeMoto imwe chete inotora Mwenga kubva muchechi. Maona? Kubuda kubva mune zvepanyama; kubuda pane zvepamweya; uye zveMweya kubva mune zvemweya. Izvo zvitatu, maona, zveMweya kubuda kubva muchechi, waro. Zvino towana izvo zvitatu, mazera matatu azvo.

29 Zvino, manheru ano, ndanga ndichida kugadzira imwezve tepi, uye inganzi: *Ko Hupenyu Hwako Hwakakodzerana Here NeEvhangeri?* Pamwe haingatora nguva yakareba. Zvakanaka, pangori naMagwaro nezvinyorwa zvandinazvo pano, asi kutanga tinoda kuverenga Shoko raMwari. Tisati tadaro, ngatingokotamisei mwoyo yedu kwaAri kwekanguva.

30 Ishe Jesu, murume upi zvake, akasimba, kana mudzimai, kana mwana, anogona kufambisa mapeji ekushure kweBhaibheri iri, asi hapana anogona kuRizarura kunze kweNyu. Ndinonamata, Ishe, pamusoro pekutora chidzidzo ichi sezvachaiswa pamoyo wangu kuti nditumire kwose kumarudzi, kuvanhu, kuti vakwanise kuzviziva kuti imhandoyi yohupenyu hunodikanwa kubva kwavari kuti vararame. Nokuti, vazhinji vakandibvunza ini, "Ko Hupenyu hweChikristu hupenyu hwekungoenda kushumiro dzekuchechi here? Ko kubatsira varombo here, vanoshaiwa? Kana kuti inhengo yakatendeka nguva dzose? Kutendeka here kwekutendeseka kuchechi?" uye nemibvunzo yakadaro. Baba, dai mhinduro chaiyo yechokwadi yauya manheru ano, kubudikidza namashoko aya, apo tiri kuita iko kushingaira ku—kuaunza kuvanhu. NemuZita raJesu Kristu, tinozvikumbira. Ameni.

31 Zvino chizarurai mumaBhaibheri enyu, kuBhuku raMutsvene Ruka, uye tichatangira pachitsauko 14 uye pandima 16, tichaverenga mamwe Magwaro kuitira nheyo, kuitira hwaro, kune izvi zvatichaedza kupa maminitsi angaite makumi matatu kana makumi mana zvichienda mberi. Zvino, ndima 16 yechitsauko 14 yaMutsvene Ruka.

> *Iye akati kwaari, Mumwe munhu wakagadzira chirayiro chikuru, akakokera vazhinji:*

Akatuma varanda vake *nenguva yemanheru ndokurayira kuti audze vakanga vakokerwa, Vuyai; nokuti—nokuti zvose zvagadzirwa zvino.*

Ipapo vose vakatanga nemwoyo mumwe kuzvirevera. *Wokutanga akati kwaari, ini . . . ndatenga munda, ndinofanira kumbondovuona: ndinokumbira kuti undirevere.*

Mumwe akati, ndatenga nzombe dzamajoko mashanu, ndinoenda kundodziidza: ndinokumbira kuti undirevere.

. . . mumwe akati, ndawana mukadzi, . . . naizvozvo handingavuyi.

Nokudaro *muranda akauya,* akaudza *ishe wake izvozvo* zvose. *Ipapo mwene weimba akatsamwa akati kumuranda wake, . . .*

Cherechedzai, havasi *varanda.* "Muranda."

. . . Kurumidza ubude kunzira huru neduku, uye nomumaguta, *uvuye pano navarombo, nezvirema, novanokamhinha, namapofu.*

Zvino *muranda akati, Ishe, izvo zvamaraira zvaitwa, asi nzvimbo ichipo.*

. . . ishe akati kumuranda, Buda kunzira nokuruzhowa, uvagombedzere vapinde muno, kuti *imba yangu izare.*

Nokuti ndinoti kwauri, *Hakuna mumwe kuna varume avo vandakokera ucharavira chirayiro changu.*

32 Zvino, macherechedza here, paiva nokudhonza kutatu, kana kuti matanho matatu, azvo? Pavakabuda, kekutanga, uye kudana avo vaive . . . kana kuti vakakokerwa kuuya, uye vakaramba kuzviita. Naizvozvo pakabuda shumiro dzokupodza varwere, dzakaenda kunotora mapofu nevakaremara. Asi kunyange zvakadaro nzvimbo yakanga ichiripo, saka akabuda akandogombedzera vakanaka, vakaipa, uye vasina hanyn'a; ivo vanofanira kuuya.

33 Zvino, munoverenga mumwe mufananidzo wezvizvi, wakafanana naiwoyu, kuna Mateu 22:1 kusvika 10, kana muchida kuzviverenga, munguva inotevera. Asi ini—ini ndatora chidzidzo ichi kubva ipapo: *Ko Hupenyu Hwako Hwakakodzerana Here NeEvhangeri?*

34 Zvino, Jesu pano ari kuti . . . Munhu agara nguva dzose achipa zvikonzero, zvekutadza kugamuchira Shoko raMwari rekukokera kwaKe. Kunyange zvakanyatsosimbiswa nokuratidzwa kwavari, kuti ichocho—kuti ichocho Chirairo chaKe uye ikokero yaKe, asi munhu nguva dzose anogara achipa zvikonzero. Zvino mukaverenga kuna Mutsvene Mateo 22,

muchaona kuti zvikonzero zvakapiwa ipapo, zvakare. Uye—uye vanoedza . . .

35 Zvinodzokera muzvizvarwa zvose. Zvinodzokera muchizvarwa, uye zvakanzi mumwe murume akavakoka, uye—uye aiva nemunda wemazambiringa. Zvino tinoona mufananidzo iwoyo. Uye kuti akatuma varanda vake kunotora kubva pamunda wake wemazambiringa. Muranda wekutanga akauya, chii chavakaita? Vakamudzinga. Mumwe muranda ndokuuya, vakamutaka namabwe. Uye vaidzinga mumwe nomumwe wavaranda; vanhu vane utsinye. Mambo akazotuma, pokupedzisira, mwanakomana wake. Zvino pakauya mwanakomana wake, tinoona, kuti, "Ivo vakati, 'Uyu ndiye mudyi wenhaka. Isu tichamuuraya, tobva tawana zvinhu zvose.'" Zvino Jesu akati kwavari, "Mambo akatuma uye ndokuuraya mhondi idzodzo, nokupisa maguta avo."

36 Zvino, tinoona, kana Mwari vakapa munhu kokero, uye kuti aite chimwe chinhu, kana kugamuchira kokero yaAnenge apa kwaari, uye oiramba, zvino hapana chimwe chasara, mushure mekunge tsitsi dzarambwa, kunze kwekutongwa. Asi kana ukayambuka miganhu yetsitsi, zvino panenge pava nechinhu chimwe chete chasara, zvino ndiko kutongwa. Zvino tinoona kuti vanhu vakagara vachizviita muzvizvarwa zvose. Zvakaitika, tingangoti muzvizvarwa zvose, muBhabheri.

37 Apo Mwari vakatuma Nowa, muranda waVo, uye ndokupa nzira yokupukunyuka nayo kuvanhu vose vaida ku—kuponeswa. Asi vanhu vakangoseka uye nokungonyomba Noa. Asi Mwari vakagadzira nzira, zvino ivo vakanga vaine chikonzero. Zvaive zvisiri maererano nokufunga kwavo—kufunga kwavo kwechimanjemanje. Hazvaiva . . . Hazvaiva senzira yavaida, saka vakapa zvikonzero mumazuva aNowa.

38 Vakapa zvikonzero mumazuva aMosesi. Vakapa zvikonzero mumazuva aEria. Vakapa zvikonzero mumazuva aKristu. Uye vanopa zvikonzero nhasi.

39 Zvino, Iye achitaura akanangana neIsraeri, ivo vakadanwa kumabiko, izvo zvandingaisewo pavanhu nhasi, iyo chechi, ivo vakakokwa kuti vauye kumabiko, asi havazviite, mabiko epamweya aShe. Zvino havazviite. Ivo havadi kuzviita. Vane zvimwewo zvinhu zvokuita. Vanowana zvikonzero.

40 Zvino, dai Israeri, makore zviuru zviviri zvapfuura, yakagamuchira kokero yavakanga vapiwa, vangadai vasiri zvavari nhasi. Zviuru zviviri zvemakore zvapfuura, Israeri yakaramba kokero yokuuya kumabiko emuchato, zvino vakairamba uye ndokupinda mukutongwa. Asi, sekutaura kwakaita Jesu kuti, vakataka namabwe nokuuraya vaporofita vakanga vatumwa kwavari, vachipa zvikonzero, zvino, zvikonzero zvavakapa zuva rimwe nerimwe.

41 Tinoona kuti, mumazuva aJesu, kuti Iye haana—Iye haana kuzvibatanidza neboka ripi zvaro ravo. Ivo vakati, "Ko Murume uyu akawana dzidzo yake riinhi? Ko Akabva kuchikoro chipi? Ko Uyu haasi Mwanakomana wemuvezi wamapuranga here? Ko amai vaKe havanzi Maria here? Vanun'una vaKe, havasi Josesi naJakobho, nevamwe here? Uye hanzvadzi dzaKe hadzisi pakati pedu here? Ko Murume uyu akawanepi simba nemvumo yokuita izvi?" Maona? Namamwe mashoko, iYe akauya asingashande navo. Saka vakati, "NdiBherizebhabhu. MuSamaria. Iye ane dhimoni, uye Anopenga. Iye—Iye . . . Iye Munhu ane mweya wakaipa, ane chekuita nezvinamato, zvino iwo waMupengesa. Zvino ndicho chikonzero. Iye ari kunze uko semupengo. Regai kumboteerera kwaAri." Zvino tinoziva zvakaitika kuIsraeri. Zvino vakaita ruzha. Zvino vaive vane kugutsikana chaizvo kuti Murume uyu ari kukanganisa, kudzamara, oh, pavakaMupomera mhosva, iye akati—iye akati, "Regai Ropa raKe rive pamusoro pedu uye nepamusoro pevana vedu." Zvino iRo riripo kubvira ipapo.

42 Jesu aiedza kuvataurira kuti zvikonzero zvavo ndizvo zvakauraya vaporofita, uye zvakauraya vakarurama vaiuya. Vakagamuchira zvitendwa zvavakanga vapihwa navanhu, pane kuti vatore Shoko raMwari. Uye, mukudaro, vakanga vaita kuti Shoko raMwari rishaye simba.

43 Zvino, unotofanirwa kuti, mune izvi, kuti *Izvi* ndiko kuda kwaMwari nechido chaMwari, kana kuti chimwewo chinhu chaanokwanisa kuumbidzira, chiri nani pane Izvi. Zvino, unotofanira kusarudza chimwechete chazvo kana chimwe chacho. Iwe haukwanise kushumira Mwari pamwechete nepfuma yenyika. Uye unofanira kuti, "Ichi iChokwadi," kana kuti "IChokwadi muchidimbu," kana kuti "Hachisi Chokwadi chose," kana "Hazvina kunyatsobatanidzwa zvakanaka," kana kuti "Hazvina kududzirwa zvakanaka."

Uye Bhaibheri rakataura, kuti, "Shoko raMwari haridudzirwi nomunhu." Hakuna mumwe munhu anofanira kuisa dudziro paRiri, Rakangonyorwa nenzira iyo Mwari vanoda kuti Ridudzirwe. Izvo zvaRinongotaura, Izvozvo, ndizvo zvazvinofanira kuva. IngoRitora nenzira yaRinotaurwa nayo, nenzira yaRakanyorwa ipo Pano.

44 Zvino, ivo vakagamuchira zvitendwa zvavo. Vakaita kuti vimbiso dzaMwari dzishaye simba kwavari. Vakanzvenga Izvozvo. Vanosvetuka vachibva paZviri.

45 Zvino, dai Russia yakanga yagamuchira Chiropafadzo chepentekosti, makore makumi manomwe nemashanu akapfuura, apo Mweya Mutsvene pawakaburuka muRussia, dai vasiri makomunisti nhasi. Zvino, makore makumi manomwe nemashanu akapfuura, vakave norumutsiriro rukuru muRussia. Mwari akauya pakati pavo, uye vakava nerumutsiriro rukuru,

kusvika kuSiberia. Zvino vakaitei? VakaZviramba. Uye nhasi, nyika iyoyo yakaparara, machechi havakwanise kuita shumiro dzemunamato mumachechi, asi kana vatotenderwa nevatongi. Zvino vatotemerwa mukutongwa. Vakateverana nekupengereka kwezvido zvechikoministi; vakazvitengesa kuna dhiyabhorosi.

46 Makore makumi mashanu apfuura, Mweya Mutsvene wakawira muEngland. Mushure mezvo kwakauya George Jeffries, uye F. F. Bosworth, naCharles Price, Smith Wigglesworth, idzo mhare huru dzokutenda, makore makumi mashanu apfuura, uye vakapa England rumutsiriro rweMweya Mutsvene. Asi chii chavakaita? Vakavaseka, vakavaisa mujeri, vakavati vanopenga, vakafunga kuti vakanga varasikirwa nepfungwa dzavo. Machechi airambidza vanhu kuti vasauye kuzovanzwa. Asi vaipodza varwere, uye nokudzinga mweya yakaipa, uye nokuita mabasa makuru. Zvino nokuti England, senyika, yakaramba Evhangeri, zvivi zvayo—zvayo zvinozivikanwa pasi rose. Hapana iyo—iyo imwe nyika yakatsauka pasi rose, kunyange kusanganisa Rome neFrance, kupfuura England. Ndiyo amai vekutsauka nokupata. Iko chaiko uko Finney nevarume mhare vakawanda vakaparidza, imo mu—muMusika wehuswa hwezvipfuwo, uye Charles G. Finney, naWesley, uye nevakadaro, asi yakaZviramba.

47 Uye zvino, kunyangwe vhiki yapfuura, kana mairi, mumapepa nhau, unoona kuti varume varemekedzwa vavo vave noutera ku—kuruchiva rwemadzimai, kusvikira tsori dzinopinda. Zvino mukuru wavo akaona vamwe vavo. Mamagazini akazvitakura. Chivi chavo chenyaya dzakaipa, muhurumende yavo chaiyo, dzadyara zita ravo rinonyadzisa pasi rose. Nokuda kwei? Yakaramba Zvokwadi. Yakapa zvikonzero zvayo, uye yaparara. England yaparara zvachose, kuna Mwari, kare kare. Dai . . .

48 America, makore gumi namashanu apfuura, apo rumutsiriro rukuru rwakaenderera mberi kubva kupentekosti, rwakaputika munyika ino, uye pakave norumutsiriro muguta guru, Washington, DC. Mapresident, mavice-president, vanhu vakuru, magavhuna; zvinhu zvikuru zvakaitika, uye magavhuna ne—nevarume vakapodzwa. Sezvakaita, Congressman Upshaw vakanga vakaremara kwe—kwemakore makumi matanhatu nematanhatu, zvino havaikwanisa kufuratira chiso chavo voti hazvina kudaro. Zvaiva pamberi pemeso avo chaipo, asi vakaZvifuratira.

49 Zvino, manheru ano, ndicho chikonzero nyika ino ichigere. Yakatotongerwa kuparara. Hapasisina tariro kwairi, kana zvachose. Yakayambuka muganhu pakati pokutongwa netsitsi. Uye yakasarudza mune zvainazvo pano, kutonga nyika. Uye zvino yakaora, kusvika pamwongo. Zvematongerwo enyika zvayo zvakaora. Tsika nehunhu hwemagariro enyika ino zvaderera kupfuura zvandingafunga. Zvino

hurongwa hwezvinamato zvaora zvakanyanya kupfuura hunhu nemagariro. Iyo yatova, mukuita izvi, yatozvibatanidza zvino, machechi ose aya, uye enyika, mumubatanidzwa wemachechi, uye yakatora munembo wechikara. Chinhu chakaita sei! Nokuda kwei? Kristu akavapa mukana, "Uyai kumutambo wemabiko aNgu," mutambo wemabiko epentekosti, zvinoreva "makumi mashanu."

50 Apo Mweya Mutsvene pawakadururwa pamusoro peRussia, ivo vakadanwa kumabiko emutambo wepentekosti, mabiko epamweya, uye vakaUramba. England, Mweya Mutsvene wakadururwa pavari, asi vakaUramba. America, Mweya Mutsvene wakadururwa pavari, zvino vakaUramba.

51 Akakokera katatu. Katatu, Akatumira, asi havana kuteerera kumabiko. Zvino Akatumira zvakare, Iye akati, "Endai munogombedzera vanhu ivavo kuti vauye. Tafura inofanira kushongedzwa. Tafura yagadzirwa. Asi pachiine nzvimbo." Zvino ini ndinotenda, kuti, dzimwe nguva, dzimwe nguva mukati memwedzi mishoma inotevera, kana zvakadaro, kana gore, kana zvazvingava, Mwari vari kuzotumira kumwe kuzunguza kunyika yose, nokuti kune mumwe munhu achiri kunze uko, pane imwe nzvimbo, ari Mbeu yakatemerwa, uyo Chiedza chinofanira kusvika paari, kune imwe nzvimbo, kune imwe nzvimbo munyika. Nyika, pachezvayo, yaparara.

52 Ndainge ndakatarisa mumagazini *yeLife* yevhiki rino; kuzasi uku, zvakanaka, zasi kuLittle Rock, rimwe zuva, kana kuti, kuHot Springs, waro. Zvino ipapo ndakaona, ndinotenda waiva gavhuna wedunhu reNew York, aine angaite mutambi anokurura hanzu iko kuHonolulu, achitamba nemunhukadzi iyeye. Zvino . . . Uye apa, pazasi pacho, paiva nemumwe murume ane mukurumbira. Oh, zvinonyadzisa sei! Tarisai nyika yedu nhasi. Tarisai chinhanho che—che nyika yedu. Tarisai kwayaenda, kuti yanyn'ura zvakaderera sei.

53 Tarisai hurongwa hwedu hwezvinamato nhasi. Ko zvingaitika sei kuti machechi anokwanisa kupinda muchinhanho chaari iye zvino? Chikonzero ndechekuti vakaramba ndokufuratira Mharidzo yaMwari, kokero yekuuya kumabiko. Ko ungati hupenyu hwakadaro hwakakodzera Evhangeri here? Ungadana hupenyu, hunogara nokutendera vanhu vavo—vavo kuita zvinhu zvakadaro, zvokuputa midzanga yefodya?

54 Nerimwe zuva, zasi pano, pane imwe chechi, imwe timu duku yaitamba zasi uko kunhandare, zvino kakomana kaduku katsano vangu kanotamba mune imwe yetimu idzi. Zvino akanga ariko ikoko achitamba mutambo uyu, uye paiva neboka retimu yechechi raitamba. Zvino paiva nemufundisi, notukomana kunze ikoko munhandare, vachitamba. Zvino mufundisi vaiputa mudzanga wefodya

pamusoro pemumwe mudzanga, wechechi yepedyo nesu chaizvo. Zvino ungambofunga here munhu . . . Zvino kunyange vanhu vaive vagere muungano vakazvicherechedza. Asi zvave kusvika pakutoti havana kana hanyn'a nazvo.

55 Imwe chechi huru, chechi yeBaptisti, iyo yandinoziva, inombobuditsa vanhu kubva muSunday school, mamwe maminitsi gumi namashanu, kuitira kuti mufundisi navamwe vose vamire kunze vachiputa fodya, vasati vadzokera mukati kunoshumira chirairo chaShe. John Smith, muvambi wechechi iyoyo, akanamata zvakasimba, kuti Mwari vatumire rumutsiriro, kusvikira maziso ake avhara nekuzvimba husiku, zvekuti mudzimai wake aitomutungamira kutafura uye nekumupa chikafu nechipunu. Kana . . . Murume iyeye anotopinduka muguva make dai akaziva kuti chechi yake yapinda muchinhanho ichocho. Ko chiiko ichocho? Vakakokwa kuti vauye, asi vakaramba. Ndizvozvo chete. Uye munorangarira, Jesu akati, imo muno, kuti, "Avo vakakokwa, vakaramba, havaizoraira chirairo chaKe."

56 Kana Mwari vakatumira Mweya Mutsvene uye vogogodza pamukova wemunhu, uye iye oUramba nebwoni, dzimwe nguva achazoUramba kokupedzisira, uye zvino hauzova munhu akaropafadzwa. Unogona kugara muchechi uye ugoteerera kuEvhangeri, uye ugobvumirana neEvhangeri. Unotogona kutosvika pokuti unoti, "Ndinoziva kuti Rakanaka," asi worega kuisa munwe wako paRiri, kuti uRibatsire, iwe pachako. Maona? UnongoRiteerera, nokuti unoti, "Ini ndinotenda kuti Rakanaka." Izvozvo kungonzwirana naRo chete.

Ini ndinokwanisa kuti, "Ndinotenda kuti *izvo* zviuru gumi zvemadhora." Hazvireve kuti ndazviwana. Maona? Ndinogona kuti, "*Iyo* imvura yakanaka inotonhorera," asi ndoramba kuinwa. Munoona zvandiri kureva?

Zvino uhu ndihwo Hupenyu Husingaperi. Uye kuramba kuzviita, rimwe zuva uchayambuka muganhu pakati pekutongwa netsitsi, uye hauzowana mukana wokuuya kuti uzoUgamuchira.

57 Kunemi vanhu vanouya pano. Ini handidavirire avo vano . . . kana—kana vamwe vashumiri vavanoparidzira. Asi, kana Chakanaka, une mungava wehupenyu hwako kwaChiri. Ndechipi chimwe chaungawana, icho chinganyanya kuva betsero kwauri, chingapfuura kuziva kuti unogona kuwana Hupenyu Husingaperi?

58 Ko deno ndaipa mapiritsi pano, ekuti, akasimbiswa nesainzi, akasimbiswa nesainzi kuti piritsi iri rinokuita kuti urarame chiuru chamakore? Aizve, nda—ndaitotsvaka masoja kuno, uye vaizondichengetedza nokudzinga vanhu kubva pandaive. Hawaizombodana kuti vanhu vauye kuartari kuzoritora. Asi

waitozovarova uchivadzinga kubva pariri, kuti vararame chiuru chemakore.

Asi, zvakadaro, izvo zvakanyatsosimbisiswa nesainzi kuti iye Mwari waZiendanakuenda, simba raKe rose rokumuka kwaKe kuvakafa, rinokuvimbisa Hupenyu Husingaperi, zvino Satani anoisa hondo yake yemadhimoni kunze uko kukudzivirira kuti usasvike paHuri. Maona? Asi, iwe unogona kutarisa, uye une pfungwa dzakakwana kutarisana nechiso chaHwo ugotoona kuti Hwakanaka, asi zvino wobva waHuramba. Maona?

59 Chimwe chinhu, chimwe chikonzero chakadaro. "Kuri kunyanya kupisa. Ndakanyanya kuneta. Ndichazouya, mangwana." Chimwewo chikonzero chakangodaro, ndizvo zvoga zvavanoita. Nokuramba zuva rokushanyirwa, izvozvo zvinokuparadzanisa kubva pana Mwari.

60 Zvino, tinocherechedza. Uye, muTestamende Yakare, vaiva neravaiti gore rejubheri. Ndipo apo vanhu vose, vakanga vari nhapwa, vaigona kusunungurwa kana hwamanda yejubheri yaridzwa. Uye zvino kana munhu akarega kubuda kuenda, kana paiva nechikonzero chaaigona kupa, chokuti iye haadi kudzokera kunyika yake, zvino aifanira kuiswa munembo panzeve yake, nemuwururo, pachivivo mutemberi. Uye zvadaro hazvina mhosva kuti hwamanda ngani dzejubheri dzaizouya, murume iyeye akanga atozvitengesa. Haaizokwanisa zvakare kudzoka semugari ane mvumo muIsraeri, kwete zvakare. Ainge aiteyi? Aramba kokero yake. Hapana chaaifanira kubhadhara. Chikwereti chohuranda hwake chakanga chapera. Mhuri yake yakanga yasununguka. Aikwanisa kuenda kumusha kwake uye nokutora nhaka yake pachake. Asi zvino akaramba kuzviita, zvino iye haaizoverengerwa zvakare pamwechete neIsraeri, uye nhaka yake yaizopihwa kune mumwewo.

61 Zvino, chinhu chimwe chetecho panyama chinoshanda pamweya. Chokuti, kana isu, sevadyi venhaka yoHupenyu Husingaperi, zvino tikanzwa Evhangeri uye tonyatsoziva kuti iYo ichokwadi, asi isu toRiramba, uye togoramba kuriita kana kuti toramba kuIteerera, tinobva tatora munembo wechikara.

62 Zvino, mumwe munhu akati, "Zvino, kuchazouya mu—munembo wechikara, uchazouya nerimwe zuva." Regai ndikutaurirei. Wakatouya kare. Maona? Mweya Mutsvene paunotanga kudonha, munembo wechikara unobva watanga kuitika. Maona?

63 Une zvinhu zviviri zvoga. Chimwe chazvo, ndiko, kuRigamuchira, wobva watora Chisimbiso chaMwari. KuRiramba, unobva watora munembo wechikara. Kuramba Chisimbiso chaMwari kutora munembo wechikara. Munhu wese anzwisisa? [Vungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Kuramba Chisimbiso chaMwari ndiko kutora munembo

wechikara. Nokuti, Bhaibheri rakati, "Vose vasina kusimbiswa neChisimbiso chaMwari vakatora munembo wechikara."

64 Apo hwamanda payairira, uye vose vaida kunosunungurwa vaigona kuenda. Avo vakanga vasingadi, vaiiswa munembo.

Zvino, munoona, munembo wechikara, kana tikataura nezvawo tichiuisa kumberi, kuti ndipo apo pauchazenge wave kuratidzwa, paunozocherechedza kuti ndizvo zvawakatoita kare. Maona? Zvino ndizvozvowo neMweya Mutsvene, Uchazoratidzwa. Apo patichaona Ishe Jesu vachiuya mukubwinya, tigozonzwa simba rokushandurwa, uye tichizoona vakafa vachibuda mubwiro, uye nokuziva, nechinguva chisipi, tichashandurwa tigozova nomutumbi sowaKe. Uchazoratidzwa. Zvino, kune avo vakaUramba, vachasara pasi, kunze.

65 Ko Jesu haana here kutaura kuti mhandara dzakabuda kundosangana naKristu? Vamwe vavo vakavata, kurinda kokutanga, kwechipiri, kwechitatu, kwechina, kwechishanu, kwechitanhatu, kusvika pakurinda kwechinomwe. Asi, mukurinda kwechinomwe, zvino ndipo pakauya ruzha, "Tarirai, Chikomba chouya. Budai muMuchingamidze." Zvino avo vaive vavete, vakamuka. Chizvarwa chose, kusvika paPentekosti, vakamuka. Maona? Kubva muchizvarwa chechinomwe, chizvarwa chekereke yechinomwe, nzira yose tichidzoka shure, vakamuka. Zvino ava vakanga vari muchizvarwa chino ichi, ivo vapenyu, vakashandurwa. Uye vakapinda.

Panguva iya chaiyo yavakapinda, mhandara yakavata yakauya uye ndokuti, "Tinodawo kutenga mamwe Mafuta enyu."

66 Asi ivo vakati, "Isu tine akangokwanirana nesu. Endai kune avo vanoAtengesa."

"Zvino apo pavakange vachiedza kugamuchira Mafuta aya, Chikomba chakauya." Hapana kumbobvira pakava nenguva munhoroondo yenyika, apo maEpiscopaliani, maBaptisti, maMethodisti, maPresbyteriani. . . Mapepa-nhau akazara. Mapepa-nhau ezvinamato ari kurumbidza Mwari, nokuti mhandara dzakavata dzave kuedza kugamuchira pentekosti, kuedza kugamuchira Mweya Mutsvene. Zvino vanhu havacherechedze here kuti hazvisi kuzoitika, maererano neShoko raMwari? "Apo pavakanga vachiedza kudzoka, Chikomba chakauya ndokutora Mwenga. Uye ivo vakakandirwa kurima rekunze, kuti vatongwe," nokuti vakaramba kokero yavo.

67 Vanhu vose vanokokwa kuti vauye. Mwari, muchizvarwa chose, vakatumira Chiedza chaVo, uye Chakarambwa.

68 Saka, zvino, zuva ranhasi harina kusiyana nerimwewo zuva, kuramba zuva rokushanyirwa. Kana Mwari vachishanyira Kereke uye nekuvanhu, Zvigamuchire ipapo. Usati iwe unozviita

gore rinouya, rumutsiriro runotevera. Ndiyo nguva yacho, "Nhasi ndiro zuva reruponiso."

69 Uye rangarirai, Mwari havana kumbotumira mharidzo yeShoko, muzuva ripi zvaro, kunze kweRaVakasimbisa nezvemweya. Jesu akati, iye pachaKe, "Kana ini ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, zvino musanditende Ini. Asi Ini ndikaita mabasa, munotenda mumabasa mukasatenda maNdiri," zvino mukazviona zvakanyatsojekeswa pachena uye—uye zvichiratidzwa.

70 Zvino nguva yakakwana yokuti ichiRiramba, zvino inobva yaboorwa panzeve nemuwururo, zvino haizombofa yakaRinzwa zvakare. Zvino inobva yazviendesa kumubatanidzwa wemachechi, kuenda mukati kunonyatsotora munembo wechikara.

71 "Chimwe chezvinangwa zvikuru," mumwe munhu andipa pepanhau nguva ichangopfuura, uyu papa mutsva akataura, "ndiko kubatanidza machechi pamwechete." Vachanyatsozviita zvemazvirokwazvo sekumira kwandakaita pano. Uye maProtestanti anonyengerwa nazvo. Maona? Nokuti, chechi . . . Bhaibheri rakati, Pauro, muporofita waShe, akati, "Zuva iroro harizosviki kusiya kwokunge pava nokutsauka, kutanga, uye zvakare iye . . . murume wechivi asati aratidzwa. Iye akagara mutemberi yaMwari, achizvisimudzira iye pachake, zvose zviri pamusoro paMwari; iye, saMwari," achiregerera zvivi panyika, uye nezvakadaro. Zvino kuti chinhu ichi chakaitika sei! Asi hazvaikwanisa kuitika kusvikira kutsauka kwauya, kusvikira chechi yotanga kubva pamabiko epamweya, yazvidzosera kumashure nokutanga kuzviita sangano. Zvino chizaruro hachina kuzogara nechechi.

72 Rangarirai, Israeri yaifamba, masikati nousiku, neShongwe yeMoto. Apo Shongwe iya yeMoto yaifamba, ivo vaifamba pamwe chete naYo. Uye rangarirai, iyo Yaive Moto husiku, uye Gore masikati. Saka Inogona kuuya, masikati kana husiku, nguva ipi zvayo. Asi, pangave papi paYaive, ipapo paive neyananiso yakaitwa, zvokuti havaitadza kuIona. Yaiva Chiedza husiku, uye Gore munguva yemasikati, vaiItevera. Hongu, changamire. Chinhu chimwe chete!

73 Martin Ruther akaIona. Chii chaakaita? Akabuda muchiKatorike. Asi ivo vakazoitei? Vakavaka karuzhohwa kakakomberedza, vakati, "Isu tiri maLutherani. Izvi ndizvozvo."

74 Zvino Whisiri akaIona ichifamba kubva ipapo. Iye ndokuenda. Zvino vakaitei? Vakavaka karuzhowa kakakomberedza, vakati, "Izvi ndizvozvo." Ko Chiedza chakaita sei? Chakangofamba kuenda mberi, zvakare.

75 Pentekosti yakaIona. Zvino vakaitei? Vakabuda kubva muWhisiri nomuNazarini, nezvakadaro. Ivo vakaitei? Ivo

vakavaka turuzhowa tuduku twaikomberedza, tunonzi, "Isu tiri veoneness," uye "Tiri vetrinity," uye "Tiri veUnited," uye nezvimwe zvakadaro. Zvino Iye akaitei? Mwari akangofamba achibuda kubva mazviri. Maona?

76 Zvino hatigone kudaro. Isu tinofanira kutevera, mazuva ose, nguva imwe neimwe yezuva, nhano imwe neimwe yenzira. Isu tinofanira kutungamirirwa naIshe Jesu Kristu. Kana tikasadaro, tinotora hupenyu hwesangano. Zvino hupenyu husingateveri Kristu, zuva nezuva, hauna kukodzera.

77 Murume anova Mukristu musi weSvondo, uye anoenda kuchechi, ogara shure uko achifunga kuti iye ndiye muridzi wechechi nokuti anoita *izvi*, *izvo*, kana icho *chimwe*, zvino nomusi weMuvhuro anoba nokunyepa. Uye vakadzi vanobuda kunotuhwina neveruzhinji pamhenderekedzo dzegungwa, uye—uye vachifamba mudzinzira, vakapfeka hanzu dzisina hunhu!

78 Ini ndaifunga zve—zvemudzimai wemukuru wenyika, haana kana kumbozora ponzi, apo paaienda pamberi papapa; asi paakadzoka, zvino akabva agerwa bhibho zvikabva zvatevedzerwa zvakapararira kumadzimai munyika. Uye namadhirezi ose aya, okuti, paanenge akazvitakura, mudzimai wose ari munyika ava kuda kupfeka rimwe ramadhirezi aya ekuva mai zvino. Ndizvo chaizvo. Kuiswa kwemuenzaniso. Zvino vanotoziva kuti vanhu ivavo vachadaro. Vanotora mweya munyika. Zvino izvozvo hazvisi zvemuChechi yaMwari mupenyu.

79 Madzimai anofanira kutarisa kuna Jesu Kristu. Munofanira kutarisa kuna Sarah uye nokune avo vomuTestamende Yakare.

80 Zvino, vakave zvokuti . . . Ini ndakanga ndichiparidza mamwe manheru, kune imwe nzvimbo, pamusoro pokuti madzimai ateerere varume vavo. Kuteerera? Hongu. Izvozvo zvakaraswa kare, kubva pasungano yemuchato. Asi havasi kuzodaro. Kwete, changamire. Vanogara muAmerica, uye zvakare vanokuzivisa izvozvo. Ivo havasi kuzoteerera. Asika, kana bedzi usingazviite, usamboedza kuzviti uri Mukristu, nokuti hauzi. Handina basa kuti unotamba nokutaura nendimi zvakadini, kana usingateereri murume wako, hausi mukuda kwaMwari.

81 Mudzimai anopfeka zvikabudura nokuita zvinhu izvi zvaanoita mumugwagwa, regera kuzvidana kuti uri Mukristu. Unoda kuva nenyika uye wobatirira pachapupu chako. Haukwanise kuzviita Pamberi paMwari, iwe uchiziva zviri nani kuti haufanire kuzviita.

82 Cherechedzai, "kuboorwa nzeve," kuiswa munembo, zvino hauzombonzwa zvakare. Rangarirai, ichocho chiratidzo chokuvhara nzeve. HauzomboInzwa zvakare. Hauzoteerera. Iwe hauzombofa wakagona zvakare, kuzviita zvakare.

83 O! "Mukadzi iyeye haatendi *Izvozvo*." Oh, ini zvangu! "Usamuudze. Anozvitenda." Kwete. "Anobva atokuudza ipapo . . ." Iye haaZvizive. Ko mu—mudzimai anga . . . Kungobvunza iwe, ko mudzimai anga . . .

Sezvandakataura neSvondo, musi weSvondo wapfuura manheru, kwapera vhiki zvino manheru ano, pamusoro "pemagetsi matsvuku anovaima," kuti mu—mu—mumufambiro wemadzimai wasvika pokuti vari kuramba vachiratidzika pachiso kupfuura zvazvakambova. Zvino, izvozvo hazvinei—hazvinei nokupesana nemudzimai, zvino, zvingori . . . asi zviri pakuti iye anozvibata sei izvozvo. Maona? Ave . . . Asvika pakadaro, kuti aiswe pakukwanisa kuedzwa, saEvha akaiswa pamberi pemuti.

84 Murume wose, mwanakomana wose anouya kuna Mwari, anofanira kupfuura nemunguva iyoyo yokuyedzwa. Chino ndicho chizvarwa chemadzimai, nyika ino ndizvo zvairi, apo mudzimai anofanira kupfuura nemukuyedzwa ikoko. Kana akagona kuva mudzimai akanaka pachiso, zvino ozvibata sehanzvadzi kwayo, maropafadzo aShe ngaave pamusoro pake. Asi kana akazvisvitsa pokuti—pokuti anoziva izvi, iye ozvishambadzira, izvozvo zvinobva zvanyatsomuratidza kuti iye ane—ane mweya wakaipa paari. Iye hakusi kuti ari kuda kuti zvidaro, handifunge kudaro, vazhinji vavo havadi kuti vadaro. Asi kungoti havacherechedze izvozvo.

85 Ungandiudza here kuti mudzimai anofunga, zvakadzikama angapfeka here, tuhanzu utwu twavanopfeka kunze uko mumugwagwa?

86 Ndine vanasikana vechidiki vaviri vagere muno. Handizivi mafambiro avachozoita ivo vana ava. Ini ndinongovanamatira. Vana, nhasi, ini handi . . . Iwe haungazive. Ini handizive. Ivo havasi kunze kwazvo. Ivo vanofanira kumira netsoka mbiri dzavo voga, pamberi paJesu Kristu, vagopa mhinduro. Ivo havangazembere pane . . . pane—pane zvandinotenda, uye pane zvinotendwa naamai vavo. Handizive zvavanoita. Asi ndinonyatsotenda, munguva ino, kanawo vasikana ava vakaenda mumugwagwa, vakapfeka idzo hanzu dziye, uye murume akavavhiringa, vari muhanzu dzakadaro idzodzo, ini handitende kuti, kana ndaiwana mukana, handaikwanisa kupomera murume iyeye. Ndizvozvo chaizvo. Ndinopomera vasikana vacho. Ivo havafanire kudaro.

87 Teererai. Kana munhu achifunga, uye vachidzidzisa kuti, "Munhu haana kusiyana nemhuka. Akabva parudzi rwemhuka." Uye tarisai, zvino, imi momuisa kunze uko se . . .

88 Munoendesa imbwa kukahadzi kaduku pane nguva dzakatsaurwa, nemuruzhowa nezvimwe zvose, nokuti kahadzi kaduku aka kari muchinhano ichocho; hochi, mhou, nedzimwewo mhuka dzose. Uye zvino kana tiri mhando

yehupenyu semhuka; izvo, zvinova zvatiri, pachikamu chepanyama. Zvino kana mudzimai achizviratidza zvakadaro, anoratidza kuti ave pachinhanho chimwe chete icho chasvikwa nekambwa kaduku kaya, kana zvimwe chete, ndizvozvo, nokuti haaizembenge achiita izvozvo. Iye anoziva. Masikirwo ezvinhu anomudzidzisa kuti varume vachazomutarisa. Zvino Bhaibheri rakati, "Ani naani anotarisa mukadzi kuti amuchive atoita hupombwe naye kare mumwoyo wake."

89 Izvozvo zvinoisa nguva yokuyedzwa. Uye dhiyabhore anonatsurudza zviso zvemadzimai iwayo, ovakumurisa hanzu, ovagadza kunze uko, kuti vakupe muedzo. Varume, komutsai misoro yenyu. Ivai vanakomana vaMwari. Madzimai, imi pfekai sevanasikana vaMwari. Usazopindurira mhosva yehupombwe mberi uko neZuva iroro.

90 Kana mukadzi iyeye, hazvina basa kuti haana mhosva zvakadini . . . Anogona kunge pasina chakaipa chaakaita, kana kumbofa akava nazvo mupfungwa dzake kuita zvakaipa. Asi kana mutadzi uya akatarisa chimiro chinoyevedza chemudzimai uyu, achiziva kuti murume; uye zvizenga zvechidzimai zviri mune mumwe, uye mumwe, murume, mune mumwe; zvino mutadzi iyeye achazofanira kupindurira mhosva iyoyo neZuva roKutongwa, ndiani akazviita, ndiani ane mhosva? Kwete murume. Ndiwe. Hapoka apo, kushaya hunhu.

91 Tarisai nyika ino. Zvaisimbove kuti, pava—vaive nemadhirezi aisvika mumabvi ayo aipfekwa nevakadzi, taitotumira kuParis kuti tiaone. Nhasi, Paris inototumira kuno kuti vaawane. Zvasvika pakusviba kusvikira Paris haichazvikwanisawo. Ndizvozvo chaizvo. Zvose . . . Sei? Kuramba Evhangeri. Sei?

Paris yakanga isinaRo. Iyo yose yakazara neChikatorike. MaProtestanti havagone kupindamo. Tarisai Billy Graham. Ndinofunga kuti mune Makristu mazana matanhatu chete muParis, kubva pama miriyoni, Makristu mazana matanhatu, maProtestanti. Vasina kuzadzwa neMweya Mutsvene. Asi vanongori maProtestanti chete, mazana matanhatu avo, kubva pamamiriyoni nemamiriyoni. Ivo havana kuwana mukana wekuUramba.

92 Asi vanhu ava vane Evhangeri. Zvino pavanobva paMharidzo neEvhangeri iyo yavakaona ichiratidzwa, voRinyomba nokuti imwe dzidziso yakare youpfeve yakavamoneredza; uye nemumwe mufundisi akamira purupiti, achinyanyofunga nezvedhora nemubhadharo wezvekudya kupfuura mweya, ivo vanhu vaari kuparidzira, ndizvo chaizvo, ndizvo zvazvakaita. Iye zvino yavakutungamira nyika yose.

93 Munorangarira, pasina nguva yakareba yapfuura, mutabhanakeri ino. Ndakaparidza pamusoro pechidzidzo, makore angaita makumi maviri apfuura, "Ndichakuratidzai

chimwarikadzi cheAmerica," uye paiva nekamusikana nzenza ipapo, kakagarapo. Ndizvo zvazviri. Zvino vachatodaro, vachazviwana. Vari kuwana zvavaikumbira. Uye vari kuzviwana. Ndizvozvo zvoga.

94 Kwete. Havasi kuzozvitenda. Kwete, changamire. Vanonyatsokuzivisa kuti ivo vagari vomuAmerica, uye vane kodzero yoku—yokungoita madiro api zvawo avanoda. Ndinongoshuwa . . .

95 Regai ndikutaurirei. Ndinokuudzai iye zvino. Kwete, changamire, zvematongerwo enyika hazvife zvakashanda. Kwete, changamire, zvegutsaruzhinji hazvife zvakashanda. Zvegutsaruzhinji zvakaora, kusvika pabvupa. Asi dai zvaigona kuitwa pakati peboka raMakristu, zvaiita zvakanaka. Asi kana mukazviisa kunze uko munyika, zvinobva zvanoshaya maturo semoto wemapepa. Ndizvozvo chaizvo.

96 Tarisai pano, nhasi uno. Chinhu chipi zvacho chinogona kuitika, zvino izvo vanongo . . . Chipi zvacho, voita chizivano chezvematongerwo, uye vanotoita zvinorova kunyange vakatoponda.

97 Pandakaparidza kuzasi uko, husiku huya ndichiedza kuponesa hupenyu hwevana vairi vaya. Vane mhosva pasina kana kupokana nazvo. Kunyange gweta riya rakauya shure kwangu, uye ndokuti, "Ndizvozvo." Iye akati, "Ini handitende mukutora hupenyu hwevanhu." Akati, "Kana mukacherechedza muhumbowo hwevanopara mhosva, ndiyani anourayiwa muzvigaro zvinogwina nemagetsi nezvakadaro? Havasi vapfumi. Anogona kuzviwanira gweta nezvakadaro, kuita mamwe mano-mano akasviba, nehugweregwere *apa*, nezvimwe *apo*, vobhadhara fufuro panyaya yacho." Iye akati, "Asi vana varombo vakangodaro, vasina mari yakakwana yokuvatengera zvokudya, ndivo vanorangwa. Ndiyo mhando yavanouraya nekugwinwa nemagetsi, vanhu avo vavanoti boka revanhu vasina zvavanoziva, ndivo vavanoshandisira zvavanoti kutongera rufu."

98 Ini ndakati, "Humhondi hwekutanga hwakaitika panyika, mukoma akauraya munin'ina, zvino Mwari havana kutonga nokutora hupenyu hwake. Vakaisa munembo paari, kuti pashaye anotora hupenyu hwake. Ndizvozvo. Zvino ndiye Mutongi Mukuru."

Ndinoona kuti vakabvisa mutongo kubva pavari. Zvino vachawana kumwe kutongwa zvakare. Hongu, vachatongerwa kugara mutirongo hupenyu hwavo hwose zvino, anenge ari makore gumi nerimwe chete, uye vanogona kunzi vatongwe zvavo asi vachishanda vasiri mutorongo asi vachishandira kunze. Vakabatwa nemhosva. Zvirokwazvo. Vane mhosva. Ivo vanofanira kuendeswa kutirongo, kwehupenyu hwose, asi kwete kutora hupenyu hwavo. Hakuna munhu ane mvumo

yokutora hupenyu hwemumwe munhu. Kwete, changamire. Ini handitende izvozvo. Kwete, zvachose.

99 Oh! Ivo vanoti . . . Sei, izvo havatendi kuti havasi mukuda kwa Ishe, nokuti ndizvo zvoga zvavanoziva nezvazvo, zvoga zvavanoda kunzwa. Ivo vakafuratira nzeve yavo kupesana neZvokwadi, imomo.

100 Kunyange Egipita yakanga isingade kuziva kuti boka ravatsvene vanoumburuka zasi uko rakanga riri mukuda kwaShe. Ko vangade sei kuziva kuti mumwe mupengo akauya ikoko, achibuda murenje, aine hukushe hwendebvu dzakarembera *sezvizvi,* ndokuti, "Farao, ini ndinouya nemuZita raJehovha. Rega vana vasunungurwe."

Farao aiti, "Ani, inini? Mukandei panze." Maona? "Inini?"

"Kana iwe ukarega kuzviita, Jehovah Mwari vachaparadza nyika ino."

101 Zvakadaro, "Mupengo wekare uyu, mudzingireyi kunze kune imwe nzvimbo. Ngaabve pano. Zuva raita sokugocha pfungwa dzake." Maona? Asi zvakaunza kutongwa, nokuti munhu wacho akanga ari muprofita uye aiva neZVANZI NAJEHOVAH. Ndizvozvo chaizvo. Vakanga vasingade kuzvitenda.

Roma yakanga isingade kuzvitenda, zvakarewo, asi zvakangoitika zvakadaro.

102 Israeri yakanga isingade kutenda kuti aiva Mhesiya. "Vaigotenda sei, boka re—boka revaGarirea?" Vachiti, "Ko vose ava havazi vaGarirea here? Ko vakabvepi? Ko Anofamba nevanhu vakaita sei? Ivo varombo vepasi-pasi vanogona kuunganidzwa, ndivo vanhu vaAnowadzana navo. Ndivo vacho vanouya kuzoMuteerera, ivo vanhu varombo, ivo vanhu vasina chavanoziva. Havana kusarudzwa. Havasi—havasi vanhu vemhando yavananyanjere sezvatiri isu. Iboka revarombo." Munozvinzwa izvozvo pamusoro porumutsiriro muzuva rino. "Iboka rakaita sei rinovateerera? Imhando yakaita sei inoenda kumisangano iyi? Imhando yavanhu vakaita sei?"

103 Ndakanzwa mumwe munhu achiti, munguva pfupi yapfuura . . . Zvakanaka, akanga angori . . . Aiva babamudiki vaHope. Zvino ndakanga ndichivaudza pamusoro perubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Ivo ndokuti, "Zvino, ndiyani angatenda chinhu chakadaro, kunze kwemhando yavanhu vamwewo vari kumusoro ikoko?" Ivo vakati, "Asi regai *Nhingi-nhingi*, muzvinabhizimusi wemuno muguta, akaipa sevose, regai ataure kuti akagamuchira Mweya Mutsvene, ipapo ini ndinobva ndazvitenda."

104 Ini ndikati, "Musanetseke zvenyu. Haambofa akazvitaura." Murume iyeye akangoerekana afa pakare-pakare, asina Mwari. Maona?

Iwe ngwarira zvaunoita. Ngwarira zvaunotaura. Unoda hupenyu hwakakodzerana neEvhangeri. Ndizvozvo.

105 Israeri haina kutenda izvozvo, boka ravanhu ivavo. "Iye murume mupengo, ane Zita rinonzi Jesu weNazareta, akaberekwa," sezvavaifunga, "kuberekerwa muhupombwe." Uye vanhu vaizvitenda. Nokuti, vakati, "Akanga asiri wake. Sei, baba vaKe ndiJosefa, uye Maria aizova noMwana uyu vasati vatombo . . . Kuberekwa, sei, ndeweupombwe. Zvino iye Ndiyani? Anongori mupengo. Ndiye mumwe wevanhu vaya vasinganyatsonzwisisike. Musamboenda kunoMunzwa." Chii chavakaita? Vaitoendesa mweya yavo kugehena. Vakatora . . .

106 Jesu wakati, "Regai vakadaro. Kana bofu rikatungamira bofu, havangawire mugomba vose here?" Ndizvozvo chaizvo. Havana kuzviziva. Havana kuda kuZvitenda. Havaikwanisa kudaro.

107 Havana kuona kuti zvingaitika sei kuti vanhuwo zvavo vakareruka vaine Mharidzo yakareruka, kuti ikarambwa, zvaizokonzera kuti nyika huru iwire pasi kuita murakatira. Zvino teererai. Havana kukwanisa kunzwisisa izvozvo: boka revanhuwo zvavo vakareruka, vamazuva ose, vanhuwonje. Munoziva, Bhaibheri rakati, "Vanhuwo zvavo vakanzwa Jesu nomufaro."

108 Pane kamwe kachiitiko kakaitika kuMexico, nguva pfupi yapfuura. Mutungamiriri wehondo vaValdena, vakasanangurwa naMwari, Chiedza chakavheneka panzira yavo kamwe, pane imwe yemisangano. Mhare huru yeChikatorike, mumwe wevatungamiriri wemauto vakuru muMexico, akauya nokuzvininipisa kuartari uye ndokugamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Iye akadzokera zasi kuMexico. Iye akaramba achichema kwandiri achigombedzera, kuti ndidzike zasi ikoko. Pokupedzisira, ndakazofunga kuti ndidzike zasi ikoko. Ishe vakanditungamira; ndakaona chiratidzo. Ndakaudza mudzimai wangu. Ndokudzika zasi ikoko.

Zvino pavakadaro, iye ari mumwe wevakuru vemauto, mukuru wemauto ane nyembe ine nyeredzi ina, akaenda kumuzinda, kuhurumende. Uye, ivo, vakaomarara chaizvo pakusada maProtestanti zasi ikoko, munoziva. Saka vakaziva kuti uyu waizove musangano mukuru chaizvo, saka vakaenda ikoko vakapiwa kuchengetedzwa nemasoja. Zvino pavakadaro, vakawana nhandare huru. Zvino vaizondiunza mukati sezvizvi. Hurumende ndiyo yaizondiunza.

Saka, pavakaita izvozvo, mu—mubhishopi, mumwe wemabhishopi vakuru vechechi yeKatorike, akaenda kwaari, kuna gavhunha, iye akati, "Changamire, ndiri kunzwisisa kuti muri kuunza munhu asiri muKatorike."

Akati, "Hongu. Ko zvaita sei?"

"Sei," iye akati, "hazviite kuti muuye nemunhu akadaro muno. Hurumende ino haisati yakamboziva kuita chinhu chakadaro."

109 "Asika," akati, "tatozviitaka iye zvino." Akati, "Uyezve," akati, "munhu wacho murume ane mukurumbira une chapupu chakanaka. Ndinonzwisisa kuti zviuru zvevanhu zvinouya kuzomuteerera. Mutungamiri wemauto Valdena, ishamwari yangu yepamoyo." Akati . . . Uye aine . . . Mutungamiriri wenyika pachake muProtestanti, munoziva, Methodisti. Saka akati—akati, "Munhu uyu murume ane mukurumbira nechapupu chakanaka, pakuziva kwangu." Akati, "Mukuru wehondo vaValdena pano, vakatendeuka pasi pemurume uyu." Akati, "Handiti, iye, sokuziva kwangu, munhu ane mukurumbira nechapupu chakanaka." Ndokuti, "Zviuru zvevanhu, vanotaura kudaro, vanouya kuzomunzwa."

Zvino mubhishopi uyu akati, "Vanhu vemhando ipiko, changamire? Vangori vanhu vasina zvavanoziva. Ndivo vacho vanoenda, kunoteerera munhu akadaro."

110 Mutungamiri wenyika akati, "Changamire, imi manga muinavo kwemazana mashanu emakore, ko sei vasina zvavanoziva?" Izvozvo zvakabva zvakwana. Zvakapedza nyaya yacho. Oh, ini zvangu! Zvakavanyararidza zvachose. Hongu, changamire. Hongu.

111 Zvino pakamutswa kamwana kaye kubva kuvakafa, ndakatuma nhume mushure memurume uya. Mudzimai akanga achitaura, nechiSpanish, "Mwana afa, mangwanani ano nenguva dza nine o'clock." Uye kwakanga kuchinaya chaizvo, mvura. Taiva nezvingaite zviuru gumi zvevaitendeuka kuna Kristu, husiku hwega-hwega.

Nezuro wacho husiku, mumwe mutana bofu akanga agamuchira kupodzwa kwemaziso ake papuratifomu. Oh, mitutu yakakura zvakapetwa katatu kana kana kupfuura tabhenakire ino, zvakareba *kudai*, zvemashawero nenguwani zvakaunganidzwa. Uye ini ndakango . . .

112 Vaindidzikisa netambo, munhandare, kuti vandipinze. Ndakangopinda imomo uye ndokutanga kuparidza, nokutenda.

Billy akauya, ndokuti, "Baba, muchangofanirwa kuita chimwe chinhu, mudzimai iyeye." Akati, "Ndine maasha mazana matatu akamira apo. Vari kutotadza kumisa kamudzimai kadiki, kanorema mapaunzi angaite zana, potse." Uye kakanaka, kamudzimai kadiki kakareba zvakada *kudai*, zvingangodaro, o, dzimwe nguva mwana wake wokutanga. Ndingati ane makore makumi maviri nematatu kana kuti makumi maviri nemashanu okuberekwa.

113 Uye ainge akamira ipapo, uye vhudzi rake rakarembera richidzika, uye akabata kamwana kadiki. Zvino aimhanya mberi kuti apinde mumutsara uyu. Varume vaibva vamusundira

shure. Iye aibva akwira napamusoro pavo, kamwana ikako kari pahudyu pake, zvakangodaro, achipinda napakati pemakumbo avo, kana chii zvacho. Vaimuzvuva kubva ipapo, uye vachitozoita zvokumukava kuti vamubvise papuratifomu.

114 Uye vakanga vasina kadhi rokunamatirwa rokuti vamupe. Iye akati, "Kana ndikaita kuti mudzimai uye apinde imomo, baba, nekamwana kakafa ikako, asina kadhi rokunamatirwa, uye . . ." Akati, "Ivo vamwe vakamira apo, vanga vakamira pano mazuva maviri kana matatu, mumvura nemuzuva. Zvino ndoita kuti aende mberi kwavo," akati, "zvinokonzera zho—zhowezhowe zasi ikoko."

115 Ndikati, "Zvose zvakanaka." Hama Moore vakanga varipo, zvino vakaita sevane mhanza seni. Zvino ndakati, "Mudzimai uyu haazive kuti uyu ndiani, nokuti vanhu vakawanda." Ndakati, "Tumai . . ." Uye—uye paive nedzimwe hama dzakati kuti, imwe yehama yepano patabhenakeri, iyo yakaenda muKubwinya zvino, handicharangarira zita ravo iye zvino, asi, aive akamira kumashure uko. Saka ini ndikati, "Hama Moore, dzikai kuzasi, namatirai kamwana ako. Mudzimai uyo haazomboziva kuti ndiani, kunyange kuti ndini here kana ndimi. Chingodzikai ikoko. Uye asingagone kutaura Chirungu."

Saka naizvozvo Hama Moore vakati, "Zvose zvakanaka, Hama Branham."

116 Vakatanga kufamba vachidzika. Ndakati, "Sezvandanga ndichitaura kuti, kute- . . ." Ipapo ndakabva ndaona kamwana kaduku, kamwana kaduku kechiMexican kagere pamberi pangu, kachingoseka. Ini ndikati, "Mirai zvishoma." Uye ini ndikati, "Regai mudzimai muduku uya auye kuno."

Billy akati, "Ini handigone kuita izvozvo, baba. Anozo . . ."

Ini ndikati, "Ndaona chiratidzo, Billy."

Akati, "Oh, izvo zvasiyana."

117 Naizvozvo takazurura nzira pakati pevanhu saizvozvo tikabva tamuunza mudzimai uya. Heunoi ava kuuya, achiwira pasi achigwadama namabvi ake, nerusariro rwake rwemunamato muruoko rwake. Ini ndokuti, "Simukai."

Saka ini ndakati, "Baba voKudenga, zvino ini handizivi kuti Muchaitei. Handizivi kuti Imi muri kungoda kuti ini ndingogutsa mudzimai uyu nokunyengeterera mwana, kana kuti chii. Asi," ndakati, "Ini ndinoisa maoko angu pamusoro pemwana muduku uyu, nemuZita raIshe Jesu." Nenzira imwe chete yandakaita kune Hama Way, varerepo pasi, vafa, rimwe zuva riya. Zvino gumbeze rakakwakuka, uye kamwana kadiki kaya kakatanga kuzhamba. Zvino kakabva kapepuka kuupenyu hwako. Apo . . .

118 Ndakatuma mumhanyi, Hama Espinosa, kuenda nemudzimai uya kuna chiremba, kuti vawane gwaro

rakasimbiswa nemhiko kubva kunachiremba, "Kuti mwana afa." Dzaive nguva dzingaita ten o'clock dzemanheru iwayo. "Akafa mangwanani acho na nine o'clock, muhofisi yake, nemabayo." Ivo vakapihwa tsamba yakasimbiswa nemhiko kubva kuna chiremba.

Mupepanhawu havana kugona kuramba vakazvinyarara, imi munoziva, saka vakatozouya. Vakawana nguva yokukurukura neni. Uye vakati kwandiri, iye akati, "Ko imi munofunga kuti vasante vedu vangagona kuzviitawo, here?"

Ini ndikati, "Ndokunge vachirarama."

"Oh," akati, "haugone kuita musande kusvikira watofa." Hezvoka izvo kwauri. Maona? Uye vanhu . . .

119 Makaona, rimwe zuva riya, pavakave nemusisita wechiRoma uya, mupepanhawu? Saka, musante mutsva akafa, o, makore zana akapfuura, kana zvakada kudaro, uye vakazoita . . . vakazomupa husante iye zvino, vakamuita musante. Uye vakati—vakati akadzoka kubva kuvafi uye ndokunamatira mumwe munhu airwara nekenza yemuropa. Handizvo here? Zvakabuda mune rimwe remamagazini. Chimbofungai kuti vanoedza sei kunyepedzera izvozvo, apo paine mazana nemazana enyaya dziri pamberi pevanhu ipo pano. Chii chinhu ichocho? Maitiro ekuti chechi yemaProtestanti ipinzwe munyaya yacho, maona, zviite kuti vafunge chimwe chinhu.

Asi zvino mabasa chaiwo aShe, pazviri kunyatsosimbiswa, nokuratidzwa, havatomboda kuti vazvibuditse mupepa nhawu izvozvo. Hezvoka kwamuri. Vakagamuchira kokero vakairamba. Hongu, changamire.

120 Havagone kunzwisisa kuti Mharidzo yakareruka, vanhu vakareruka, kuramba chinhu chakadaro kungavakonzere kuti vapinde munyonganyonga.

121 Mumwe mudzimai akati kwandiri, kuGrand Pass, Oregon, imwe nguva yapfuura, mumwe musikana weChikatorike akauya ikoko kuzonyora zvekupomera nokushora. Akanga ari munyori wepepanhawu, akabata pakiti refodya muruoko rwake. Uye iye akati, "Ini ndinoda kutaura nemi."

Ndikati, "Ko chiiko chauri kuda kutaura?"

Iye ndokuti, "Ndinoda kukubvunzai mimwe mibvunzo pamusoro pechinamato chenyu ichi."

Ini ndokuti, "Ko unoda kubvunza nezveyi?"

Iye ndokuti, "Ko imi munoita izvi nesimba raani?"

122 Ini ndikati, "NemuZita raJesu Kristu, nekudana kwaMwari." Zvino iye akaenderera mberi, achingovirima. Ini ndikati, "Mirai zvishoma."

Iye akati, "Kana zviri zvekuti ndinofanira kuwadzana neboka ravasina chavanoziva avo kumusoro uko," akati, "ini

handingamboda kuva muKristu." Iye akati, "Uye kana ivo . . . Zvinonzi ivo vanhu ivavo vachatonga nyika nerimwe zuva." Akati, "Ndinovimba ini ndinenge ndisipo."

Ini ndikati, "Usanetseka hako. Unenge usipo." Ndakati, "Iwe . . . kunetseka nezvazvo."

"Seizve," akati, "kungoenderera mberi nekuita ruzha kwese ikoko!"

Ini ndikati, "Zvino iwe unozviti uri muKatorike?"

Iye akati, "Ndizvo zvandiri."

123 Ini ndokuti, "Wanga uchiziva here kuti mhandara yakaropafadzwa Maria yakatogamuchira Mweya Mutsvene uye nekutaura nendimi, uye nekutamba muMweya, nenzira imwecheteyo yavakaita, Mwari vasati vamugamuchira? Munodana kuti amai vaMwari."

Iye ndokubva ati, "Hazvina nematuro ose."

Ini ndokuti, "Chimbomira zvishoma. Ini . . . "

"Handifanire kunge ndichitarisa Bhaibheri."

124 Ndikati, "Saka zvino uchazoziva sei kuti ndezveChokwadi kana kwete?"

Iye ndokuti, "Ndinotora shoko rechechi yangu."

125 Ini ndikati, "Iri iShoko raMwari. HeRino riri pano apa. Ndinokupikisa kuti uRitarise. Uye Maria akanga ainavo kumusoro uko muimba yepamusoro, uye ndokugamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene sezvakaita vamwe vose. Zvino imi munomuti amai vaMwari." Ndikati, "Zvino iwe woti izvozvo, 'Boka remarara; zvisina maturo'?" Ndikati, "Usanetseka. Iwe unenge usiKo. Iwe hauna zvakanyanya zvekuzvinetsa nazvo, kana zviri izvo zvoga zvaunofanira kunetseka nezvazvo. Iwe unofanira kunetseka nezvemweya wako uzere zvivi, musikana." Zvino ndakazomurega achienda.

126 Zvino chifungai pamusoro pazvose izvi, zvakareruka. Mwari vanozvirerutsa.

Ko Ahab, ko Jezebheri, ko vanhu vose sei vaifunga kuti Eria aiva muroyi, vaifunga sei kuti aiva muvuki? Kunyange Ahab akati, "Uyu ndiye akakonzera matambudziko ose aya kuIsraeri."

Iye akati, "Iwe ndiwe watambudza Israeri."

127 Ko nyika iya ingafunge sei, kuti, kuramba mharidzo yemurume ane huso hunenge hwefuza saizvozvo, asina kupfeka hanzu dzechiprisita, uye nezvakadaro, zvaizovapinza pakutongwa kwavo?

Ko zvakaitika sei kuti Egipita, yaitonga pasi rose, anafarao, nemapoka avo nokuremekedzwa kwavo? Pasi rose harisati rambosvika panzvimbo yakadaro zvakare, musainzi nezvimwe

zvakadaro. Ko vaizogona kurangarira sei, kuti kuramba muporofita akwegura zvakadaro ane makore makumi masere, nemakushe endebvu dzepamusoro pemuromo dzakarembera, nebvudzi rakachena, achifamba achibuda imomo, ari mudzungairi? Uye agobuda imomo nemharidzo, "Unotofanira kuvasunungura vaende, kana kuti Mwari vachaparadza nyika." Ko Farao akazviita sei? "Unofanira kunditeerera, Farao."

128 Farao akati, "Kuteerera?" Oh, iye, Farao! Uye kamutana, "Mumwewo mupengo akwegura," ndizvo zvavaifunga, "kuramba munhu akadaro, zvingaparadze nyika?" Asi ndizvo zvazvakaita. Oh, ini zvangu!

Ngatimbomirai, tombomira zvishoma uye tova nomunamato, uye tifunge. Tiri kurarama muzuva ripi? Tave papi? Chimwezve chizvarwa chechimanjemanje, chesainzi. Tinofanira kufunga. Dzimwe nguva, imi mirai, vanhu mirai mumbonamata kwekanguva zvishoma, uye chimbofungai zvishoma, unotozonzwa zvakanaka kana uchinge wapedza kuzviita. Ndizvo chaizvo.

129 Mukristu haasi turusi, kanawo chimwewo chipanera chisina basa chinoshandisirwa humwe hurongwa hwechinamato. Ndizvo chaizvo. Mukristu haasi imwe turusi inoita kuti hurongwa hwesangano rechinamato rirambe richifamba. Mukristu, iyeye haasi Mukristu. Mukristu kufanana naKristu. Uye Mukristu haagone kuva Mukristu kudzamara Kristu apinda mukati memunhu, Hupenyu hwaKristu mukati make. Zvino izvozvo zvinobereka Hupenyu hwakararamwa naKristu, uye unoita zvinhu zvakaitwa naKristu.

130 Chiiko chandiri kutaura pamusoro pacho? Hukama hwako pachako iwe naKristu. Chii ichocho? Ko hupenyu hwako hunokodzerana here neEvhangeri?

Zvino ndiri kuedza kuradzika hwaro hwacho ipapo, kukuratidzai kuti, varume nemadzimai vaive madzimai vaizivikanwa zvikuru, varume.

131 Bhaibheri rakati. Makacherechedza here? Svondo yakapfuura manheru, chimwe chinhu chandakakanganwa kuisa, Genesi chitsauko 6 ndima 4. "Varume avo vakazvitorera vakadzi, kuva madzimai, vaive varume vakare, vaizivikanwa zvikuru." Varume vaizivikanwa zvikuru, vakafanotaurwa kuti vaizouya zvakare. "Sezvazvakange zvakaita mumazuva aNoa, ndizvo zvazvichaitawo namazuva oKuuya kweMwanakomana wemunhu." "Varume vane mukurumbira vachitora vakadzi," kwete madzimai, "vakadzi; vachitevera kuchiva kwenyama kwakaipa."

132 Tarisai muEngland, mavhiki mashoma apfuura. Tarisai muUnited States. Tarisai kwose-kwose, kwakazara hupfeve. Varume varemekedzwa vakuru, vakuru, vemahofisi makuru, vachiunza kunyadziswa kukuru panyika, vachidzingirira

vakadzi. Murume mukuru uya muEngland, akada kuita semutungamiriri wemauto, zvakadaro, sei, makacherechedza here, akange aine mudzimai akanaka. Mufananidzo wemudzimai uyu wakanga uripo, pamwepo. Tarisai chipfeve chekuRussia chiya, asi chainge chakapfeka hanzu dzinokwezvera ruchiva, ndokuzvikandira kunze ikoko, ndokuzvishambadzira mutumbi wake wechidzimai. Zvino murume uya akawa nokuda kwaizvozvo.

133 Chatiri kuda nhasi vanakomana vaMwari. Tinoda varume muhurumende, vanenge vari vanakomana vaMwari. Ndizvozvo chaizvo. Naizvozvo, mambo akanaka, wehumwari chaiye anopedza zvisina maturo zvose izvi. Panenge pasina zvekunyengerera. Sezvakaitwa naDhavhidhi, iye akazvipedza zvose. Zvirokwazvo akazviita, nokuti aiva mambo. Uye pakange pangori . . .

134 Nzira chaiyo, ndeye kuti, Mwari achive Mambo, zvino Mwari vanotumira muporofita. Ko Samueri haana here kuvataurira vasati vatombowana mambo? Iye akati, "Mwari ndiye Mambo wenyu. Pane chandambokutaurirai here nemuZita raJehovha kunze kwezvakaitika?"

Ivo vakati, "Kwete. Ndizvo chaizvo."

"Ko ini ndakambokunetsai kuti mundipe zvinondiraramisai here?"

"Kwete. Hamuna kumbotinetsa kuti tikupei zvokuraramisa."

"Ini handina kumbokuudzai chimwe chinhu kunze kwezvaiva zvakanaka chete, pamberi paMwari." Akati, "Mwari ndiye Mambo wenyu."

135 "Oh, tinozvicherechedza izvozvo. Uye tinoziva kuti uri murume akanaka, Samueri. Tinotenda kuti Shoko raJehovha rinouya kwauri, asi tiri kuda mambo, kunyange zvakadaro." Maona? Ndizvo zvavanowana.

136 Pentekosti yaida sangano, kunyange zvakadaro. Yakariwana. Ndizvo chaizvo. Vaida kufanana nemamwe machechi ose. Ndizvo zvamuri. Endererai mberi, ndizvo, ndizvo zvoga zvazvinotora. Asi Mwari ndiye Mambo wedu. Mwari ndiye Mambo wedu. Hongu, changamire.

137 Chii ichocho? Ndezve kuti vanhu, sezvavakaita mumazuva aKristu, sezvavanoita muchizvarwa chese, vanowana chikonzero. Ivo vane zvitendwa zvavo. Ungasade kuti ataure kuti, "Ini—ini ndatenga mhou, uye ndinofanira kuona kuti icha—ichashanda here kana kuti kwete, kana kupa mukaka, kana—kana kuti ndeyemhando yakaita sei." Ungatadza kuva nechikonzero chakadaro.

Asi heino mhando yechikonzero chingataurwa nevanhu, "Ndiri muPresbyteriani. Isu hatitende mune Izvozvo. Ndiri

muBaptisti. Hatitende muna izvo zvinhu Zvakadaro. Zvino, ini ndiri muRutherani." Zvakanaka, izvozvo hazvinei nechekuita naZvo. Izvozvo hazvirevi kuti uri Mukristu. Izvozvo zvinoreva kuti uri nhengo yeboka ravanhu vari vesangano. Uye uri nhengo yekirabhu yeRutherani, kirabhu yeBaptisti, kirabhu yePentekosti. Hakuna chinhu chinonzi Chechi yePentekosti. Hakuna chinhu chinonzi Chechi yeBaptisti. Ikirabhu yeBaptisti, kirabhu yePentekosti, kirabhu yePresbyteriani.

Asi pane Chechi imwe chete bedzi. Uye pane nzira imwe chete bedzi yaunopinda maIri, uye inzira yeKubarwa. Unobarwa kuti upinde muChechi yaJesu Kristu, uye nhengo yeMutumbi waKe, nhengo yeboka repamweya reveDenga. Zvino zviratidzo, zvokuti Kristu anewe, zvinorarama nemauri.

138 Makristu, oh, unofanira kuva nehukama hwako pachako kuna Mwari. Kuti uve mwanakomana waMwari, unofanira kuva nehukama naMwari. Iye anofanira kuva Baba vako, kuitira kuti iwe ugova mwanakomana. Uye vanakomana nevanasikana vaKe chete ndivo vanoponeswa, kwete nhengo dzechechi, asi vanakomana nevanasikana. Pane chinhu chimwe chete bedzi chinobereka izvozvo, ndiko Kubarwa kutsva. Kubarwa kutsva ndicho chinhu choga chinobereka hukama kuna Mwari. Ndizvo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Vanakomana nevanasikana. Zvino kana izvozvo zvichinge zvaitika, zvino ivo varume . . .

139 Heunoi mubvunzo wandiri kuda kusvitsa kwamuri. Munhu anoti, "Chii chatinozoita mushure mekunge taberekwa patsva?" Vazhinji chaizvo vanondibvunza mubvunzo iwoyo. "Chii zvino chandinofanira kuita, Hama Branham?" Kana uchinge wabarwa patsva, hunhu hwako hwese hwashandurwa. Wafa kuzvinhu zvawaimbofunga.

140 "Zvakanaka," unoti, "Hama Branham, pandakajoinha chechi, ndakazviwana."

Zvakanaka, zvino, apa, Mwari akati, "Jesu Kristu unogara akadaro zuro, nanhasi, nokusingaperi. Iye achiri kupodza vanorwara. Iye achiri kungoonesa zviratidzo."

"Asi, Hama Branham, chechi yangu!" Zvino, hauna kubarwa patsva. Maona? Haukwanise; nokuti, kana Mwari wacho chaiye, kana Hupenyu hwaKe huri mauri, sokunge . . . uri, muhupenyu hwababa vako, uye, kana Hupenyu chaiwo hwaMwari kana huri mauri, Mweya chaiwo wakanga uri muna Kristu, mauri, ko zvingaitike sei kuti Mweya unorarama muna Jesu Kristu uye ugonyora *Izvi*, zvino wozodzoka uchidzika mauri uye ugoramba Izvozvo? Maona? Hazvigoneke. Unototsigira Shoko rimwe nerimwe kuti ndizvozvo.

141 Zvino, kana iwe ukati, "Zvakanaka, ndiri nhengo yakanaka yechechi." Izvozvo hazvina kana chimwe chete chekuita naZvo.

Ndinoziva vahedheni. Zasi kuAfrica, pakati pehama dzangu dzechitema pasi ikoko, ndinoona hunhu hwevanhu ivavo huri pamusoro kupfuura—kupfuura zvikamu makumi mapfumbamwe kubva muzana hwevanhu vomuAmerica. Nokuti, mune mamwe marudzi ikoko, kana musikana wechidiki asina kuwanikwa iye asvika rimwe zera, kana kuti paanosvika rimwe zera uye poshaya anenge amutora, vanobva vaziva kuti pane chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka. Vanomudzinga. Anobvisa pendi yerudzi rwake, uye anobva aenda kudhorobha, uye anobva angova nhunzvatunzva. Zvino paanoroorwa, anoongororwa humhandara hwake. Zvino kana kachidzitiro kadiki kehumhandara kakapamurwa, zvino anofanira kutaura kuti ndiani akazviita. Uye vanobva vavauraya vose vaviri, pamwechete. Hapangave nekuuraya kwakawanda here muAmerica kana izvozvo zvikaitwa? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Maona? Zvino imi munovati vahedheni? Oh, ini zvangu! Vanogona kuuya kuzodzidzisa vanhu, avo vanozviti nhengo dzechechi, kurarama zvakachena. Ndizvozvo chaizvo.

142 Handina kumbowana nyaya yechirwere chezveupombwe murwendo rwose muSouth Africa. Havana chinhu chakadaro. Hapoka apa. Maona? Dzingori nzira dzedu dzakaipa dzakasviba, sevachena. Ndizvozvo chaizvo. Takabva pana Mwari.

143 Zvino kana izvi zvaitika, chinhu chaunozoita zvino, unozoona kuti Mweya unouya mauri, kubva paKubarwa kutsva, unozotenda nokuita zvose zvinotaurwa naMwari muShoko raKe kuti uite. Uye nezvose izvo Bhaibheri rinotaura kwauri kuti uite, iwe uchazotsigira ne "ameni." Uye hauzozorore, masikati nehusiku, kusvikira waugamuchira. Ndizvozvo chaizvo. Ndizvozvo chaizvo. Uye munguva yose iyi, iwe zvirokwazvo, pamusoro pazvose, unenge uchibereka muchero weMweya.

144 Unoti, "Ko ndichataura nendimi here?" Unogona kuzviita, uye unogona kusazviita. "Ndichadanidzira here?" Unogona kuzviita. Unogona kusazviita.

Asi pane chinhu chimwe chete chechokwadi chauchaita. Uchabereka muchero weMweya. Uye muchero weMweya ndirwo rudo, mufaro, rugare, kutenda, mwoyo murefu, hunyoro, nokuzvidzora, kutsungirira. Hasha dzako hadzizove, "Oooh!" Chingorangarira, kana uine zvakadaro, zvinoisa chepfu yokudzinga Mweya Mutsvene kubva pauri. Maona? Ukasvika pachinhanho chekuti unoda kunetsana nemunhu wese waunosvika kwaari, pane chakatsveyama. Ukasvika panzvimbo iyo . . . mushumiri anoverenga kubva muBhaibheri, kuti zvakaipa kuita chimwe chinhu, uye, iwe wobva wa . . . Ingorangarira, hapana Chikristu ipapo zvachose. Ndizvozvo zvino, nokuti, "Nezvibereko zvavo muchavaziva." Ndizvo zvakataurwa naJesu. Maona?

145 Kana riri Shoko, uye Mwari vakataura saizvozvo, Mweya iwoyo uri mauri unobvumirana neShoko iroro, nguva dzose. Nokuti, Mweya Mutsvene wechokwadi unobvumirana neShoko, nokuti Shoko ndiro Hupenyu uye Mweya. Jesu akati, "Mashoko aNgu Mweya." Zvino kana uine Hupenyu Husingaperi, uye Iye iShoko, ko Shoko ringagoramba Shoko sei? Maona? Ko munozoita kuti Mwari vave munhu akaita sei? Ndiyo imwe nzira yekuziva, kuti uri Mukristu, kana wava kunyatsobvumirana pamwe chete neShoko rimwe nerimwe raMwari.

146 Zvino unozozviona wave kutova murudo nevavengi vako. Mumwe munhu anoti, "Zvakanaka, hapana zvaari asi muumburuki mutsvene." Zvino iwe wobva watanga kuva . . . Chenjera. Chichenjera. Asi kana ukanyatsakuzviona, pachako, kuti unomuda! Zvisina basa kuti vaitei, iwe unongoramba uchivada. Maona?

147 Zvino unozotanga kuona, uye kutsungirira kwako kunowanda kuchibva pakareba *zvakadai,* kusvikira hapasisina magumo. Ani naani zvake anongoramba achitaura zvinhu pamusoro pako, "Zvakanaka, ini handina basa nezvaunotaura!" Usamutse hasha dzako. Kana hasha dzako dzikamutswa, unofanira kutanga waenda kunonamata, usati wataura navo zvakare. Hongu. Hongu.

Usapinde mukukakavadzana nevanhu. Usafarire kupinda mukukakavadzana; kana uchida kuona mumwe munhu achisimuka muchechi, oti, "Iwe unozivei? Rega ndikutaurire, *Nhingi-ngana* akaita *zvekuti-zvakati.*"

Iwe iti, "Zvino, hama, nyara iwe."

148 Iwe ukati, "Oh, ndizvo zvakaitika?" Wateerera makuhwa iwayo? Ngwarira.

Mweya Mutsvene hausi dziva retsvina. Maona? Kwete, kwete. Kwete, kwete. Mwoyo wakazara neMweya Mutsvene, uzere hutsvene, kuchena. "Haufunge zvakaipa, hauite chakaipa; unotenda zvose; unotsungirira, une mwoyo murefu." Maona?

149 Usaite gakava. Kana mhuri yapinda mugakava, usakakavadzane navo. Amai vako vakati, "Ini handisi kutendera kuti ukwire uko, kuchechi iyo yakare, zvakare. Zvino, iwe, zvawava kungofunga nezvazvo zvino, uri kurega bvudzi rako richingokura. Unoratidzika sevamwe ambuya vakwegura." Usakakavadzane navo.

Iti, "Zvakanaka, amai. Zvose zvakanaka. Ini ndinokudai, kunyange zvakadaro. Uye ndichange ndichikunamatirai chero ndichiri kurarama." Maona?

150 Zvino, usaite gakava. Maona? Hasha dzinobereka hasha. Chekutanga munoziva, munochemedza Mweya Mutsvene kuti ubve pauri, unenge uchikakavara uchidzosera. Zvino Mweya Mutsvene unobhururuka Uchitiza. Hasha dzinobereka hasha.

Uye rudo runobereka rudo. Iva wakazara nerudo. Jesu akati, "Nenzira iyi vanhu vose vachaziva kuti imi muri vadzidzi vaNgu, kana muine rudo, mumwe kune mumwe." Ndicho chibereko cheMweya Mutsvene, rudo.

151 Uye wanga uchiziva here, uri musiki mudiki, iwe pachako? Unozviziva here izvozvo? Zvirokwazvo. Wakaona vanhu vokuti unoda kuva pavari. Hauzive kuti sei. Angori mhando yemunhu ane rudo. Wakambozviona izvozvo? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Angori munhu ane tsiye nyoro, ipapo, unoda kuva pedyo navo. Ndizvo . . . Vanosika hupo ihwohwo, nenzira yehupenyu hwavanorarama, nenzira yavanotaura nayo, matauriro avo.

Zvino, wakaona avo vekuti, nguva dzose, u—unovanyenyeredza. Nguva yese, vanoda kutaura pamusoro pechimwe chinhu chakaipa, kutaura pamusoro pemumwe munhu. Unoti, "Oh, ini zvangu! Havanoi vouya. Vari kuzotsoropodza mumwe munhu ipapo. Ari muno zvino, ari kuzotaura pamusoro pemurume *uyu*. Zvose zvavari kuzongoita kutaura nyn'ambo dzinonyadzisira dzinosetsa, kana chimwe chinhu pamusoro pevakadzi, kana chimwe chinhu chakadaro." Unotovenga kuva pedyo nevanhu vakadaro. Maona? Vanosika. Pakutaridzika kwazvo, vanhu vakanaka chaizvo, asi vanosika hupo.

Uye zvinhu zvaunofunga pamusoro pazvo, zvinhu zvaunoita, maitiro, zvinhu zvaunotaura nezvazvo, zvinosika hupo ihwohwo.

152 Ndakapinda muhofisi yomumwe murume, muno muguta rino. Uye murume uyu mutirastii, kana kuti mudhikoni, ndizvo zvaari, muchechi yakanaka. Ndakaenda imomo kuti ndione murume iyeye pamusoro perimwe basa. Uye mune redhiyo imomo, rerock-and-roll kana kuti twisti, kana chingava chii, ichirira zvakaomarara. Uye ndinofunga muhofisi make, maiva nemifananidzo makumi mana pamadziro yevakadzi vasina kupfeka. Zvino, haugone kundiudza kuti uri mudhikoni zvakadini, kana kuti uri zvimwewo zvakaita sei. Iwe ndiratidze zvinhu zvaunotarisa, uye nezvaunoverenga, uye nemhando yemumhanzi waunoteerera, neboka revanhu vaunowadzana navo, uye ini ndichazokutaurira mhando yemweya uri mukati mako. Maona? Hongu.

153 Unonzwa munhu achiti, "Ini kuita *zvakati-ne-zvakati*? Boka iro . . . " Ingorangarira, handina basa nezvaanotaura. Mashoko ake ane ruzha rwakawanda. Mabasa ake ane ruzha rwakawanda kupfuurira chose chaangataure. Anogona kupupura, achiti Mukristu, ichokwadi, uye pamwe kuita chero chinhu. Asi iwe chingotarira mhando yehupenyu hwaanorarama. Ndizvo zvinoratidza zvaari.

154 Zvino, mungambofunga here kuti, munhu ane hupenyu hwokuti anoti, "Kutenda mukupodza kwaMwari, ndechimwe chinhu cheshiri. Zvaiveko makore apfuura kare. Hakuna chinhu chakadaro nhasi"? Ihwohwo hupenyu hwakakodzera Evhangeri here, moti, "Kristu akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, uye namavanga aKe takaporeswa"? Iwe unoti, "Asi ndiri mudhikoni." Handina basa nazvo. Unogona kunge uri mubhishopi.

155 Pandakanzwa muBhishopi Sheen vachiti, makore angaite maviri apfuura, ndichidzika; handina kuzovhura redhiyo kuti ndivateerere zvakare. Paakati, "Munhu anotenda uye achida kuedza kurarama nenzira yeBhaibheri iro, akafanana nemunhu ari kuedza kufamba nemumvura dzine matope." MuBhishopi Sheen, zvino odzoka, ndokuti, "Kana ndasvika Kudenga, munozivei? Pandichasangana naJesu, ndichaMuudza, 'Ini ndini Bhishopi Sheen,' uye Iye achati, 'Oh, hongu, Ndakambonzwa amai vaNgu vachitaura nezvako.'" Chihedheni, varume vanoita zvokumhura irori Shoko. Mwari ngaave netsitsi. Ini handisi mutongi. Maona?

Shoko iroro ndiro Zvokwadi. Ndizvozvo. Uye Mweya waMwari unocherechedza zvaAkanyora Iye pachaKe. Iye anozvibatanidza neZvinyorwa Zvake. Zvi—Zvi—Zvinotaura pamusoro paKe. Uye unobatanidzwa nekuRitenda, zvino ndiZvo zvinokupa kodzero dzokuzivikanwa nadzo.

156 Usakakavadzana nevamwe. Uye usava—uye usava nemagakava emhuri aya, sezvandakamboreva. Rudo rwunobereka rudo. Uye hasha dzinobereka hasha.

157 Zvino, zvino ngatitarisei. Tarisai pana Jesu, kwakanguva. Iye aiva muenzaniso wako. Ndinovimba kuti hamusi kunyanya kuneta. Tarisai. Ngatitarisei pana Jesu, kwekanguva. Iye aiva muenzaniso wedu. Akataura kudaro. "Nokuti Ini ndakakupai muenzaniso, wokuti munofanira kuitira kune vamwe sezvaNdaitawo kwamuri."

158 Zvino tarisai. PaAkauya munyika, apo zvapaive nezvakawanda, nekusatenda kwakawanda munyika sekwakanga kwambovepo, izvozvo hazvina kumboita kuti Anonotswe. Akangoenderera mberi achingoparidza zvakadaro, uye achingoporesa zvakadaro. Hazvina kana kumboMunetsa. Paiva navatsoropodzi. Murumwe uyu akatsoropodzwa kubvira panguva yaAkanga ari Mucheche kusvika Afa pamuchinjikwa. Izvozvo zvakaMumisa here? Kwete, changamire. Chii chaiva chinangwa Chake? "Nguva yose kuita izvo zvakanyorwa naBaba. Nguva dzose kuita zvose izvo zvinoMufadza."

159 Tarisai pana Jesu. Ungataura pamusoro pokuti tizvininipise? Mwari pachaKe paakave Mucheche, panzvimbo pokuuya ari mu—mukamubhedha kadiki pane imwe nzvimbo muimba yakatsigawo, akaberekwa kunze uko pamusoro

pechuru chemupfudze mudanga, pakati pemhuru dzaibowa. VakaMuputira mumachira, ainge abviswa kubva pamutsipa pejoko renzombe. Murombo wevarombo, uye, asi, ari Musiki wematenga nepasi.

160 Nehumwe husiku hwaitonhora, kuchinaya, vakati, "Tenzi, tinoenda kumba neMi."

161 Iye akati, "Mhungubwe dzine mwena, neshiri dzine matendere, asi Ini handina pandingatsamidza musoro waNgu."

Mwari, Jehovha, Akazvininipisa uye akava Munhu; akamiririrwa munyama yezvivi, kuti adzikinure iwe neni. Saka timbori vanaani zvino? Iye ndiye aiva muenzaniso wedu. Ko ini ndini ani? Hapana.

162 Ndanga ndichitaurira mumwe munhu, masikati ano, mune kamusangano kadiki. Ndikati, "Mwanakomana wose akaberekwa naMwari anofanira kuedzwa, kutanga, kurangwa." Ndinorangarira pandakasangana nokuedzwa kwangu, kana kuti nguva yangu hurusa. Kana—kana munhu aberekwa patsva, pane kanhu kaduku, kuita senzara yepamunwe, kanoiswa maari naMwari, kahurongwa, uye kanowira mumwoyo make zvino kodzika hoko. Zvino Satani anoita kuti azviratidze. Uye kana iko kasipo, watoparara iwe.

163 Ndinorangarira imomo muchipatara, ndaiva namakore angaita makumi maviri namaviri, makumi maviri nematatu, pamwe, zvakada kudaro, ndiri murume wechidiki. Uye baba vangu, vaive vofa mumaoko angu, zvino ini ndichitaura kuna Mwari somupodzi. Uye baba vangu vari pakurwara nemwoyo, vakaradzika musoro wavo muruoko rwangu, uye ini ndichivanyengeterera; nokuona vachipinduka maziso ndokunditarisa, ndokuwira pasi, kuenda kunosangana naMwari. Ndakaenda navo ndikanovaviga parutivi pemunin'ina wangu, ipapo maruva akanga achiri manyoro paguva rake, apo ini ndichiparidza nezvaMwari anoporesa varwere. Ndaishandira iya Public Service Company, ndichiwana masenzi makumi maviri paawa, uye mudzimai wangu aishanda kunze uko ari pafekitori yamashati; kutibatsira kuriritira kakomana kedu kaiva nemwedzi gumi nemisere, Billy Paul, uye nakamusikana kaiva nemwedzi misere kaaiva akatakura.

Ndaona Hanzvadzi Wilson vachigutsurira musoro wavo. Vanozvirangarira izvozvo; Roy Slaughter uye navamwe mhare dzakare.

164 Ndaiitei? Ndaifamba mudzinzira, nesangweji muruoko rwangu, mushure mokunge ndaburuka kubva pabango, uye ndichipupurira kumunhu wose aipfuura nepo, pamusoro perudo rwaJesu Kristu. Ndaienda kugaraji ravo uye ndovakumbira kuti ndirishandise, kutaura kuna makanika. Ndaipinda imomo, ndoti, "Varume, ko mati maponeswa here? Ndakawana chimwe chinhu mumoyo wangu." Ndaienda muzvitoro zvemagirosa

manheru. Ndichidzoka kumba kumatwo kana kumathree o'clock mangwanani, nokuti ndaifambira varwere husiku hwose. Handaigona . . . Ndaizogara pasi, ndoshandura hanzu dzangu ndopfeka hanzu dzokubasa. Uye ndaizogara muchigaro nokuzorora kusvika kwachena, ndosimuka ndoenda. Zvino ndainge ndaonda chaizvo, nokuda kwekutsanya nokunamata, kusvikira ndaitonamata kuti ndipfeke zvisimbi zvepashangu, kuti ndikwire pabango. Ndichiparidza, uye nokuparidza, "Mwari mukuru, Mwari aiva tsitsi, Mwari rudo," kuvanhu.

Zvino, hapanoi, baba vangu vachifa mumaoko angu. Uye vanin'ina vangu vakafa, akafa ini ndakamira papurupiti zasi kukachechi kaduku, kechiPentekosti yavatema, ndichiparidza. Vakauya kuzonditaurira, "Munin'ina wako afira pamugwagwa. Motokari yamurova uye ndokubva afa." Ropa remunin'ina wake richiri kujuja kubva pashati yake, paakauya amutakura kubva pamugwagwa. Mushure mekunge ndamuviga, baba vangu vakabva vafa. Uyezve, heunoi mudzimai wangu avete kunze uko.

165 Zvino ndakaenda, ndokuuya kuno kutabhenakeri. Ndiri ipo pano, pakamira purupiti ino, ndakaudza vanhu, mwedzi mitanhatu zvisaiti zvaitika, "Kuchauya mafashamu emvura. Zvino ndakaona Ngirozi ichitora chimuti, ndokuera, 'Mafiti makumi maviri pamusoro penzira inonzi Spring Street.'"

Sandy Davis nevamwe vakagarapo, vachiseka, vakati, "Aingove mafiti masere kana kuti gumi muna 1884, mukomana. Chii chiri kutaura newe?"

166 Ndikati, "Zvichaitika. Nokuti, ndakaona chimwe chezviratidzo, uye Chakanditaurira izvozvo. Zvino zvichaitika." Uye pane chiratidzo pana Spring Street, nhasi uno, pamafiti makumi maviri nemaviri emvura. Ndakati, "Ndakatyaira igwa ndiri pamusoro petabhenakeri ino." Zvino ndakazviita.

167 Munguva iyoyo, mudzimai wangu akabva arwara. Ndakamunamatira. Uye ndakauya kutabhenakeri, vanhu vakanga vakamira paari nokunyengetera. Ndakati, "Ava kufa."

"Oh, handiti mudzimai wenyu, iyeye."

168 Ndakati, "Ava kufa."

Ini ndakaenda ikoko uye ndokunyengetera nokunyengetera nokunyengetera. Zvino ndaitambanudza maoko angu. Iye mudzimai ndokubata ruoko rwangu. Iye akati, "Billy, ndichasangana newe mangwanani, ndakamira Ipapo." Akati, "Kokorodza vana pamwe chete ugosangana neni paSuwo."

169 Ndakati, "Ingotanga kudaidzira kuti, 'Bill.' Ndichange Ndavepo." Maona? Ipapo akabva ashaya. Ndakamuradzika kuimba inochengeterwa zvitunha.

Ndakaenda kumba, kuti ndinorara. Zvino pandakadaro . . . Billy Paul mudiki akanga achigara naMai Broy nevamwe, achirwara chaizvo. Chiremba akatotarisira kuti aigona kungofa

nenguva ipi zvayo. Ini ndichinyengeterera Billy. Zvino hepanoi Hama Frank vakauya vakandiona. Vakati, "Mwana wako mucheche ave kufa, kasikana kaduku."

170 Ndakaenda kuchipatara. Chiremba Adair havana kunditendera kuti ndipindemo, vakati, "Aive nemenenjaitisi. Mungangozadza Billy Paul." Vakatozoita kuti mukoti andipe zvimwewo zvakaita zvitsvuku, somushonga wekuitisa chiveve, mumwe wekundidzikamisa. Zvino ndakavakumbira kuti vabude imomo, ndakaurasira panze napafafitera. Ndakabuda nomukova weshure, ndokubva ndadzika kukamuri yepazasi.

Heunoi mwana akange avetepo, pamberi pechipatara, muimba yakatsaurwa, nhunzi dzizere pamaziso ake saizvozvo. Ndakatora mumbure weumhutu kutanga, ndokudzipumha, ndokuchiuisa pamusoro pake. Ndakapfugama, ndikati, "Mwari, hevanoi baba vangu nemunin'ina wangu vavete, kunze uko, uye maruva ari pamakuva avo. Heunoi Hope, avete uko. Zvino heunoi mwana wangu, ave kufa. Musamutore, Ishe."

171 Iye akangovhara maketeni pamusoro pangu, sekunge ari kuti, "Nyarara. Handidi kumbokunzwa, kana napaduku pose." Iye haana kana kumboda kutaura neni.

172 Zvino, kana Iye anga asingade kutaura kwandiri, yakanga yava nguva yaSatani. Iye akati, "Asi ndaifunga kuti wakati Iye aiva Mwari wakanaka. Ko chii ichocho chauri kuita ruzha pamusoro pacho? Uchingori mukomana. Tarisa kwose-kwose, muguta mose. Musikana wose nomukomana wose wawakambowadzana naye anofunga kuti wakarasikirwa nepfungwa dzako. Wakarasikirwa nadzo." Zvino, haaigona kundiudza kuti hakuna Mwari, nokuti ini ndakanga ndaZviona kare. Asi akandiudza kuti Iye haana hanyn'a neni.

173 Ndakagara husiku hwose, zuva rose. Ndakati kuna Mwari, "Chiiko chandakaita? Ndiratidzei, Ishe. Musaite kuti vasina mhosva vatambure nokuda kwangu, kana ndakakanganisa." Ndakange ndisingazive kuti Akanga achindiedza. Asi mwanakomana wose anouya kuna Mwari anofanira kuedzwa. Ndakati, "Ndiudzeiwo zvandakaita. Ndichazozvigadzirisa. Ko chiiko chandakaita kunze kwekuparidza mazuva ose, husiku hwose, uye nokuMupa hupenyu hwangu, nguva dzose? Chiiko chandakaita?"

Satani akati, "Ndizvozvo chaizvo. Wazvionaka, zvino, kana zvave zvako, uye iwe wakaudza vanhu vose kuti unotenda kuti Iye mupodzi mukuru, zvino hoyo mwana wako avete apo, ari kufa. Iye ari kutoramba kunyange kukunzwa. Mudzimai wako akafa nemabayo eTB. Iwe ukati Iye anogona kupodza kenza, uye heunoi Uyo. Zvino, iwe unotaura nezvaKe uchiti akanaka, uye nokuti Akanaka sei kuvanhu. Ko iwewe?"

174 Zvino ini ndakatanga kuteerera kwaari. Ndiko kushandisa njere. Ndakafunga, "Izvi ndizvozvo chaizvo."

Akati, "Anokwanisa kutaura. Iye haafanire kuti ataure Shoko. *Kungotarisa* kune mwana wako, uye achararama."

Ndakati, "Ndizvozvo chaizvo."

"Uye nezvose zvawakaMuitira, zvino izvi ndizvo zvaAnoita kwauri."

175 Ndakati, "Ndizvozvo chaizvo." Ndakatanga kufunga. "Zvakanaka, chii?" Maona? Zvinhu zvose zvakatanga kupamuka, kana zviri zvekushandisa njere. Asi, kana zvasvika pane Icho, Ichocho chakasimba. Chakagara ipapo. Ini ndakanga ndava kutoda kugadzirira kuti nditi, "Saka ndava kuzvirega."

Asi zvino pazvakadzika kudzamara masimba ose okushandisa njere apamuka aenda, zvino zvakasvika pane ihwo Hupenyu Husingaperi, iko kuBarwa kutsva. Ko dai Ichocho chakanga chisipo? Ko deno Chakanga chisipo? Hataizenge tichizivana nenzira yatinozivana nayo iye zvino. Chechi ino hayaizenge iri pano sezvairi izvi, zviuru nemamiriyoni pasi rose. Asi, Mwari ngaavongwe, Icho chakanga chiripo.

176 Zvino pandakafunga, "Chii? Ko ini ndinomboriwo aniko, zvanguwo? Ndiri ani, kubvunzurudza iye Mambo mukuru? Ndini ani, kubvunzurudza iye Musiki akandipa ihwo hupenyu hwangu chaihwo pano panyika? Ko mwana uyo ndakamuwana kupi? Ndiyani akamupa kwandiri? Haasi wangu, kunyange zvakadaro. Angomukweretesa kwandiri, kwechinguvana."

Ndakati, "Satani, ibva pandiri." Ndakaenda, ndokuisa ruoko rwangu pamwana. Ndikati, "Mwari vakuropafadze, chido chemwoyo. Mushure mechinguva chiduku, baba vachakudzikisa zasi, vokuisa mumaoko amai. Ngirozi dzichatakura mweya wako muduku. Uye ndichasangana newe mangwanani iwayo."

Ndakati, "Ishe, Imi makandipa mwanasikana uyu. Imi muri kumutora. Kunyangwe Imi mukandiuraya, sokutaura kwakaita Jobho, zvakadaro, ini ndinoKudai uye ndinoKutendai. Kana Mukandiendesa kugehena, ndichangoKudai, zvakadaro. Handikwanise kubva pana izvozvo." Hezvoka kwauri.

Dai zvaingove zvepfungwa, zvingadai zvose zvakapamuka. Asi unofanira kuva noukama hwako pachezvako. Unofanira kuberekwa patsva.

177 Ndicho chikonzero vashumiri vachitsauka, kupomerwa kukuru uye nezvakadaro. Ivo vanoti, "Hapana chinhu chakaita sokupodza kwaMwari. Hapana chinhu chakaita sezvinhu izvi." Havana kumbenge vakasvika pavhu rakayereswa iri, sezvandanga ndichitaura mangwanani ano. Hapana chavanoziva nezvaZvo. Ko vangataure sei kuti ivo vana vaMwari, uye vozoramba Shoko raMwari? Ko unogogona kuzviita sei, kuramba iwo chaiwo Mweya Mutsvene wakakutenga?

178 O, chingorangarira, Jesu akazvininipisa pachaKe, kurufu, nokuda kwako. Akange asiri wenharo. Pavakamupfira mate muhuso hwaKe, haAna kuvapfira achidzosera. Paakadzurwa ndebvu dzaKe, Iye haana kudzura dzavo. PavakaMurova nembama parutivi pechiso chake, nerumwe, Iye haana kuvarova. Akavanamatira, akafamba mberi, akazvininipisa. Aive muenzaniso wekuzvininipisa.

179 Aive akazara nokutenda. Sei? Aiziva kuti maShoko aKe haaigona kukundika. Akanyatsorarama neShoko kusvikira Iye akava Shoko.

O Mwari! Regai ndibate nemaoko angu mairi pana Mwari, pamberi pevungano ino. Regai ndirarame saizvozvo. Itai kuti Shoko iri rinyatsova, kuti ini neShoko iri tive chinhu chimwe chete. Itai kuti mashoko angu ave Shoko iri; itai kuti kurangarira kwemwoyo wangu. Itai kuti Iye ave mumwoyo wangu, mupfungwa dzangu. Sungirai mirawu yaKe pachigwatidziro chenjere dzangu. Isungireyi pachigwatidziro chemwoyo wangu. Itai kuti ini ndingoMuona. Kana muedzo wosimuka, itai kuti ndione Kristu. Kana zvinhu zvichinge zvakanganisika, itai kuti ini ndingoona Iye. Kana ndichinge ndagadzirira, uye muvengi achida kundiita kuti ndigumbuke, itai kuti ndione Jesu. Ko Iye aizoitei?

180 Iye akange ari muShoko zvakanyanya, kudzamara Iye neShoko vakave chinhu chimwe chetecho. Tarisai.

181 Iye akange asingaite zvegakava. Iye aiziva kuti Iye neShoko vaiva chinhu chimwe chete. Iye aiziva kuti Aiva Shoko raMwari rakaratidzwa, uye kuti kuraira kwaMwari kwaizokunda nyika pokupedzisira. Aizviziva izvozvo, Shoko raKe. Iye aiva nokutenda. Iye aiziva paAkanga ari. Haaifanira kuita zvehurukuro, uye woti, "Pano, munogona kuuya *kuno*."

182 Dhiyabhorosi akati, "Zvino, chionaka, iWe unogona kuita zvishamiso. Unoziva kuti iWe une kutenda kukuru. Iwe unokwanisa kuita zvishamiso. NdichaKuvakira chivakwa, chakakura zvakapetwa kaviri pane chaOral Roberts. Nokuti, vanhu vose . . . Chi—chinhu chete chaUnofanira kuita, varatidze. Svetuka kubva pachivakwa ichi pano, ingodzika pasi, nokuti zvakanyorwa, unoona, 'Vatumwa vachaKusimudza, kuti urege kugumbusa rutsoka rwako pabwe.'" Maona?

Aiziva kuti Aive nesimba. Iye aiziva kuti Aigona kuzviita. Aiziva kuti zvaive maAri, asi haAida kuzvishandisa kusvikira Mwari vaMutaurira kuti adaro. Maona? Aida kuti zvive Mwari ari maAri, zvive Shoko munazvose. Uye Aiziva kuti, paAitaura chipi zvacho, rakanga riri Shoko raMwari; uye kunyange matenga nenyika zvichipfuura, asi Shoko nerimwe zuva raizokunda.

183 Akanga asingaiti nharo kana gakava. Aingotaurawo maShoko aMwari chete. Shoko rimwe nerimwe rakabuda kubva pamiromo yaKe raiva Shoko raMwari rakazodzwa.

Hachingava chinhu chinofadza here kana tikakwanisa kuti, "Shoko rangu neShoko raMwari zvimwe chete. Zvandinotaura, Iye anozviremekedza, nokuti hapana chandinoita kusvikira Iye atanga Anditaurira"? O, hoyo muenzaniso wako. Hapanoi apo pane hupenyu hwakakodzerana neEvhangeri.

184 Kwete vaprisita vaya vakanga vakanyatsodzidza uye vakakwenenzverwa, uye vaine varemekedzwa vakuru vose vaya, uye vachimira vachiita minamato mirefu, vachipamba dzimba dzeshirikadzi, uye vachidisa zvigaro zvakakwirira mu—muungano, nezvose zvinhu izvozvo imomo. Ivo vai . . . Ihwohwo hwakanga husiri hupenyu hwakakodzerana neEvhangeri.

Asi iYe akanga akakodzerana neEvhangeri, zvakanyanya, zvokuti Mwari vakati, "Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa, waNdinofara maAri. Munzwei Iye. Shoko raNgu ndiYe. Iye iShoko raNgu. Iye neNi tiri chinhu chimwe."

185 Zivai, tarisai izvi zvino. Iye aiziva kuti Shoko raKe rinofanira kukunda nyika pokupedzisira. Iye aiziva kwaibva Shoko raKe. Aiziva kuti haRaimbogona kukundika, ndicho chikonzero Iye akati, "Zvose matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu harimbofa rakakundika." Maona? Aikwanisa kutaura zvakadaro. Ndiye akanga ari Munhu Wokuti Iye neShoko raMwari vakava chinhu chimwe. Iye akati kwavari . . .

"Munofanira kuita *ichi* ne *icho*."

186 Iye akati, "Ko ndiyaniko angaNdipomera chivi? Ndiyani angaNdipomera mhosva?" *Chivi* "kusatenda." "Kana iNi, nemunwe waMwari, ndichidzinga mweya yakaipa, ko vanakomana venyu vanoidzinga nei?" Maona? Zvakanga zvisiri izvo, naizvozvo zvaifanira kunge zviri zvimwewo. Maona? "Kana Ini . . . "

Ivo vakati, "Zvakanaka, takadzinga mweya yakaipa."

187 Iye akati, "Kana Ndikazviita nemunwe waMwari, Shoko raMwari rakasimbiswa, ko vanakomana venyu vanodzinga nei? Naizvozvo imimi ivai vatongi."

188 Vanhu vemazuva aKe, uye nevanhu vakaMuseka, vakataura pamusoro paKe. Asi, Iye, vakaMuzvidza, nenzira ipi zvayo yavaigona. Vakataura kwaAri pamusoro pemhando dzose dzezvakaipa, zvavaiMupomera, asi Iye akaenderera mberi.

Zvino ndinoda kupfiga nechinguvana chiduku, ndichitaura izvi.

189 Vanhu vemazuva ano iboka revanohuta-huta. Vanhu vezuva rino iboka revanhu revanohuta-huta. Vanotya kutora vimbiso dzaMwari. Varume vemachechi, machechi emasangano, machechi emasangano anotya kutora kupikisa kweGwaro

raMwari rezuva rino. Vanocherechedza. Vanocherechedza kuti zvinhanho zvavo zvechimanjemanje uye neevhangeri ravo rekufadza vanhu ravanoparidza harigone kusangana nezvinodiwa pakupikiswa kwanhasi, sezvimwe chetewo Samsoni akatadza kuzviita muchinhanho chake. Zvakatotora Mwari.

Uye heuno hurongwa hwakazvivimbisa. Ndichasvika kwazviri nechinguvana chiduku.

190 Ndinoda kubata shoko irori, kweminiti. Kunyange vachizviti Makristu, vanotora zvitendwa, zvitendwa zvakagadzirwa nevanhu, kuti zvitsive nzvimbo yeShoko raMwari. Naizvozvo, vanokwanisa kutora chitendwa, nokuti munhu akachigadzira. Asi vanotya kuisa kutenda kwavo kunze uko munaMwari wavanotaura kuti vanomuda. Ndizvozvo chaizvo. Uye mobva mati hupenyu ihwohwo wakakodzerana neEvhangeri? Hazvigoneke, kunyange zvazvo vari nhengo dzechechi. Asi izvozvo hazvina kukodzerana neEvhangeri. Kwete, zvachose.

191 Evhangeri! Jesu akati, "Endai munyika yose muparidzire zvisikwa zvose Evhangeri. Zviratidzo izvi zvichatevera vatendi."

Zvino kana ukaramba izvozvo kuti zvinotevera vatendi, ko ungagova sei nehupenyu. . . Hazvinei, unogona kusambofa wakataura izwi rakaipa, ungachengeta mitemo yose ine gumi, izvozvo hazvina nechimwe chete chekuita nazvo. Nazvino hazvina kufanirana neEvhangeri. Maona? Hazvikwanisike.

Vaprisita vaye vakazvichengetedza, asi zvakadaro vanga vasina kukodzera. Iye akati, "Muri vababa venyu, dhiyabhorosi." Ndiyani aigona kunongedzera munwe wokupomera pane mumwe chete wevarume ivavo? Pakangowanika chinongedzo chimwe chete chemhaka, zvino vaibva vatemwa nemathombo pasina tsitsi. Varume vatsvene! Zvino Jesu akati, "Muri vababa venyu, dhiyabhorosi," apo Evhangeri yakauya ikoko.

192 Kunyangwe vachizviti Makristu, vanoda kubatirira pazvitendwa, zvitendwa zvavo. O! Zvitendwa zvinosimbisa nekuzadzikisa mafungiro evanhu vechimanjemanje vezuva rino. Uye munhu anoda kubudirira muzuva rino, anofanira kuenderana nemafungiro echimanjemanje. Regai nditaure izvi zvakanyatsonaka uye zvakanyatsojeka. Maona? Munhu, kana uchida kubudirira, anotofanira kufambirana nemafungiro echimanjemanje ezuva rino. Izvo. . . Vanofamba, vachiti, "O, haasi chidadiso here? Haafadzi here? Anonyatsomira ipapo akati twasu, uye haambotigarisa mumaminitsi anopfuura gumi namashanu. Uye mufundisi wedu haambogara achititsiura pamusoro pezvinhu izvi."

Anonyadzisa mufundisi iyeye. Murume wese anokwanisa kumira papurupiti uye agotarisa pachivi chezuva rino, zvino agorega kudaidzira achitsiura, pane chimwe chinhu

chakatsveyama nemunhu akadaro. Haana kukodzerana neEvhangeri yaanoti ari kuparidza. Ndizvozvo chaizvo. Saka, nokuita zvakadaro, vanozvipa izvo zvikonzero, vachiti, "Zvino, tarisai, vungano yangu!"

193 Mu—mumwe murume akauya kuno, nguva pfupi yapfuura, kune imwe chechi huru, uye ainyora chimwe chidzidzo. Uye akati, "Ndiri kunyora nezvekupodza kwaMwari." Akati, "Hama Branham, isu tinokudai, musangano redu." Rimwe remasangano makurusa, rimwe gurusa remunyika, kana kuti pasi rose. Zvino akati, "Isu tinokudai, musangano iri." Akanga ari pano paJefferson Villa. Asi, akati, "Ndauya kuzonzwisisa pamusoro pezvekupodza kwaMwari uku." Iye akati, "Pane kukanganiswa kumwe chete bedzi kunowanikwa nechechi yangu." Maona? Iye akati, "Imi munonyanyisa kuwadzana namaPentekosta."

Ini ndikati, "Zvakanaka, zvino, munoziva, ndizvozvo chaizvo." Ndikati, "Ichocho Ichokwadi. Munoziva, ndakagara ndichida chaizvo kuwana mukana wokuti ndisuduruke kubva kwavari." Ndikati, "Ndingakuudzei kuti kudini. Ndinozouyawo kuguta renyu, iwe chiita kuti chechi yenyu inditsigire nemari."

"O," Iye akati, "havakwanise."

Ini ndikati, "Ndizvo zvandakange ndichifunga. Ndizvo zvandakanga ndichifunga."

194 Akati, "Unoona sangano rangu harigone kutsigira izvo." Chikonzero chimwe chete, sekuti, "Ndaroora mudzimai," kana kuti "ndatenga joko renzombe." Handina basa kuti une madhigirii echidoctor akadini, uye kuti unoremekedzwa zvakadini, nesangano rako. Shumiro yakadaro haina kukodzerana neEvhangeri yakanyorwa muBhuku iri. Ndizvozvo.

195 Nhengo ipi zvayo yechechi inotsigirana nezvinhu zvakadaro izvozvo, uye yogozviti Mukristu! Uye yogobuda kunze uko nokurarama. . . Uye madzimai vachidimura bvudzi ravo, uye vachipfeka hanzu dzakanzi neBhaibheri vasapfeka. Varume vachingoenderera mberi nokurarama sezvavari kuita iye zvino, "mufananidzo chete wekunamata," vachitora zvinwiwa zvinodhaka uye vachiputa sharutu, uye nokuroora kakawanda uye vachiita madhikoni echechi kunyange vafundisi, nezvimwe zvakadaro. Zvino vanhu vanotsigirana nezvakadaro, mhando yohupenyu hwakadaro hauna kukodzerana neEvhangeri.

196 Mukadzi anofamba, uye anoenda parunhare achiwawata, makuhwa muchechi, nezvinhu zvakadaro, ihwohwo hausi hupenyu hwakakodzerana neEvhangeri ratiri kuzomiririra. Munhu upi zvake anopamura chechi, uye nokutanga kupesana pakati pevanhu, nezvinhu zvakadaro, haana kukodzerana neEvhangeri yatiri kuparidza. Ndizvozvo chaizvo. "Mufananidzo chete wekunamata, muchiramba simba racho," simba raMwari rinokudzivirira kune zvakadaro.

197 Cherechedzai, zvino, havazviite. Havangozviite. Vane chikonzero, chekuti, chechi yavo haitende maZviri. Vano . . .

Zvakanaka, asi, Jesu anotaura—anotaura kumunhu, manheru ano, kutaura kumwoyo wake uye agoti, "Ndinoda kuti uende, kunoparidza Evhangeri yakazara."

"Chechi yangu haitsigirane naZvo, Ishe. Ndiregereiwo, kana Mukakwanisa. Ndine basa rakanaka. Ndi—ndi—ndi, Munoziva, ndiri mufundisi, mune imwe yechechi hurusa muguta rino, Ishe. O, tinorumbidza Zita reNyu zasi ikoko! Hongu, changamire. Tinonyatsodaro. Handikwanise kudaro." Chikonzero chimwe chete, chinhu chimwe chete. Naizvozvo havauye kumutambo wemabiko epamweya eShoko raKe rakavimbiswa, rakasimbiswa.

198 Ko Jesu haana here kutaura achiti, "Apo pane mutumbi, ndipo panoungana zvapungu"? "Zvapungu," kwete makunguwo, zvino. Zvapungu! Apo pane zvakasviba, uye ne—uye ne—nenyama yakaora, ipapo makunguwo anoungana. Asi pane yakachena, Nyama yakachena, zvapungu zvinoungana. Maona? Zvirokwazvo. Apo pane Shoko, Chikafu chezvapungu, zvinoungana.

199 Naizvozvo havauyi kumabiko epamweya ayo avakakokerwa kwaari. Munotenda here kuti Mwari vakapa America kokero, mumakore gumi nemashanu apfuura, rumutsiriro rukuru, kumabiko apamweya? [Vungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Vakauya here? Kwete, changamire. Kwete, changamire. Zvino, iko kuramba kuuya, ko hupenyu ihwohwo hwakakodzerana here neEvhangeri, kunyange vachizviti vakadaro?

200 Apo murume akauya kwandiri, nguva shoma yapfuura, uye ndokugara patafura, uye ndokuti, "Hama Branham, ndinoda kutambanudza ruoko rwangu napamusoro petafura," murume muremekedzwa mukuru, "ndinoda kukukwazisai noruoko. Ndinokudai." Ndakanga ndiri mune imwe chechi uye ndokumunzwa achiparidza. Akati, "Ndinokudai. Ndinotenda kuti muri muranda waMwari."

Ini ndikati, "Ndatenda, chiremba. Neniwo ndinokudaiwo, zvakare."

Iye ndokuti, "Ndinoda kukuudzai kuti ndinokudai zvakadini, sehama." Uye ndokuti, "Munoona mambokadzi wangu muduku agere pano, mudzimai wangu? Munomuyeuka here?"

Ndakati, "Hongu."

Akati, "Chiremba akamupa mavhiki maviri okuti ararame, arwara nekenza. Uye imi makauya kuguta ndokumunyengeterera. Mukatarisa kudenga, ndokuona chiratidzo. Ndokutarisa kwandiri mukanditaurira, 'ZVANZI NAJEHOVA, mudzimai achapodzwa.'" Dzvanga guru

pamusana wake, rakanyn'ura mukati *sezvizvi*, richiita sechinhu chakakura . . . rakaita sechikamu chezamu remudzimai rakafovera nechemukati, nechepamusana, pabvupa remusana chaipo. Hapasisina kana nevanga panzvimbo paraiva, nhasi uno. Akati, "Heunoi mambokadzi wangu agere pano, vari kurarama nhasi." Akati, "Chii chimwe chinhu chandingaita kunze kwekukudai, nokuda kwokunamata munamato uye wokutenda? Ko ndingatadza sei kungoramba ndichikutendai kuti muri mu—muranda waIshe, apo imi makandiona, uye mukanyatsotaura chaizvo zvaizoitika?" Iye akati, "Zvino ndine imwe nyaya nemi, Hama Branham." Akati, "Ndiri nhengo yeboka gurusa ramaPentekosti riripo."

Ini ndikati, "Hongu, changamire. Izvozvo ndinozviziva."

Iye akati, "Ndakataura nehama, nguva shoma yapfuura, uye vakanditaurira kuti ndisangane nemi, uye kuti ndikuudzei kuti chinhu chinonyadzisa kuti makaenda neshumiro yamakapihwa naMwari iyi kuboka ravanhu vakabva murwizi nenzvimbo dzakadaro."

Ndikati, "Heya ndizvo?"

Akati, "Hongu." Akati, "Mwari vakatumira shumiro iyoyo kuti irove nzvimbo dzine vanhu vakawanda, nzvimbo huru, dzepamusoro-soro."

201 Ini ndakabva ndaona dhiyabhorosi achitotaura ipapo. Ndakafunga, "Hongu. 'Svetukira pasi kubva pagomo iri, uye ratidza, munoziva, kubva pachivakwa ichi.'" Maona? Maona?

Ndakafunga, "Chingomutungamirirai mberi zvishoma." Amai vangu vakwegura vaisitaura kuti, "Ipa mhou tambo yakareba, ichazvisungirira yega."

Ndakati, "Ndizvo nhai?"

"Hongu." Akati, "Zvinhu zvinonyadzisa, matengeroi amunoita?" Akati, "Mumbori chii? Nhasi hamutombokwanisa kuzvitengera zvokudya." Uye ndokuti, "Tarisai pana Oral Roberts nevamwe vavo, vakapinda, uye ndokubuda kunze uko nekachikamu kamwechete kubva muzana keshumiro yamuinayo. Chitarisai muone kwavanosvika."

Ini ndikati, "Hongu. Ndizvozvo." Maona?

Uye iye ndokuti, "Boka rangu richakutorai. Tichakupinzai mukati, se—semumwe we hama dzedu. Vose vachakugamuchirai nechanza chorudyi chekuyanana pamwechete, uye tichahaya ndege, uye tokupai mubhadharo wenyu wemazana mashanu emadhora pavhiki, kana kutopfuura kana muchida. Uye tichakutumirai kumaguta ose makuru emunyika." Izvi zvakaitika muPhoenix chaimo, Arizona, kunorumwe rutivi rwetafura. Uye iye akati, "Zvino tichakubhadharira rako . . ." Akati, "Zvino tichaita kuti nyika izive, nyika dzekunze, uyezve varemekedzwa, vanhu vakuru, ivo vepamusoro-soro . . ." Akati,

"Imi munongogarotaura pamusoro pevanhu vepasi vakaderera. Isu tine vepamusoro-soro." Akati, "Itai kuti vaone ruoko rwaIshe. Zvino ndinozoita kuti vaende nomudzimai wangu, uye navamwe, kuti varatidze kuti zvinhu izvo zvamunotaura zvinoitika."

202 Ndakati, "Hongu, changamire. Chingava chinhu chikuru."

Zvino, onai, murume uyu, ane chinzvimbo cheD.L., L.L.D., munyori wamabhuku, maona, chiremba wezvidzidzo, munyori anogona, murume kwaye. Maona? Akanga asingazive Gwaro.

Makacherechedza here kuti Ngirozi yakaita mabasa emhando yakadaro haina kuenda kuSodhoma? Yakagara neboka rakadanirwa kunze, Abrahama.

Iye haana kunge achizviziva. Ini ndakangomurega akadaro, ndokungogara ipapo zvishoma. Ndaida kunyatsoona kuti muteyo wacho wakanga uri papi. Ndakati, "Zvakanaka, saka ndinofanira kuita sei?"

Akati, "Zvakanaka, Hama Branham, chinhu chete chavakataura . . . Takakurukura pamusoro pazvo, zvinhu zvishomanane, zvinhu zviduku zvamunodzidzisa, kuti izvozvo mongozvitsveta parutivi."

Ini ndikati, "Somuenzaniso, zvekuti kudini, hama?"

"O," akati, "rubhabhatidzo rwenyu, munoziva. Imi munoziva, munobhabhatidza seveoneness, zvakada kudaro." Akati, "Zvinhu zviduku zvakadaro."

Ini ndikati, "O?" Ndakaenderera mberi.

Zvino iye ndokuti, "Zviratidzo zvepakutanga; uye nevaparidzi vechikadzi; uye nezvimwe zviduku zvishoma zvakadaro."

203 Ndakati, "Uh-huh?" Ndakati, "Munoziva, ndiri kushamiswa kuti mumwe muranda waMwari angaudza mumwe muranda waMwari, mushure mekunge wapa ruremekedzo kwandiri, uye ukandidana kuti muporofita, zvakare achiziva kuti Shoko raShe, kana kuti chizaruro cheShoko, chinouya kumuporofita. Uye zvino wosanduka, Chiremba Pope, (hazvipupurire njere dzakanaka dzenyu), zvino motaura nokukumbira, mumwe muranda waMwari, mokumbira mumwe muranda waMwari kuti arerutse pachinhu icho . . . ? . . . chinoreva zvakanyanya kwaari kupfuurira hupenyu pachahwo." Ndakati, "Kwete, changamire, Hama Pope. Handimbofa ndakaita zvakadaro kana napaduku pose. Kwete, changamire."

Chii ichocho? Pane chizenga cheUpenyu hweZiendanakuenda; kurarama kana kufa, kunyange uri munhu mukuru kana usiri munhu mukuru.

204 Ndakapfuura napane imwe nzvimbo, nerimwe zuva . . . Pasina kushora varume vaviri ava. Ndakatarisa pamusoro paya,

uye paiva nemufananidzo mukuru paTulsa, Oklahoma; nzvimbo itsva yaOral Roberts iri kusimuka, chikoro chebhaibheri chekudzidzisa vaparidzi. Ichatora mari yakawanda (Uye ndinoziva Demas Shakarian, Hama Carl Williams, uye nevamwe vari kuboka rematirasitii vacho.) makumi mashanu emamiriyoni emadhora, nechivakwa chemamiriyoni matatu emadhora; mukomana wechiPentekosti, zvikuru uye zvakanaka zvaakaitirwa naMwari.

205 Ndakafunga, "Ini, ndine seminari? Ndinopesana nayo, kubva pokutanga."

206 Uye paiva pakanzi, "Musha unotevera weseminari huru yaOral Roberts." Ndakadzika ndichifamba nemunzira, paiva nechinhu chikuru chemazuva ano. Zvino Oral Roberts, aimbenge ari mukatende kaduku katsaru, ndokubva auya kumusangano wangu kuKansas City, Kansas.

Paiti, "Musha unotevera waTommy Osborne," o, murume, nzvimbo ingangoita mamiriyoni matatu kana mana emadhora iri kusimuka saizvozvo.

Uye apa, Tommy Osborn, mumwe wevarume vakaisvonaka weChikristu. Iye murume chaiye, murume chaiye akatumwa naMwari. Ndakamira mhiri kwemugwagwa; mukomana muduku, anohutahuta, mukomana muduku nemusikana vari mumotokari; vakati mhanyei ndokutenderera, vakabudamo. Ndokuti, "Hama Branham, ndakange ndiripo pandakaona mupengo uye achimhanya. Uye ndakakuonai muchinongedza munwe wenyu muhuso hwake, uye mukati, 'NemuZita raJesu Kristu, buda maari.' Ndakamuona achiwira pasi petsoka dzenyu; mushure mekunge apa chiporofita chake, akati, 'Manheru ano, ndichakurovera pasi pakati peungano ingasvike mazana makumi matanhatu nemashanu evanhu.'" Akati, "Ndakakuonai makamira ipapo, hamuna kumbosimudza izwi renyu, uye mukati, 'NemuZita raShe, nokuti wapikisa Mweya waMwari, manheru ano, uchawira patsoka dzangu.' Iye akati, 'Ndichakutaridza kuti ndichawira patsoka dzaani.'"

207 Zvino ndakati, "Buda kubva maari, Satani." Iye akangowa nenhendashure akabairira tsoka dzangu pasi.

Akati, "Mwari ndiMwari, Hama Branham. Ndizvozvo zvoga." Akati, "Ndakazvivharira mumba kwemazuva mairi kana matatu." Haaite zvokutamba. Anokutaurira pamusoro pazvo. Haanyare nazvo. Akati, "Munofunga kuti ndine chipo chokupodza varwere?"

208 Ndakati, "Kanganwa izvo, Tommy. Iwe wakatumwa kuparidza Evhangeri. Enda, Iparidze. Enda naHama Bosworth ikoko."

209 Ndakatarisa ipapo, uye ndikaona. Ini ndakatangira vose vaviri kupinda mushumiro.

Ndakafunga, "Heunoi Oral Roberts nemichina mazana mashanu, zvokutoti hapana tsamba dzinobatwa nemaoko emunhu; mamiriyoni mana emadhora ari muposvo, gore rakapera." Mamiriyoni mana; chikamu chimwe chete kubva muzvina chemari yose yakawanikwa, muhumambo hweChikristu hwose, pasi pose. Chikamu chimwe chete kubva muzvina muhumambo hwose hweChikristu chakauya kumunhu mumwe chete. Inzvimbo yakadini! Ndakaenda ikoko kunoiona.

210 Uye zvino, zvino, Oral ihama yangu. Ini zvangu! Ndinomuda. Munhu chaiye, murume chaiye, uye ini ndinomuda. Uye anondiremekedza nokundirangarira zvikuru, uye ini ndinomudawo, zvakare. Asi kungoti hatiwirirane pa—paGwaro.

Uye, Tommy Osborn, zvakangofanana. Ndinomuremekedza nokumurangarira zvikuru. Ndiye mumwe wevanhu vakaisvonaka wandati ndambosangana naye, Tommy Osborn.

"Zvino varume ava," ndakafunga, "pandakapinda muhofisi dzavo ndikaona zvavainazvo, ndinofunga kuti ndinganyare kuti ivo vauye, vogoona yangu": katapureta kaduku kamwe chete, uye isu tichiedza kuti tsamba dziende kunze. Uye chinhu chakaita sei! Yakagara kumucheto kwetirera, panguva iyoyo. Ndakafunga, "Zvichava chii izvozvo?"

Ipapo ndakabuda kunze. Ndikafunga, "Zvakanaka, 'Musha unotevera waOral Roberts.' 'Musha unotevera waTommy Osborn.' Mumwe haataudzane nomumwe."

Naizvozvo, ndakadzika nenzira. Ndikafunga, "Ko iniwoka?"

211 Chimwe Chinhu chakati, "Tarisa kudenga."

212 Ndakafunga, "Hongu, Ishe, regai ndirongedze pfuma yangu Kudenga, nokuti ikoko ndiko kune mwoyo wangu." Zvino, handisi kutaura izvi kuti ndinzwise tsitsi. Ndiri kungozvitaura nokuti zvakaitika, uye Mwari vanoziva kuti ichocho ichokwadi. Maona?

213 Pfuma yako iripi? Unoda kuva munhu mukuru akakurumbira? Kana wakadaro, hapana zvauri. Iwe svika pachinhano chokuti haudi kuva munhu mukuru ane mukurumbira. Unoda kuva kamuranda kaduku kaKristu. Ndiyo nzira yokubuda nayo. Ndizvozvo chete.

214 Hama Boze uye nevamwe vari kuumba chechi muChicago. Vakatozopereka ndokupa chechi yePhiladelphia kusangano riya. Zvino vakanga vachitaura nezvekuwana mumwe mukuru ane bhachi rake raka *dai,* ane DD. Ndakati, "Matova munzira yokuparara. Kana muchida kuwana mufudzi chaiye wechechi iyoyo, ingowanai kamutana kaduku kakazvininipisa asingatombokwanisi kana kuverenga zita rake, uye mwoyo wake uchipfuta nemoto wekuda Mwari. Ingotorai munhu iyeye. Ndiye iye wamunoda kutora, mumwe munhu asingazive zvinhu

zvese izvi, mumwe munhu asingatonge nechisimba nokutinha vanhu, uye nekukukandirai muzvikwereti zvakasiyana-siyana, nezvimwe zvose, uye nokungokupai chikafu cheShoko raMwari. Ndiye mhando yemunhu wekutora."

Saka, havadi kuuya kumabiko apamweya. Ndiri kufanira kuchivhara. Ndapfuurira nguva zvino. Mumaminitsi angaite matanhatu, tinenge tava kuparadzana, Ishe vachitendera.

215 Ndiri kunzwa vamwe vachiti, "Asi, Hama Branham, dzorai mashoko pane zvamataura." Muchiti, "Vanhu ava havasi mipengo. Vanhu ava havasi mipengo. Vakangodzidza chete." Vangori mipengo yakadzidza, zvakadaro. Ndizvozvo chaizvo. Hongu. "Havasi vanhu vanopenga. Vanhu vakadzidza."

Zvino ndinoda kukubvunzai mubvunzo. Maona? Munonzwisisa. Zvino ndinoda kukubvunzai mubvunzo. Ndapota tsanangurai zvavanoita nhasi, kana vasiri mipengo. Nditaurirei kuti chii chinovaita kuti vaite zvavanoita, kana vasiri mipengo; maona, munhu wese achirwira sangano rake, kukara. Jesu akanga asina kudaro. Akanga asiri muchimbi-chimbi pamusoro pechinhu chipi zvacho. Maona? Akanga asingakariri pfuma. Aiva muenzaniso wedu.

216 Kuparwa kwemhosva, nyika, nyika yave nekuparwa kwemhosva kwakawanda kupfuura kare. Chii chakanganisika? Vechidiki, nhengo dzechechi, kuparadza hupenyu, varume vachipfura madzimai avo nemhuri, uye vachipisa vana vavo. Uye tarisai masaisai ekuparwa kwemhosva. Zvino moti havapengi? Saka zviri kufamba sei? Chii chavari kumboita?

Nyika dziri kupenga nekuda chisimba chekutonga dzimwe nyika, imwe neimwe ichida kutora dzose. . . dzimwe dzose uye nekudziita mureza mumwe chete, nyika imwe chete, kuti ive mureza wavo nenyika yavo. Kupenga nokukarira chisimba!

217 Kuora kwehunhu netsika, sei, nyika yanyanya kuora iye zvino kupfuura zvayakambova. Madzimai akashama asina kupfeka hanzu mudzinzira, madzimai ari mutwi, zvino voti vane pfungwa dzavo dzakakwana? Havagone kunge vakadaro. Havangambogona kuve vakadaro.

218 Teererai. Pane munhu mumwe chete muBhaibheri akakurura hanzu dzake kubva paari, aiva Regioni. Pfungwa dzake dzakamusiya. Jesu paAkasangana naye akamupa pfungwa dzake chaidzo, iye akazopfeka hanzu dzake. Ndizvozvo.

Chii chinoita kuti mukurure hanzu dzenyu? Dhiyabhorosi. Ndizvozvo chaizvo. Zvino voti havapengi? Tanga kufamba uchidzika nenzira pano, uye tyaira mabhuroko mana ukasaona mudzimai akashama, uye udzoke zvakare unditaurire. Zvakanaka. Zvitsvage.

219 Zvino iwe woti havasi vanhu vanopenga? Zvino chii chanetsa? Havagone kunge vari mupfungwa dzavo chaidzo.

Mudzimai ane pfungwa kwadzo haamboita izvozvo; ane pfungwa dziri nane. Anoziva kuti ari kuzviratidzira. Boka ramadhimoni eruchiva kunze uko, zvakangosviba, tsvina, huchapa, varume vakadhakwa, mhondi, nezvimwe zvose. Unoti . . .

220 Nyika iri kunwa doro rakawanda mazuva ano. Vanoshandisa mari yakawanda padoro, muUnited States, kupfuura yavanoshandisa kutenga zvinhu zvokudya. Ndinofunga i . . . Handicharangarira kuti zvinopetwa kangani muhuwandu hwechikwereti chedoro gore rimwe nerimwe, munyika, kupfuura rakapera racho. Uye kudhakwa nedoro kunokonzera chii? Zvinokuendesa kuchipatara chemapenzi.

221 Kenza. Apo vanachiremba kubva pasi rose vanonyora mumamagazini, uye vachikutaurirai, "Matutu nematutu ekenza." Midzanga yefodya. Vachiisa pamakonzo, uye vachiratidza kuti inokupai kenza mumapapu. Zvikamu makumi manomwe kubva muzana vanotora kenza yemapapu kubva pakuputa midzanga yefodya. Zvino madzimai nevarume ivavo vanonyatsoibhema nekukufuridzira muchiso chako. Zvino kana vasiri mipengo, chii chinozonzi kupenga?

222 Apo, Evhangeri yaJesu Kristu iri kuparidzwa uye nokuratidzwa, uye Mwari weDenga muchinhanho cheShongwe yaKe yeMoto ichisimudzwa pamberi pevanhu nokuratidza kuti Jesu Kristu ave muchikamu chokupedzisera cheKuuya kwaKe, achivapa chiratidzo chokugumisira. Zvino vanoIseka uye nokuInyomba, nekuzviti inhengo dzechechi; zvino vozoti havasi mipengo? Tsanangura izvozvo. Nguva yangu iri kuramba ichienda. Asi chingobvunza kana vasiri mipengo. Zvechokwadi. Mipengo yakadzidza. Ndizvozvo chaizvo. Tsanangura chinhanho chavo. Haukwanise.

223 Vanodimbura vhudzi ravo, vachipfeka hanzu dzomunyika, vachifamba munzira vakadaro. Uye Bhaibheri raMwari rinoyambira pamusoro pazvo, uye rinorambidza mudzimai kuti anamate ane bvudzi rakadimurwa. Uye rinoti murume . . . Uye mudzimai anoita izvozvo. Anozviratidza, pachake, kumurume wake, kuti ane hunhu hwakaipa, pachake, uye iye murume wake ane kodzero yakakwana kumuramba nokumudzinga kubva paari. Ndizvozvo chaizvo. Shoko raMwari richitaura izvozvo, uye madzimai vachinzwa izvozvo, zvino voramba vachigara vaine vhudzi rakadimburwa, nokuzvidana kuti Mukristu. Kana iyeye asiri mupengo, saka mupengo chii? Ndinoda kuti mumwe munhu anditaurire kuti mupengo chii, zvino. Hongu. Ivo mipengo.

224 Vakadzidza zvakakwirira, madhigirii, koreji! Tinoisa nguva yakawanda pakudzidzisa vana vedu, ku—ku algebra nebiology, kupfuura kune dzidziso yeBhaibheri naJesu Kristu. Hapana mwana munyika ino anotadza kukutaurira kuti David Crockett

ndiyani. Hapana chikamu chimwe chete kubva muzvitatu chavo vanokwanisa kukutaurira kuti Jesu Kristu Ndiyani. Zvino, havasi mipengo? Zvirokwazvo, ndizvo zvavari. Tinogona kuenderera mberi nokuenda mberi, pamaitiro avo!

225 Ingorangarirai. Uye machechi anozvitsigira, apo Bhaibheri rinozvitsiura. Ko shumiro ndeyemipengo here? Mipengo yakadzidza. Ndizvozvo chaizvo. Machechi anozvitsigira.

226 Rangarirai Roti. Aiva murume akangwara. Mutarisei, kweminiti zvino. Musa—musa . . . Ngatiregei . . .

Ndiregerereiwo nekupfuurira nguva namaminitsi akati kuti. Izvi zvaka—izvi zvakanyanya kukosha. Zviri kuenda pa . . . Munouya muchizondinzwa ndichigadzira tepi iyi.

227 Tarisai. Tarisai. Ngatimbomirai kweminiti. Namata kwekanguvana, mumwoyo mako, "Ishe, itai kuti ndizvione." Zarura kunzwisisa kwako. Dai Mwari vakazviita. Tarisai pa . . . Chingotora nyika ino, yega. Ngatitaurei zvakataurwa naMwari.

228 Bhaibheri rakataura, kuti, "Zvivi zveSodhoma zvakanganisa mweya wakarurama waRoti zuva nezuva." Akanga asina hushingi hwekutaura achizvitsiura. Ndizvozvo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Iye akanga asingazvigone, nokuti akanga ari meya weguta. Akanga asingagone. Asi Bhaibheri rakataura, kuti, "Zvivi zve—zvevanhu vemuSodhoma zvakakanganisa mweya wake." Aiziva kuti zvakanga zvakaipa, asi akanga asina hushingi hwekuzviita, kumira achizvipikisa.

229 Zvino tarisai. Ndivana Roti vangani muAmerica, nezuro, vachiverenga Bhaibheri ravo, kugadzirira mharidzo yavo yezuva, vosangana nenyaya yorubhabhatidzo nemuZita raJesu Kristu? Vangani vavo vakasangana nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene? "Jesu Kristu mumwe chete zuro, nanhasi, uye nekusingaperi"? Mariko 16, "Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda"? Johane 14:12, "Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaaitawo"? "Kana makagara maNdiri, uye Mashoko aNgu achigara mamuri, kumbirai chamunoda uye chichaitwa"? Ndivana Roti vangani vakaona Izvozvo? Asi, nekuda kwezvikonzero zvavo, zvesangano ravo! Iyo . . . Vakatarisa kunze vakaona muBhaibheri.

230 Tarisai vungano dzavo dzevakadzi vakagera bvudzi, uye vachiziva kuti Bhaibheri rinozvitsiura. Tarisai vachidzika nenzira, kunhengo dzavo dzechechi vachidzika nenzira, vakapfeka zvikabudura, ivo vachiziva kuti Shoko rinopesana nazvo. Asi havana kushinga kwekuzvitsiura. Asi, hazvo, murume iyeye achizviti Mukristu, mweya uri mukati make uri kuchema uchizvipikisa, asi haana hushingi. Kana izvozvo zvisiri Sodhoma yechimanjemanje, zvino iri kupi?

Mwari, tipeiwo munhu anochema achidaidzira achizvitsiura. Ndizvozvo chaizvo. Sezvakataurwa naJohane muBhabhatidzi

achiti, “Demo raiswa pamudzi wemuti.” Ndizvo zvatinoda nhasi.

231 Tarisai. VaSodhoma vechimanjemanje. Rangarirai. Maona? Nyika yose yava Sodhoma neGomora rechimanjemanje. Roti zvakare achirarama achienderera mberi. Kwete . . . Achirarama zvakare, asi kupikiswa kwake kwakatendeka kunomuudza maererano neShoko kuti ari kukanganisa.

232 Tarisa muChicago, Chicago huru, apo vaparidzi mazana matatu vakagarapo. Uye Ishe vakandiudza izvo zvavaizoita manheru iwayo. Vakanga vandiisira muteyo. Ini, ndokuenda ikoko. Ndakaenda ndikanoudza Hama Carlson. Ndikati, “Hamusi kuzowana nzvimbo muhotera iyoyo. Muchatofanira kuwana imwe nzvimbo, uye ichange iri kamuri yegreen. Zvino vakandigadzirira muteyo, havana kudaro here, Hama Carlson?” Vakaisa musoro pasi.

Vakanga vagerepo muhofisi yangu, mazuva mashoma apfuura, vachida kuti ndiuye, kumusangano wekuChicago. Vakati, “Handife ndakakanganwa izvozvo, Hama Branham.”

Uye ndakati, “Vane muteyo wavandigadzirira. Seizve, Hama Carlson? Ko munotya here kundiudza chikonzero, imi naTommy Hicks?” Vakadonhedza misoro yavo. Ndikati, “Tommy, ko wadii kuenda wanotaura?”

Akati, “Handikwanisi kuzviita.”

Ndikati, “Ndaifunga kuti makati munogona kundiitira zvandinenge ndichida.”

233 Ndakati, “Nezuro manheru Ishe vakandiudza. Muchadzika zasi ikoko nhasi, uye muchazoona kuti hamusi kuzowana kamuri yemba iyoyo. Muchazoenda kune imwe kamuri yechimwewo chivakwa. Chiremba Mead vachange vakagara nechepadivi *iri.* Murume uya wechitema, ane mudzimai wake, anoimba, achange akagara apo *chaipo*, nevamwe vakadaro, apo pavaizenge vakagara vose.” Ndikati, “Pachange paine muprisita wechiBhudha ipapo.” Uye ndikati, “Zvino zvitsvagei. Vari kundipikisa nokuti ndinoparidza rubhabhatidzo rwemumvura nemuZita raIshe wedu Jesu Kristu. Vari kundipikisa nokuti ndinoparidza mbeu yenyoka; uye ndinopesana nechiratidzo, chokuti, munhu wose anotaura nendimi ane Mweya Mutsvene, nezvakadaro.” Ndikati, “Chidzikai muuye mugoona Mwari.”

234 Vakasvika ipapo, ndokudzikako, zvino maawa mairi kubva ipapo, kana kupfuura, imwe nguva masikati iwayo, vakafonera Hama Carlson. Uye ivo ndokuti, “Muchinda akanga akavimbisa kuvapa imba iyoyo, ndokubhadhara rubatso rwekubatira pairi, akati, ‘Tiri kufanira kukanzura, nokuti maneja ati akanga atoivimbisa kune rimwe bhendi pahusiku ihwohwo, kana kuti mangwanani iwayo.’” Naizvozvo vakazotadza kuwana imba iyoyo.

235 Zvino takazoenda kuTown and Country. Uye mangwanani iwayo patakapindamo, ndokumira imomo, uye—uye Hama Carlson vakati, "Pane chinhu chimwe chete. Imi hama munogona henyu kunge muchipesana neHama Branham, asi," vakati, "havatye kutaura zvavanotenda." Vakati, "Ivo vakandiudza kuti zvinhu izvi zvichaitika nenzira chaiyo yazviri." Vakati, "Zvino hevanoi vari pano. Regai vazvitaurire vega."

236 Ndakatora ruGwaro, "Handina kusateerera chiratidzo chokudenga," sezvo Pauro akataura. Ndikati, "Makandirongera nyaya iyi, nokuda kwerubhabhatidzo mumvura nemuZita raJesu Kristu. Vanhu venyu vanopfuura mazana matatu mazvizivisa savanaChiremba *Nhingi-nhingi, na*Chiremba *Nhingi-nhingi*." Ndikati, "Ini handina kudzidza zvekupfuura grade seven. Asi ndinopikisa murume upi zvake ari pano kuti huya neBhaibheri rako ugomira pano parutivi rwangu, uye ugoramba rimwe remaShoko akataurwa."

Munazvo patepi kunze uko, kana imi muchida kunzwa nezvazvo. Rakava boka ravanhu rakanyararisa chaizvo rawati wakambonzwa. Ndakati, "Ko zvaita sei?" Arimo here muno, manheru ano, akanga ari mumusangano wemangwanani? Ngandionei muchisimudza ruoko rwenyu. Hongu. Zvakanaka, chokwadi, tarisai kwose-kwose.

Ndakati, "Zvino, kana musingagone kuzvitsigira, saka chibvai kumashure kwangu." Ndizvozvo. Vanoita ruzha rwakawanda, pavanenge vari necheseri. Asi kana zvava zvekutarisana chiso nechiso panyaya yacho, zvasiyana. Ndizvozvo chaizvo. Ndezve . . . Varume ivavo vakabva vabuda.

237 Tommy Hicks akati, "Ndiri kuda matepi iwayo mazana matatu, kuti nditumire kumuparidzi wose wandinoziva anonyepedzera nezvavamwari vatatu."

Varume ivavo vachindibata chishanu, vakati, "Tichauya ikoko kutabhenakeri uye tigobhabhatidzwa patsva."

Vari kupi? Zvikonzero. "Handikwanise kuzviita. Sangano rangu harindibvumire kuzviita. Ndawana mudzimai. Ndatenga nzombe yejoko, kana kuti joko renzombe, waro. Nda—ndatenga munda. Ndinofanira kuutarisa." Maona? Zvimwe zvinhu zvakadaro, zvakaita, sezvikonzero. Ndizvozvo here? [Vungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ko hupenyu hwakadaro hwakakodzerana neEvhangeri here? ["Kwete."]

Kana Evhangeri riri rechokwadi, ngatitengesei zvose zvatinazvo uye tigoRiraramira. Iva Mukristu. Hongu, changamire. Ameni. Cherechedzai zvino, patave kuvhara.

238 Asi zvikonzero zvavo ndizvo zvitendwa zvavo nemasangano avo.

Zvakaita semuti. Ndakanga ndakatarisa Hama Banks, nerimwe zuva. Ndakanga ndiine mu—muti womupaini, ndakaudyara pandakatamirapo pokutanga, zvingaite, o, zvingaite kuda makore gumi namashanu apfuura, kana kupfuura. Uye ndakaita kuti muzambiringa, mapazi awo akurire achienda pamuti womupaini, uye hataikwanisa kuisa muchina wokuchekesa huswa pasi ipapo. Uye pakanga pasina katsuri kehuswa, zvakadaro. Zvino ndakabudako, ndokutora saha ndokucheka ndichidimbura mapazi, kusvikira mupaini uyu wave kumusoro *uko,* zvokuti wainge wave kukwanisa kufamba pasi pawo nemuchina wokuchekesa huswa. Zvino huswa hwakanakisa hwava kuonekwa pasi pawo zvino. Chaiva chii? Mbeu yakanga iripo. Yaifanira kuwana chiedza.

239 Uye kana bedzi sangano, chikonzero chako, richiedza kuisa mumvuri paMbeu iyo yaunonyatsoziva kuti ivete ipapo, uri kuita chikamu chaRoti. Rasira kure zvinhu izvozvo, uye ingotendera Chiedza cheEvhangeri kuti chivheneke ipapo, simba raJesu Kristu. Hongu. Ukavhara Chiedza kuti chisavhenekere ipapo, zvinozoita kuti isararame. Nokuti, kana Chiedza chikangosvika pairi, inotungira kuHupenyu.

Ndicho chikonzero vanhu vachiti, "Usaende kumisangano yakadai." Vanotya kuti chimwe Chiedza chinozorova mumwe wenhengo dzavo.

240 Rangarirai mudzimai wepatsime. Akanga ari chipfeve.

Hapanoi painge pakamira vaprisita vaya. Vakaona Jesu achiudza Natanaeri, "Ndakuona, pawanga uri pasi pemuonde."

Uye muprisita akati, "NdiBherizaburi. Muvuki. Ndidhiyabhorosi."

241 Kamukadzi kaduku aka, paakafamba ipapo, ari muchinhanho chake chekushaya hunhu, achirarama nevarume vatanhatu. Uye paakafamba ipapo ari muchinhanho ichocho, muchinhanho ichocho chaaive. Zvino Jesu akati, "Ndipewo mvura." Hurukuro yakatanga. Akati, "Enda unotora murume wako ugouya pano."

Akati, "Handina murume."

Akati, "Wataura chokwadi. Watova nevashanu, uye uyo wauri kugara naye, haasi murume wako."

Mukadzi akati, "Ndinoona kuti Muri muporofita, Changamire. Ndinoziva kuti Mhesiya achaita izvozvi kana Achinge auya."

Jesu akati, "Ndini Iye."

242 Izvozvo zvakazvipedza. Apo Chiedza ichocho pachakavheneka paMbeu iyoyo yakanga iri mukachipfeve kaduku kaya, mazuva okupfeva akanga apera. Akabva apinda munzira, achirumbidza Mwari, achiti, "Huyai, muone Murume Uyo anditaurira zvinhu zvandakaita. Haaziye Mhesiya

here?" Chaiva chii? Chiedza chakasvika paMbeu iya yaiva yakafushirwa pasi pemumvuri wechipfeve. Hongu, changamire.

Zvino ngatichivharai, tichitaura izvi. Handizivi kuti ndasarirwa nemapeji mangani, asi ndi—ndine chokwadi chokuti handingambopedze ose. Angangosvika gumi, asi ndangobata rimwe rehafu. Asi regai tivhare, tichitaura izvi.

243 Regai tienzanise chimwe chinhu, pane imwe nguva, chehupenyu hwainge hwakakodzerana. Ngatienzanisei hupenyu hwaMutsvene Pauro kune jaya mupfumi. Chiedza chimwe chete chakavheneka pavarume vose vari vaviri. Vose vaviri vakawana kokero imwe chete kubva kunaJesu Kristu. Ndizvozvoka? [Vungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Vose vari vaviri vakanga vakadzidziswa mumaGwaro. Vose vari vaviri vaive vadzidzi vebhaibheri. Rangarirai, Jesu akataurira—taurira jaya mupfumi, "Chengetedza mirayiro."

244 Akati, "Ndakazviita izvozvo, kubva pahuduku hwangu."

Akange ari munhu akadzidziswa. Zvimwe chetezvo naMutsvene Pauro. Vose vaviri vakanga vakanyatsodzidziswa mumaGwaro. Asi, vose vakanga vaine Shoko. Mumwe wavo akanga aiNaro kubva muzivo; mumwe wavo akanga aine chizenga cheHupenyu maari. Apo Chiedza ichocho pachakavhenekapo, pamberi paPauro, iye akati, "Ishe, ko Ndimi Aniko?"

Akati, "Ndini Jesu."

"Ndiri pano, naizvozvo." Akanga agadzirira.

245 Chiedza chakarova varume vose vari vaviri. Mumwe chete akange aine chizenga chohupenyu; mumwe akange asina. Ndizvo zvazviri nhasi: chechi yepamweya, chechi yepanyama.

246 Mupfumi akange ane chikonzero chake. Haaigona kuzviita. Akanga akangoremerwa neshamwari dzakawandisa dzemunyika. Akanga asingade kuregedza kuwadzana navo.

Ndizvo zvakanganisika pane vanhu vakawanda nhasi. Unofunga kuti, nokuti uri nhengo yeimwe kirabhu yesangano, haukwanise kusiya boka iroro. "Vose vanonwa nezvimwewo zvakadaro. Vanoita *izvi*." Zvakanakawo, enderera pamwe chete nazvo; hapana chakaipa pakirabhu resangano, hapana chakaipa pachechi. Ndiri kutaura nezvako iwewe. Maona? Hongu. Maona? Hapana chakaipa pazviri. Nokuti, zvimwe zvacho zvitanhatu, zvimwe zvacho ihafu yedhazeni. Ndichangobva mukukuudzai kuti chechi hapana zvairi kusiya kwekungova kirabhu resangano, sangano, kana vachiramba Shoko raMwari.

247 Cherechedzai. Murume mupfumi waiva nezvikonzero zvake. Haana kusiya chapupu chake, kunyange zvakadaro. Tinozoona kuti akaenda kunoita zvamabhizimisi zvikuru. Aiva neruzivo. Uye akaenda akanosvika panzvimbo yokuti akawanza pfuma yake chaizvo, kusvikira akatovaka matura

matsva okuti aise zvinhu zvake imomo. Uye paakafa; uye mumwe nyanjere, ane kora yakapindurwa, akaparidza parufu rwake, pasina kupokana. Uye paakadaro, anogona kunge akati . . . Vakaderedza mireza zvishoma, uye ndokuti, "Hama yedu inodikanwa, meya weguta rino, iye zvino ave mumaoko aSamasimba, nokuti anga ari nhengo huru yechechi. Iye akaita *zvakati-nezvokuti*, uye *zvakat*i."

Zvino Bhaibheri rakati, "Mugehena akasimudza meso ake, ari mukutambudzika." Maona?

248 Uye rangarira, akanga achiri kuyedza kubatirira pachinzvimbo chebasa rake mugehena. Akaona Razaro, ari pachipfuva chaAbrahama, uye iye akati, "Baba Abrahama, tumirai Razaro zasi kuno." Achiri kungomudana kuti "baba." Maona?

Akatora zivo yake, ndokuenda kuchechi yepfungwa. Chiedza pachakamuvhenekera, iye akaChiramba.

Kana asiri iwo maitiro echimanjemanje echechi nhasi, ini handiazivi. Hazvina basa kuti Mwari vavhenekei panzira yavo, Shongwe yeMoto kana chingava chii; vachiri, nezivo yavo, vanongowana nzira yokuZvitsanangura, uye vanoenda kuboka revanoshandisa pfungwa, kuitira chimiro munharaunda dzavari.

249 Asi Pauro akanga aine kuremekedzwa pachimiro chemagariro munharaunda nechekare, aine zivo huru, ari mudzidzi mukuru pasi paGamarieri, musimboti kumuprisita mukuru, kudzamara akaenda kuvaprisita ndokuwana rayiro yokupinza vose vaumburuki vatsvene mutirongo. Asi apo Chiedza chakavheneka panzira yake, uye akaona Shongwe yeMoto imwe chete yakatungamirira Israeri nemurenje kuti yaiva Jesu Kristu, akasiya zvose zvaakambenge aziva. Iye akabva abukira kuHupenyu.

250 Ko ungati here hupenyu hwemurume mupfumi uya hupenyu hwakakodzerana neEvhangeri raakanzwa? Kunyange akanga ari mutendi, ko angadana mhando yehupenyu ihwohwo . . . Pakati pevanoshandisa njere nezvekufadza vanhu, husiku huya pamusoro paya nechepa . . . zuva parakadzika, vachiita mhemberero, uye dzimwe nguva mumwe muprisita achiisa munamato, apo pamusoro ipapo. Uye akanga aine zvekufadza nekuvaraidza vanhu, zvino mupemhi akanga avete pasuwo rake zasi ikoko. Iye ndokupa mhemberero yake, ndokutaura pamusoro pekutenda kukuru kwaaive nako munaMwari. Zvino zuva risati rabuda, mangwanani akatevera, zuva risati rabuda, akange atove mugehena. Ndizvozvo chaizvo. Ndivo vanhu venyu vepfungwa.

251 Asi Pauro, Chiedza pachakamuvhenekera, ngatienzanisei hupenyu hwake tione kuti hwakakodzerana here. Chii chakaitika? Apo, Pauro, Chiedza pachakamuvhenekera, akasiya

zivo yake yose ndokubva pane boka iroro rezvepfungwa, uye ndokufamba ari muMweya waJesu Kristu. Mwari ngaVarumbidzwe! Nokungwara kwaaive nako, haana kumboshandisa mazwi makuru.

Paakasvika pakati pevaKorinte, akati, "Handina kuuya kwamuri nehuchenjeri hwevanhu. Handina kuuya kwamuri nemashoko makuru, nokuti maizoisa kutenda kwenyu munaizvozvo. Asi ndakauya kwamuri nounyoro, nemusimba rokumuka kwaJesu Kristu, kuti kutenda kwenyu kuve munaizvozvo." Ndihwoka hupenyu. Chihutarisai.

252 Haana kumboshandisa dzidzo yake. Haana kumbofamba neboka revekushandisa pfungwa. Akafamba ari muMweya waKristu, akazvininipisa, achiteerera kuShoko raMwari, apo paRaipesana zvikuru nezvitendwa zvavo. Asi Pauro akaona Chiedza uye ndokufamba maChiri (ndizvozvoka?), achitendera Hupenyu hwaKristu huchiratidza Jesu Kristu kuchizvarwa chaairarama machiri, kuitira kuti vanhu vakwanise kuona Mweya waMwari maari.

Zvino vakazvininipisa vakazvitenda, zvakanyanya, kudzamara vakanga vachitoda kuunza machira. Vaitora kubva pamutumbi wake. Uye vaizvitenda, zvakanyanya, kuti iye mumirariri chaiye waJesu Kristu, kudzamara, chese chaaibata, vaitenda kuti, chakaropafadzwa. Hongu. Aiva munhu akaita sei, akapira hupenyu hwake, pfuma yake, uye nezvose zvaaiva nazvo! Dzidzo yake; ndokukanganwa zvose, kuti afambidzane nevaredzi vehove, uye nevapemhi nemarombe emumugwagwa, kuitira kuti zviedza zvake zviratidze rudo rwaJesu Kristu.

Iye akati, "Ini ndakarohwa kumusana, shamhu makumi mana nepfumbamwe; musandinetsa." Zvakarewo akati, "Ndine mavanga aJesu Kristu pamutumbi wangu." Muchinda muduku anonzwisa urombo ari muchinhanho chakaipisisa zvakadaro, akati, "Ndakatakura pamutumbi wangu mavanga aJesu Kristu." Mutsauko wakadini pane muremekedzwa mukuru uyu ane vaprisita vose vakamukomberedza.

253 Uye paakange ari kuRoma, uye pasina aimira naye. Zvino vakauya vachivaka chitara, chokuti vashandise kudimura musoro wake, kunze uko. Ipapo ndipo pazvakazorehwa. O, ini zvangu! Akati, "Ndakachengeterwa korona, iyo Ishe, Mutongi Wakarurama yaachandipa neZuva irero; ndisirini ndoga, asi naavo vanoda kuonekwa kwaKe." Ndihwo hupenyu hwakakodzerana neEvhangeri, kana kuti, mwanakomana.

254 Akamiririra Kristu. Akatendera Evhangeri kuti rizviratidze nemaari. Asati adaro, akaenda kunodzidza Evhangeri. Akadzika kuArabia akagarako makore matatu, uye ndokutora Testamende Yakare. Uye ndokutaridza, neTestamende Yakare, kuti Iye aiva Jesu Kristu. Uye akaItendera kuti izviratidze nemaari, kuboka revanhu vakazvininipisa. Kuti, iye, pa . . . Iye akati, "Ndinoziva

zvekuva nedumbu rakazara nokuguta, uye ndinoziva kuva nenzara uye nokushaiwa."

Murume aive nedzidzo seyake, uye semudzidzi saiye, akamira pa . . . negwaro redzidzo kubva kuna Gamarieri, mumwe wevadzidzisi vakurusa vaivepo muzuva iroro, uye akamira pedyo nepedyo nomuprisita mukuru. Hama, aigona kunge akakosha mamiriyoni emadhora uye aine zvivakwa zvakasiyana-siyana. Ndizvozvo chaizvo. Asi iye akati, "Ini . . . "

255 Akange asina zvokupfeka zvakawanda kunze kwejasi rimwe chete. Zvino Dhemasi akaona murume akanga aine shumiro yakadaro! Timoti weChipiri, chitsauko 3, akati, "Dhemasi wakandisiya, uye nevarume vamwe vose, achida nyika yazvino." Akati, "Kana wouya, ndiunzire jasi randakasiya ikoko. Kwave kutonhora." Murume ane shumiro yakadaro, asi aingove nejasi rimwe chete? Mwari ngaVarumbidzwe!

256 Zvinondirangaridza Mutsvene Martini, paakanga achiedza kumiririra Evhangeri, uye nezvose, asati aponeswa. Mu—muPre-Nicene, kana kuti Nicaea council, *Nicaea Fathers,* munhoroondo. Nerimwe zuva, akange achipfuura napasuwo ipapo. Aibva kuTours, kuFrance. Uye paiva nevanhu . . . Uye rimwewo rombe rivete ipapo, rava kufa, risina zvipfeko. Zvino vanhu vakapfuura, vaigona kunge vakamupa zvipfeko, zvino havana kuzviita. Vakamupfuura uye vakafuratira mutana uyu. Uye Mutsvene Martini akamira ipapo ndokumutarisa. Vanoti aka . . .

257 Muuto wese akanga aine—akanga aine munhu anochengeta shangu dzake dzichipenya. Zvino aiporisha shangu dzomuranda wake.

Zvino akakumura jasi rake, ndokutora banga akaricheka, napakati, muzvidimbu zviviri, nemunondo wake. Ndokufukidza rombe riya naro, akati, "Tose tiri vaviri tinogona kurarama."

Akaenda kumba ndokunovata. Arerepo, achifunga kuti mutana uya akachema. Pakarepo, chimwe Chinhu chakamumutsa. Akatarisa. Chakamira mumba imomo, ipapo pakanga pakamira Jesu Kristu akapfeka chidimbu chehanzu yaakanga afukidza rombe riya naro. Akati, "Sezvawakaitira mudukusa wava duku ava, wakazviitira kwaNdiri." Ndihwo hupenyu wakakodzerana neEvhangeri. Munoziva kuti akasimbisa sei hupenyu hwake, zvakarewo, hamudaro here?

258 Tarisai Polycarp, akamiririra Zita raJesu murubhabhatidzo, achipesana nechechi yeRoma Katorike. Uye vakamupisira padanda; vakapamura chitara chokugezera ndokumupisa. Tarisai Irenio, nevamwe vose, vakatambudzwa nokuda kwechitendero ichi. Ndihwo hupenyu hwakakodzera.

259 Tarisai zvakataurwa naPauro muBhuku ravaHebheru, chitsauko 11. Akati, "Vakachekwa nesaha, vakapamurwa; vachidzungaira, vakapfeka matehwe amakwai nembudzi, uye

vari mugwenga, vasina chinhu nezvakadaro; hupenyu hwekuti nyika ino haina kukodzera." Hepoka apo. Hupenyu ihwohwo hwakakodzera Evhangeri. Ko hwangu nehwako huchamira sei neZuva roKutongwa, nemhando yevanhu vakadaro?

260 Chitarisai Pauro zvino. Ticharamba tichidzika. Akamiririra Evhangeri, akarega Jesu achinyatsoyerera nemaari. Zvisinei kuti zvakadini, chii, zvisinei kuti ndiani anofungei pamusoro pazvo. Apo, muprisita mukuru, sei, iye akaenda akagurwa musoro wake, nokuda kwaCho. Akange ari mumiriririri akakodzera weEvhangeri. Akatendera . . . Tarisai ipapo. Zvisina basa kuti vanhu vaifungei, akatendera masimba eHupenyu hwaZiendanakuenda kuti huyerere nemaari, kudzamara akati, "Ndingada hangu kuti nditukwe kubva kuna Kristu, nokuda kwehama dzangu."

Zvino munoziva zvamunoita kana muchinge mawana Hupenyu Husingaperi. Ndipo pane mubvunzo wenyu. Ndipo pane mhinduro yenyu. Unotora rutivi rwekushandisa pfungwa; kana kuti, kutora divi *Iri*, kana uine chaizvo-chaizvo Hupenyu Husingaperi. Ndizvo zvinoitika.

261 Ndizvo zvakaitika. Pauro, akagadzirira kutukwa kubva pana Kristu, kuti atendere vanhu vake . . . Vanhu mapofu, vakanga vasingazive chinhu vakanga vasingade kuteerera kuEvhangeri yake!

Ndinofunga kuti, kunyadziswa pandiri. Ndakanga ndatogadzirira kusiya vanhu vangu, nokuti vakanga vasingateerere kwandiri. Ndinonzwa kuda kutendeuka. Uye ndakatendeuka. Maona?

262 Cherechedzai. Zvisinei kuti vamwe vanhu vanofungei, mhando yehupenyu uhwu hwakakodzerana neEvhangeri.

Zvino ndava kuvhara.

263 Murume mupfumi uya, sevazhinji vedu nhasi, akafuratira uye ndokuramba Shoko roHupenyu, uye ndokuva nhengo yechechi; ndokuratidza hupenyu, hwakaratidzwa muBhaibheri, kuti hwakanga husingakodzere Evhangeri yaakakumbira kuti agamuchire. Ndizvozvo here? [Vungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ko Evhangeri ingagona sei kuvheneka nemuchiedza chakadzimaidzwa saizvozvo, huchiramba simba raMwari?

264 Zvino, nzira chete yokurarama hupenyu hwakakodzera, kutendera Kristu neShoko raKe (zvinova izvo, Iye iShoko) Richinyatsozviratidza zvakanyatsokwana nemauri kudzamara Mwari vasimbisa zvaVakataura muShoko. Nokuti, Kristu akafa kuti Iye azvipe Iye pamberi paMwari, seChibairo. Zvino Chakadzoka zvakare muchimiro cheMweya Mutsvene, kuti Azviratidze ari muvanhu vaKe, kuenderera mberi nebasa raKe; Achizviratidza nemauri, kuzadzikisa Shoko raKe raakavimbisa mumazuva ano okumberi.

Sekunzwa kwakaita Johane muBhabhatidzi, paakanzwa Kristu achiuya. Uye Kristu akafamba achipinda mumvura. Uye Johane akati, "Hero Gwayana raMwari."

Hapana mumwe akaChiona. Asi iye akaChiona, icho Chiedza chichidzika chichibva Kudenga, senjiva. Uye neIzwi richiti, "Uyu ndiYe Mwanakomana wangu Uyo wandinofarira kugara maari." AkaChiona chichiuya.

Uye Jesu akafamba achipinda mumvura, Emanueri, pamberi pe—pemuparidzi aifanira kunge akakasharara. Akafamba achipinda mumvura, pamberi pevanhu, uye ndokuti, "Ndinoda kubhabhatidzwa newe."

265 Johane akati, "Ishe, ini ndinoda kuti ndibhabhatidzwe neMi. Ko Imi munouya kwandiri sei?" Maziso avaviri akasanganidzana, muporofita naMwari wake. Ameni. Ko manga . . . Ini . . . Ko ini handingadai ndakada here kumira ndotarisa izvozvo? Ndichiona maziso anorevesa, akadzika nechemukati aJohane achisvinura uye agosangana nemaziso anorevesa, akadzika nechemukati aJesu; vari hama nehama, panyama.

266 Jesu akati, "Johane, chirega hako zvino zvive saizvozvo zvino, nokuti zvakafanira. Tiri Shoko renguva ino. Zvakafanira kuti tizadzise kururama kwose."

267 Johane akafunga, "Hongu, Iye ndiye Chibairo. Chibairo chinofanira kugezwa Chisati chapiriswa." Zvino akati, "Chiuyai." Uye ndokuMubhabhatidza. Ameni. Nemamwe mashoko, "Zvakafanira kuti tizadzise kururama kwose."

Jesu, achiziva kuti murume uyu anga akatendeka, akati, "Hakuna kumbova nomunhu akaberekwa nomudzimai, akaita saiye. Iye unopfuura kwazvo muporofita; kana mukagona kuzvigamuchira, uyu anopfuura kwazvo muporofita." Uye Jesu, achinyatsotarisa mumwoyo wake, uye achiziva izvozvo. Hama yake chaiyo yakasangana naYe ipapo, chiso-kuchiso.

268 Johane akati, "Ishe, ndini ndinofanira kubhabhatidzwa neMi. Ko Munouya kwandiri seyi?"

269 Akati, "Chirega hako zvakadaro, Johane. Asi, rangarira, zvakafanira kuti tizadzise zvose izvo Mwari vakavimbisa. Uye ini Ndiri Chibayiro. Ndinofanira kushambwa ndisati ndapiriswa." Oh, ini zvangu! Zvangu!

270 Uye, nhasi, apo Zviedza zvamanheru zviri kuvheneka, zvapasisina munhu wokuti kana aine pfungwa dzakakwana angatadze kutaura kuti; mudzidzi upi zvake weBhaibheri, akatarisa muBhaibheri, anoziva kuti rino izuva rokupedzisira. Naizvozvo, zvakafanira kuti tiwe kubva pamadziro makuru aya, kana kuti tibve pane zvinhu izvi, uye tigopinda mukururama kwaJesu Kristu muzuva rino rokupedzisira, uye tigotora

Chisimbiso chaMwari tisati tapihwa munembo wechikara nadhiyabhorosi. Oh, ini zvangu. Hongu.

271 Nyengetera kuna Mwari kuti atendere Chiedza chezuva ranhasi chisimuke mauri, kuti uve muranda anoteerera kunaMwari. Uye ugorega muchero weMweya kuti ugare muhupenyu hwako. Zvino ihwohwo ndihwo hupenyu hwakakodzerana neEvhangeri.

272 Regai nditaure izvi, mukuvhara. Nzira chete, nzira chete yokuti ukwanise kurarama hupenyu hwakakodzerana neEvhangeri, ndeyekuti utendere Evhangeri paChayo, rimwe nerimwe reEvhangeri, kuuya mauri uye nokuratidza vimbiso dzaKe zvakare, dzoita kuti dzisimbiswe. Tendera Mwari kuti vararame mauri, kusimbisa vimbiso dzezuva rino.

Sezvo Johane, sezvo Jesu akati kuna Johane, "Chirega hako zvino, Johane. Ndizvozvo chaizvo. Asi isu ndisu vatumwa vezuva rino, uye tinofanira kuzadzikisa kururama kwose."

Uye kana isu tiri Makristu anhasi, ngatigamuchireyi Jesu Kristu mumwoyo yedu. Uye Iye iShoko. Musarambe chikamu chipi chaRo. Itii, "IChokwadi." Uye Riise mumwoyo wako, wotarisa muchero weMweya pamusoro pako, uye nekuzadzikisa vimbiso yose yaAkapa muBhaibheri. Mwari vanoda kuzadzikisa Shoko raVo, uye haVana mamwe maoko kunze kweangu neako. Havana mamwe maziso kunze kweangu neako. Havana rurimi kunze kwerwangu nerwako. "Ndini Muzambiringa. Imi muri matavi." Matavi ndiwo anobereka michero. Muzambiringa unopa simba kudavi. Ndihwo hupenyu hwakakodzera.

273 Munamato wangu ndeuyu, kune avo vari kunzwa pamaredhiyo kana mu. . . munyika dzematepi, uye neavo vari pano. Deno Mwari wenyasha dzose, weDenga, avhenekera Mweya waKe Mutsvene wakaropafadzwa pamusoro pedu tose, kuti isu, kubva manheru ano, zvichienda mberi, tikwanise kurarama hupenyu uhwo Mwari hwaangati, "Ndinofara nahwo. Pinda mumifaro yaZiendanakuenda yawakagadzirirwa kubva kumavambo enyika." Dai Mwari woKudenga vatumira maropafadzo Avo pamuri mose imi vanhu.

274 Ndinonamata kuti Mwari vacharopafadza imi madzimai, manheru ano, vane bvudzi pfupi, nenzira yokuti muchaona, uye mugobva pamaitiro echimanjemanje anhasi, uye mugocherechedza kuti Bhaibheri rakati hamufanire kudaro. Uye kana muine mhaka yokupfeka hanzu dzinonyadzisa, kuti Mwari voKudenga vaise nyasha dzaVo mumwoyo mako, kuti hauchafa wakazviita zvakare, kuti hauchafa wakava nemhosva yechinhu chakadaro zvakare. Dai Mweya Mutsvene wangozvizarura kwauri nokukuratidza. Dai imi, musina rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. . .

275 Dai imi varume mune madzimai enyu, uye munovarega vachitonga dzimba nokukutungamirirai-tungamirirai, dai

Mwari weKudenga akupayi nyasha dzekuisa rutsoka rwenyu pasi nokudzosera mudzimai iyeye kupfungwa dzake dzakanaka zvakare, hongu, uye nekucherechedza kuti ndiyo nzvimbo yako munaKristu. Kwete mudzvanyiriri, zvino, asi ndiwe musoro wemba. Rangarirai, mudzimai haasi kana pakusikwa kwepakutanga. Angori chinhu chakagadzirwa kubva pauri, akapihwa naMwari, kwauri, kuti akubatsire, kuchengeta hanzu dzako dzakachena nokugadzira zvokudya zvako, nezvakadaro. Haasi mutongi wako anokudzvanyirira.

276 Imi vakadzi vomuAmerica munomhanya-mhanya muine gaba rependi pachiso chenyu, uye mhino iri mudenga (sokunge kukanaya, ungangonyn'ura), uye ugofunga kuti wakaita somutongi ane chisimba. Uri izvozvo, kune kasisi, asi kwete mwanakomana chaiye waMwari. Ndizvozvo.

277 Dai Mwari vakakupai imi varume nyasha, sevanakomana vaMwari, kurega zvisina maturo zvakadaro. Ndizvozvo chaizvo. Dai Vakakupai nyasha, kurasa pasi midzanga yefodya iyo, morega kuteerera jee rinonyadzisira, nezvose zvisina maturo. Ngativei vanakomana vaMwari, kuti tikwanise kufamba hupenyu hwakakodzerana neEvhangeri.

Uye mumwe munhu anofamba achidzika nenzira, achiti, "Kana pakambova neMukristu, heunoi uyo ari kufamba apo. Heunoi uyo mumwe uyo Mwari Vanongozviratidza nemaari, iye murume iyeye Mukristu chaiye, kana pakambova noMukristu. Unogona kufunga kuti anoratidzika sewechinyakare. Mudzimai kwaye chaiye." Hezvoka izvo.

278 Iva Mukristu ane mbiri yechapupu chakanaka, nokuti tiri vayeni pano. Uno hausi Musha wedu. Musha wedu uri Kumusoro. Tiri vanakomana nevanasikana vaMambo, vaMambo *mukuru*. Ngatiitei kuti hupenyu hwedu huve hu—hupenyu hunopupurirwa zvakanaka. Ngatiitei kuti tirarame hupenyu hucharemekedza chinhu ichocho chatinoti ndizvo zvatiri, Mukristu. Uye kana usingagone kurarama hupenyu hwakadaro, zvino chiregedza kudaidzwa kuti Mukristu, nokuti uri kungounza kushorwa paChitendero.

279 Ndinokutendai, vanhu, manheru ari kupisa aya, makagara muno. Ndinotenda kuti hapangazovi nomumwe chete wenyu achazorasika, paZuva iroro. Ndi—ndi—ndinovimba kuti iwe neni, pamwe chete, tichawana nyasha pamberi paMwari, kuti ndichagona kuramba ndakamiririra chinhu chiri cheChokwadi, ndisingakurwadzisei, asi ndisingaiti zvekunyengererana nemi. Maona? Kana ndikadaro, handaizova mhando yakanaka yababa, kana ndichingoregedzera vana vangu vachiita zvese-zvese. Ndinovaranga. Rudo rwose rwunoita izvozvo. Rudo runovaranga. Ndinorangarira uchindinyorera tsamba iya, zuva riya, Pat. Ndichiinayo. Uye rudo runoranga. Bhaibheri rakadaro.

Zvino kana zvisiri izvo, ndicho chikonzero Mwari vachitiranga. Ivo vanotida.

280 Dai tikararama hupenyu, kubva iye zvino zvichienda mberi, hwakakodzera, hune kutapira nekuzvibata. Usateerere zvokuti, oti, "Zvakanaka, Mwari ngaaropafadzwe, ndinoziva anaWo. Akataura nendimi. Akatamba muMweya." Izvozvo zvakanaka. Asi kana asina muchero weMweya, Mweya haumo imomo. Ari kungotevedzera imwe mhando yemaitiro, kana chimwe chinhu, nokuti Mweya Mutsvene unokwanisa chete kurarama hupenyu hwemuchero weMweya. Ndiyo nzira chete yaAnogona kuita.

281 Mwari vakuropafadzei. Ngatikotamisei misoro yedu, kwekanguvana chete.

Dai . . . Mwari, akavheneka Chiedza chaKe muzuva rino rokupedzisira, Icho chiri apo pamberi pangu, cheBhaibheri raKe; uye nemufananidzo weNgirozi idzi, Chiedza ichi chisinganzwisisike chakaita sepiramidhi, zvekuti vanhu vesainzi havamboziva kuti Chakauya sei pano. Havakwanise kuZvitsanangura. Asi, Baba, isu tinotenda. Makatiudza, mwedzi yakati zvisati zvaitika, uye isu tinotenda kwaMuri.

282 Dai vanhu, avo vanodaidzwa neZita reNyu, vatiza kubva pachivi, manheru ano, Ishe, kusatenda. Dai, se . . . Ndati taurei zvakakasharara ndichitsiura hanzvadzi dzedu, kwete kuti handivadi, Ishe, asi handidi kuti ndione dhiyabhorosi achivatenderedza kusvikira vawira pasi vachifa, rimwe ramazuva ano, uye vogoedza kusangana neMi vari muchinhanho chakadaro, mushure mekunge vanzwa Zvokwadi yaMwari, sezvizvi. Ngavanzwe kuti vane mungava kwavari, kuti vaende kunonzvera maGwaro, uye voona kuti ndizvozvo here. Vopfugama namabvi avo zvino, nokuperera, uye vogoti, "Mwari, ichi iChokwadi here?" Zvino izvozvo ndizvo zvoga zvinenge zvakafanira, Ishe, kana vachizenge vachitendeka pamusoro pazvo, nokuti Shoko reNyu iZvokwadi.

283 Vanhu vagara. Vazhinji vavo, dzimwe nguva, vanga vaine zvinhu zvinovarwadza. Asi Mweya waMwari wataura kwavari, uye vagara vakapfava ndokuteerera. Nguva iri kupera. Nguva yapera munguva dzemanheru, uye nguva yaperawo munguva yatiri kurarama mairi. Zuva riri kudoka. Nyika iri kutonhora. Mwari, rima richasvika nenguva isipi, uye zvino Kuuya kwaIshe, kuzobvuta Chechi yaKe. Tinokutendai zvakadini nokuda kweiZvi, Ishe!

284 Tinonyengetera zvino kuti Muchiropafadza munhu wose ari muHupo Hwenyu. Munhu wose anonzwa tepi ino, Ishe, munyika dzepasi rose, dai vakabva pazvitendwa zvakare nezvakadaro, uye vogouya nekushumira Mwari mupenyu, vogouya vozodyara pfuma maZviri, vogoita samambokadzi weZasi. Akauya, zvikamutorera mwedzi mitatu kuti asvike kwainge kuine murume aimiririra Jesu Kristu, kana kuti

Mwari weKudenga; Soromoni. Jesu akati, "Mambokadzi akabva kunzvimbo dzekumucheto wenyika, kuti anzwe huchenjeri hwaSoromoni, uye tarirai mukuru pana Soromoni ari pano." Uye tinoziva kuti "mukuru pana Soromoni" ari pano, Mweya Mutsvene mukuru pachaKe ari pano, achishanda ari muvanhu. TinoKutendai zvakadini nokuda kwezvizvi, Baba. Ndinonamatira chiropafadzo zvino.

285 Ropafadzai mufudzi wedu anodikanwa, Hama Neville. Ishe, sezvandi—sezvandinovatarisa uye ndofunga nekushingairira kwavo kwerudo, mwoyo wavo unongosvetuka. Ndinovada. Kuvatarisa ivo vachitarira pane mudzimai wavo uye nevana vavo vaduku, ndi—ndinonamata, Mwari, kuti Imi muvasimbise. Vapei kushinga. Varopafadzei kwamakore akawanda, mamwe akawanda ekushumira, mumunda uyu wegohwo guru watiri mauri.

286 Ropafadzai hama dzose idzi dzinoparidza vagere muno manheru ano. Vazhinji vavo vaenzi vabva kune dzimwe nzvimbo. Ndinonamata kuti Mugova navo ikoko, Junie neHama Ruddell, uye varume avo vakakosha vari muchechi vane hukama nechechi ino pano, vakamira vakabata Chiedza cheEvhangeri munzvimbo dzakasiyana-siyana dzemaguta akatikomberedza, zveChiedza chimwe chetecho, vachiChirwira. NdinoKutendai nekuda kwevarume ivavo, Ishe. Vakurudzirei. Uye vapei nyasha dzokumira vakatarisana nemiedzo mikuru nezvinhu zvinouya panyika kuedza Makristu ose.

287 Poresai vanorwara nevanotambudzwa, Ishe. Ivai nesu muvhiki riri kuuya zvino. Tipeiwo kushinga. Dai tuzvidzidzo, tuduku twakapamuka tweSunday school yanhasi twarega kubva pamwoyo wavo. Dai vakafungisisa, masikati nousiku. Goverai maropafadzo aya, Baba. NemuZita raJesu Kristu, ndazvikumbira. Ameni.

288 MunoMuda here? [Vungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] MunoZvitenda here? ["Ameni."] Ngatiimbei rumbo rwedu rwakanaka zvakare, "NdinoMuda, ndinoMuda," apo tichibatana pamwe chete. Ko Hanzvadzi Ungren varipi? Vari pano here, mumwe chete wavo, kana hanzvadzi yakamboridza piyano, mumwe chete wemadzimai anga ari pano? Handimuone. Hongu, hevanoi vari pano, mudzimai ari pano apa. Ndizvozvo.

289 Ndanga ndichida, manheru ano, noruremekedzo rwose, asi handina kuona Hama Ungren. Ndanga ndichida kuti vandiimbire, manheru ano, *Muri Mukuru!* Ndinofunga kuti hama yaenda kumba. Maona? Ndanzwa rwiyo irworwo mangwanani ano, uye ini ndanyatsofarira izvozvo. Ini zvangu, oh, ini zvangu! Zvanyatsorira mumwoyo mangu. Uye nda—nda—ndanga ndichida kuti ndivanzwe vachiimba *Muri Mukuru!*

290 Zvino ngatichiimba *NdinoMuda*, munhu wose, pamwe chete. Zvino chingovharai maziso enyu. Uye ngatitarisei kwaAri zvino,

toti, "Ishe, kana pachiine zvenyama mandiri, zvibvisei, iye zvino. Zvibvisei." Uye imi, muri kunze, muri kunzwa tepi ino, pamunonzwa rwiyo urwu, imbai pamwe chete nesu, ipapo, imomo muchigaro chako pawakagara.

Kana paine icho, kana wapomerwa neShoko, kana usingafunge kuti IShoko, nzvera maGwaro, uone kuti ndiZvo here. Zvakafanira iwe kuti udaro. Zvinoreva Hupenyu kana rufu.

Zvino patiri kuimba rwiyo urwu, kana paine zvenyama muhupenyu hwako, haungasimudze ruoko rwako here, uri muchigaro chako. Ita kuti vana vako nemudzimai wako vasimudze maoko avo, nevadikanwa vako vakakukomberedza. Imbai *NdinoMuda,* uye ipai hupenyu hwenyu kwaAri. Itai kuti, "Ndichenesei, Ishe, kubva pane zvakaipa zvose."

Patiri kuimba zvino, tisimukei.

NdinoMuda, ndi . . .

Ishe Jesu, ndinonyengetera kuti Muporese vanhu, avo vachapfeka machira aya. Ndinoaropafadza, nemuZita raJesu Kristu. Ameni.

Uye ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

291 Zvino, muchiropafadzo chikuru ichi! Ingorambai muchirwuridza, hanzvadzi. Ingovharai maziso enyu mugofunga, kweminiti zvino. Ngatinamatei, mumwoyo yedu, "Ishe Jesu, ndinzvereiwo. Ko ndinonyatsakuKudai here? Imi Makati, 'Kana uchiNdida, uchachengeta zvirevo Zvangu. Kana uchiNdida, uchachengeta Shoko raNgu.'" Uye mumwoyo wako, iti, "Ishe, regai ndichengete Shoko reNyu. Regai ndiRivanze mumwoyo mangu, kuti ndirege kumbofa ndakaKutadzirai, ndiko, kusatenda chipi nechipi chaMakataura."

292 Zvino apo tiri kuimba *NdinoMuda,* ngatikwazisaneyi nemaoko nemumwe munhu ari pedyo nesu. Ingonanavira, uti, "Mwari vakuropafadzei, hama, kana hanzvadzi." Murunyararo chairwo zvino.

"Ndi . . ." Mwari vakuropafadzei, hama. "Ndi . . ." Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi yangu. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. "Uye ndokute-. . ." Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi yangu. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. " . . .-ti wekarivhari."

293 Zvino ngatisimudzei maoko edu Kwaari.

Ndi—NdinoMuda
Nokuti . . .

Pane chimwe chinhuzve, here, chamungada kuita? Mungada kuti tionekedzane.

. . . imi
Uye ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

294 MunoMuda? [Vungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] HaAshamisi here? ["Ameni."] Ndinonyengeterera mumwe nemumwe wenyu, vana. Zvingandinakirei kuti ndimire ipo pano uye nokutaura zvinhu izvi kana ini, mumwoyo mangu, ndisingafunge kuti zvaizokubatsirayi? Apo, ini ndakaneta ndakarukutika. Handichatokwanisa kuramba ndakamira pano. Tsoka dzangu dziri kurwadza. Uye shangu dzangu, ndamira madziri kudzamara ndadikitira ndiri madziri, nezvose, kudzamara tsoka dzangu dzatota. Uye ndanyatsoneta! Handichisiri wechidiki, zvachose. Uye ndakaparidza mharidzo dzaitora maawa matatu kana mana, uye nokunyengeterera varwere, uye ndichienderera mberi masikati nousiku. Ko ndingagomirirei pano, ndichizviita?

Munoziva, makore ose makumi matatu aya, dai zvaive zvemukurumbira, ndakazvifuratira izvozvo. Munoziva kuti handitore mari. Munozviziva izvozvo. Handina. Ndakambokuudzai chipi zvacho nemuZita raIshe kunze kwezvakangoitika chete here? Munoziva kuti ndizvozvo.

Ndinokudai. Rudo rwaMwari rwuri mumwoyo mangu pamusoro pomumwe nomumwe wenyu. Ndinoshuwira kuti dai ndai. . . Ndinoshuwira kuti dai ndaigona kumira pamberi paMwari, uye ndigoti, "Mwari, dai—dai—dai ndavabatsira. Dai—dai ndaita *izvi*." Handigone kuzviita. Munhu mumwe nomumwe anofanira kuzvimiririra. Maona?

295 Ndi—ndi—ndinotenda kuti tose tichaenda kudenga zvino, nerimwe remazuva ano. Uye zvikaitika kuti tavata nguva iyi isati yasvika, ndabviswa kubva pakati penyu, rangarirai, ini ndichasangana nemi Ikoko. Ndinoziva kuti nzvimbo iyi Iriko. Izvo zviratidzo chaizvo zvaakakutaurirai zvose, zviri zvakakwana, zvakangozadzikiswa sokungotaura kwaAkaita. Hapana mumwe chete, pamakore ose aya, anokwanisa kutaura pano kuti ndakambokutaurirai chinhu chaifanira kuitika asi kutoti zvakatoitika. Pasi rose, rinozviziva izvozvo. Hamuna kumbozviona papuratifomu, asi zvakataurira munhu wose Chokwadi chaicho. Maona? Zvakagara zvakadaro. Mwari mumwe chete iyeye akaita kuti nditarise seri kweketani renguva. Ndakavaona madzimai nevarume vachiwisa maoko avo pandiri uye vachindimbundira, vakati, "Oh, Hama Branham."

296 Ini—ini handisi kukwanisa kugara pasi. Saka, kana ndakaneta, ndinongoenda, zvakadaro. Musana wangu uri kundirwadza. Uye ini, mazuva ose. . . Ndine—ndine—ndine makore makumi mashanu nemana okuzvarwa. Munoziva, unowana kamwe kakurwadza zuva nezuva.

Munamato wangu ndewekuti, "Mwari, ndibatanidzei pamwe chete. Ndibatanidzei pamwe chete, kuti ndiparidze Shoko, ndigomira paZvokwadi iyoyo, kudzamara ndaona mukomana wangu, Joseph, akura zvakafanira, uye akazadzwa neMweya Mutsvene; ndinogona kutora Bhaibheri rekare iri rakwegura, ndoRiisa muruoko rwake, ndigoti, 'Mwanakomana, Ritakure kusvikira kumagumo ehupenyu hwako. Usamborerutsa paRiri.'"

297 Ndaimbofunga kuti pamwe Billy achazoparidza Evhangeri. Mwari havana kumbomudana.

Asi ndinotenda, kuti Joseph, kunyange zvake ari kakomana kakaomarara, ndinotenda kuti Mwari vakamudana. Ndicho chikonzero vechidiki havanyatsowirirana naye, iye mutungamiriri. Uye ini—ini—ini ndinoziva kuti Mwari vakamudana. Ndinoda kumudzidzisa munzira yeShoko, nzira yeShoko raIshe, kuti asasiye Shoko iroro. Ndinoda kuzviita, ini ndoga, kana Mwari vakanditendera. Uye kana ndakwegura uye ndogara shure, nokumuona apo, akamira papurupiti, oti, "Evhangeri imwe chete, iyo yakamiririrwa nababa vangu. Vagere apo, vakwegura uye vakarukutika, manheru ano. Asi ndinoda kutora nzvimbo yavo uye nokupinda mushangu dzavo, ndomira ipapo."

298 Zvino ini ndichatarisa kumusoro, ndigoti, "Ishe, chiregai muranda weNyu aende norugare." Ndizvo zvandinoda kuona, chaizvo chaizvo. Kusvikira nguva iyoyo yasvika . . .

299 Ko ndikazosimuka pane chimwe chizvarwa? Handikwanise. Ndinofanira kuuya nechizvarwa chino. Ndinofanira kumira nemi. Ndimi vandinofanira kumiririra, ndigopindurira pamberi paMwari, pamusoro peEvhangeri yandaiparidza. Munofunga kuti ndingamira pano uye ndigoedza kukutenderedzai, kubva kune Chimwe chandaifunga kuti ndechechokwadi? Ndainge ndichitokukurudzirai kuZviita. Asi ndinoziva kuti, kana zvisiri izvo, ndinoda kuti ndikubuditseyi kubva mazviri, kuti mupinde mune zvechokwadi. Chokwadi, kubva pamwoyo wangu, Mwari vanondipupurira, ndinokudai, mumwe nemumwe, nerudo chairwo rwaMwari, rweChikristu. Mwari vakuropafadzei. Ndinamatirei.

300 Handizive kuti ramangwana rangu rakatakura zvipi, asi ndinoziva Uyo akabata ramangwana rangu, naizvozvo ndinozorora muna izvozvo.

301 Ndinodzorera iyo, purupiti ino kumurume uyo wandiine ruvimbo rwapamusoro-soro naye, semuranda waJesu Kristu, mufudzi wedu, Hama Neville.

Ko Hupenyu Hwako Hwakakodzerana Here NeEvhangeri? SHO63-0630E
(Is Your Life Worthy Of The Gospel?)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, 30 Chikumi, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2016 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org